12+

7

2013



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

МАХ ДУГ

7

2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

НОМЫРЫ ИС:

СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан. **Æмхъæуккæгтæ.** Роман. Кæрон 5

БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ: 75 АЗЫ

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег. **Зынг æмæ æртхутæг.** Æмдзæвгæтæ 57

ГАДЖИТЫ Илас. **Мард бæхы дæндæгтæ.** Радзырд 64

СКЪОДТАТИ Эльбрус. **Цард нæйиес нæресгæй лæдæрæн.** Æмдзæвгитæ 70

ДЗУЦЦАТЫ Къоста. **Чындзæмбал.** Этюд 79

СКИФИРОН: 75 АЗЫ

СКИФИРОН. **Рухсы уидæгтæ.** Æмдзæвгæтæ 81

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

ДЗЕСТЫ Куыдзæг. **Фыццаг хæрзæггурæггаг фæуæг** 89

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 94

НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

КУЫДЗОЙТЫ Барис. **Цопанты сауджын** 102

ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

Советон фысджыты стыр хæс 111

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

БАРАХЪТЫ Гино. **Новеллæтæ** 119

АРВИСТОН 134

ТÆФÆРФÆС

Баситы Михал 143

СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан

ÆМХЪÆУККÆГТÆ

*Роман**

* * *

Ныййарджыты æмбырдтæм фылдæр цыдысты скъоладзауты мадæлтæ. Таймуразы та фæндыд, лæппутæн сæ фыдæлтимæ дæр куы ‘мбæлид, уый. Уыдонимæ йын æнцондæр уыд хъомылады фарстатыл дзурын.

Уæлдай æхсызгон дæр ын вæйиы хатгай Мухтаримæ фембæлын. Йæ бинойнаг Фузæ куы фæзиан, уæд уый баззади æртæ ‘нахъом фыртимæ. Сæ хистæр Тасолтан ахуыр кодта Таймуразмæ, кæстæртæ та цыдысты райдайæн кълæстæм. Сыхæгтæ Мухтаræн дзырдтой, ус ракур æмæ дын фенцондæр уа, зæгъгæ, фæлæ никæмæ хъуыста.

– Мæхæдæг уал сын мад дæр уыдзынæн æмæ фыд дæр, – уыдис-иу йæ иугæндзон дзуапп.

«Æвæццæгæн тæрсы, цы сылгоймаг æм æрцæуа, уый йын йæ цотæн хорз куы нæ уа, уымæй? – ахæм хатдзæгмæ æрцыдысты сыхæгтæ дæр æмæ йæ йæхи бар ныуагътой.

Таймураз дис кодта, Мухтар йæ лæппуты куыд сыгъдæг æмæ аивæй æрвиты скъоламæ, ууыл. Ахуыры дæр уыдон уыдысты раззагдæртимæ. Уынджы цæугæ дæр иумæ кодтой.

* Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-аг, 3-аг, 4-æм æмæ 6-æм номырты.

Звеноводæй куыста, афтæмæй Мухтар фæсауюнмæ каст фæци хъæууонхæдзарадон институты агрономон факультет. Стæй йын рæстæгæй-рæстæгмæ районы газет мыхуыр кодта йæ уацхъуыдтæ æмæ æмдзæвгæтæ, уæдæ диссаджы дæсны уыд шахмæттæй дæр. Искæимæ хъазы, зæгъгæ, уæд-иу йе ‘ртæ фырты æнæмæнг йæ фарсмæ æрлæууыдысты æмæ-иу æнхъæлмæ кастысты, сæ фыд та кæд рамбулдзæн, уымæ. Фæлæ, дам, иу хатт Мухтар æнæнхъæлæджы фæхæрд ис, горæтæй сæм уазæгуаты чи ‘рцыд, ахæм лæгæн. Æмæ, дам, læппутæ æмхуызонæй ныккуыдтой æмæ мидæггаг уатмæ лидзæг фесты.

– Цæмæй дæ дæ цот уарзой, уый тыххæй хъуамæ семæ уай æргомдзырд æмæ æргомзæрдæ, ахуыр сæ кæнай дæхи уагæй ирон æгъдау æмæ ирон фарныл, – арæх-иу дзырдта Мухтар ныйййарджытæн æмбырдты.

Уый зонгæ уыд педагогон литературæимæ дæр: касти Ушинский æмæ Макаренкойы чингуытæ. Скъолайы ‘нцой у ахæм адæймаг.

Никуы уыд Таймураз æнхъæл, æмæ ахуыргæнæджы куыст афтæ тынг бауарзæн, сывæллæттæ йын афтæ зынаргъ кæй суыдзысты, уый. «Хорз уыдис, аспирантурæмæ кæй нæ бацыдтæн», – ныр афтæ хъуыды кодта...

Мухтар Сафиаты курынмæ хъавы, зæгъгæ, хъæуыл айхъуыст. Таймуразы нæ бауырныдта, «Сафиат æгæр хъæддых адæймаг у, стæй æнæуи дæр, æртæ сывæллоны кæмæн ис, ахæммæ куыд смой кæндзæн?» – тыхстис йæхинымæр.

Фæлæ хабар æцæг рауад: Мухтар Сафиатмæ йæ минæвæртты барвыста, æмæ сын уый разыйы дзуапп радта...

– Мæ læппутæ, фыд цы у, уый бамбæрстой, ныр та сын хъуамæ хорз мад фæуа, – фæзмыдтой адæм Мухтары ныхæстæ.

Ахуыргæнджытæ арфæтæ кодтой Сафиатæн. Уый сæм хъуыста сæркъулæй, фæлæ йæ цæсгомы æууæлтыл бæрæг уыд, сæ арфæтæ йын æхсызгон кæй сты.

Мырзабег ма йæ «мæ кæддæры ахуырдзау», зæгъгæ, йæ хъæбысы дæр акодта, æмæ Сафиатæн йæ цæстытæ доны разылдысты...

Хуыздæр ын цы балæвар кæной, ууыл бирæ радзур-бадзур кодтой: чи сынтæг загъта, чи сервиз, чи гауыз. Фæстагмæ æппæт дæр сразы сты сынтæгыл æмæ йын се ‘хсæн æхца ‘мбырд кæнын райдыдтой. Чындзхастмæ ма цалдæр боны куы баззад, уæд

Таймураз æмæ Андрей Сергеевич Хуымæллæджы дуканийæ ‘рбаластой хъулджын сынтæг æмæ уал æй скъолайы фæскъуым тыхтæй сæвæрдтой.

– Тагъд нæ хъуамæ дæуæн дæр исты лæвар æлхæнын бахъæуа, – хъазгæйæ Таймуразæн дзырдта завуч. Æз дын минæварæн мæхæдæг ацæудзынæн.

Таймураз йæхинымæр ахъуыды кодта: «Заретæйы хуызæн чызгыл куы сæмбæлин, уæд æй тæккæ райсом дæр ракурин...»

Никæй фæуырны, адæймагæн тагъд аивæн кæй ис, уый. Фæлæ Сафиат чындзы ацыды фæстæ цæстуынгæйæ фендæрхуызон: бæлвырд фæхъæлдзæгдæр, фæлмæнтæ дзурын райдыдта, ахуыргæнджытæн се’ппæтимæ дæр схæлар, суанг ма бакастæй дæр фæдзæбæхдæр.

– Уарзондзинады кæлæнтæ сты уыдон! Дуне уарзондзинадыл лæууы! – дзырдта Мырзабег.

Сафиат Мухтары цоты хуыдта «нæ лæппутæ».

– Кæстæр уал мæ «мама» хонын райдыдта, – иубон раппæлыд уый, æмæ æвиппайды йæ зæрдæ æрбауынгæг.

Æцæгдæр æфсымæртæ, Сафиатмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, скъолайы раз фæлæууынц – сæхимæ иумæ ацæуой... Тасолтан ыниу йæ хызын райста æмæ-иу сæрбæрзондæй цыдис иннæты разæй – уыдон-иу сæхи хæстæгдæр дардтой Сафиатмæ, сæ фадыварц иухуызон куыд уайа, ууыл архайгæйæ.

Амонджынтæм кæсын – зæрдæйы сой...

Бадинæ нырма нæ уадзы Таймуразы йæ фыдæн афтид ингæныл цырт ныссадзын. «Кæд æгас у, уæд та? – афæрсы уый йæ фырты. – Кæд, мыййаг, æндæр бæстæм афтыд?» Æмæ йын чъиритæ хæлар нæ, фæлæ кувгæ фæкæны. «Æз æй мæ фынты алы хатт дæр æгасæй фенын», – фæзæгъы Таймуразæн.

Уый та нæ уырны, йæ фыд ма æгас у, уый, фæлæ йæ мады ныхмæ сдзурын йæ бон нæу. «Уадз æмæ йæм фыццагау æнхъæлмæ кæса», – фæдзуры йæхицæн.

Таймуразы зæрдыл арæх æрлæууы, Болатимæ куыд фæхыл, уый: кæд, дам, дæ фыд немыцмæ балыгъд, уæд та, зæгъгæ, йын куы загъта, уæд. Чысыл ма бахъæуа, æмæ йæ институтæй дæр ма ратæрой...

Болат сæхимæ арæх æруайы. Æмæ кæддæриддæр вæййы хъуыддагхуыз, сыхæгтæй салам дæр никæмæн фæзæгъы, семæ аныхас кæна, уый та – аба-бау!

Болат айфыццаг скъоламæ бацыд æмæ уайтагъд къæлидормæ бахизæны фæскомцæдисон секретары хъæры бын фæкодта:

– Парти æмæ фæтæджы домæнтæ афойнадыл цæуылнæ æххæст кæныс? Ныры онг ме стъолыл, фæскомцæдисонтæй скъолайы фæстæ колхозы кусгæйæ чи баззайдзæн, уыдоны номхыгъд цæуылнæ ис? Иннæбонмæ дын фæстаг æмгъуыд!

Изæрæй Таймураз скъолайæ сæхимæ куы æрыздæхт, уæд Бадинæйæн радзырдта, Болат йæхи куыд дары, уый.

– Стæй, цымæ, йæ фыдимæ иудадзыг Сталины номы фæстæ цæмæн æмбæхсынц?

– Æвæццæгæн, ныртæккæ рæстæг афтæ амоны...

Рухсады министрад ахуыргæнджыты докладтæ конференцийы размæ хъуамæ Мæскуымæ арвита. Уым сæм Национaлон скъолаты институты ахуыргæндтæ æркæсдзысты æмæ сын сæ хуыздæрты хицæн чиныгæй мыхуыры рауадздзысты. Таймураз старст, йæ куыст ын ницæйагыл куы банымайой æмæ йын æй фæстæмæ куы рарвитой, уымæй, æмæ йæ Муратæн бакæсын кодта.

Уый зæрдæмæ тынг фæцыд:

– Хорз дзы равдыстай, ирон скъоладзаутæн ахъаз чи фæуыдзæн, ахæм методикон фæрæзтæ. Луизæ Ивановнæ ма æгас куы уаид, уæд дæ йæ сæр бæрзæнтты хæссид, мæ ахуырдзау фесгуыхти, зæгъгæ.

– Цавæр сгуыхты кой кæныс? – Таймураз йæ сæр ныттылдта. – Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр цыдæр докладгонд!..

– Зонын æй, ме ‘рдхорд, зонын, æгæр хæдæфсарм кæй дæ, уый! – Мурат ын худгæйæ йæ уæхск бацавта. – Фæлæ уый де ‘взæрдæр миниуджытæм нæ хауы...

Таймуразы горæтмæ ацæуынмæ нæ равдæлд. Æмæ Муратæн бахæс кодта, цæмæй йын уый йæ раныхас министрадмæ бахæсса.

Фæлварæнтæ ‘рбацæйхæстæг кодтой. Таймураз кодта консультацитæ, лæвæрдта уæлæмхасæн уроктæ. Фæд-фæдыл цалдæр хатты дæсæмкъласонтæн ныффыссын кодта нывæцæнтæ, фæлварæнты арæхдæр цы темæтæ сæмбæлы, ахæмтыл.

– Тетрæдты æргъом та куы ‘рхастай! – тыхстхуызæй загъта Бадинæ.– Дæ фæллад та ма кæд суадздзынæ, кæд?

– Сæрды каникулты, сæрды! – бахудти йæм Таймураз.

– Æмæ иннæ ахуыргæнджытæ дæр дæуау æгъуыссæг æхсæвтæ æрвитынц?

– Се ‘ппæт уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ не сты.

Дæсæм къласы сочиненийæ иу дæр æвзæр бæрæггæнæн нæ райста, æмæ ахуыргæнджытæ арфæтæ кодтой Таймуразæн.

– Уый сын мæ размæ ахуыргæнæг Луизæ Ивановнæ кæй уыд, уымæн фесгуыхтысты! – загъта Таймураз.

– Æхсызгон мын у, лæппу, дæ кæддæры ахуыргæнæджы фыдæбæттæ кæй нæ рох кæныс, уый, – загъта йын Мырзабег. – Фæлæ ды дæр дзыхъхъы лæуд нæ фæдæ!

Дæсæм къласæ иннæ фæлварæнтæ дæр нывыл радтой. Зæирæ та æвзист майдан райста.

– Цымæ кæдæм цæудзæн? – афарста Сафиат.

– Мединститутмæ, дам, цыма...

– Цы хорз у! Æз рагæй дæр чызгæн дохтыры, кæнæ ахуыргæнæджы дæсныйад уарзын.

– Ахуыргæнджытæ нæм ис Сафиат. Ныр та нæм нæхи дохтыр уыдзæн...

– О! Кæд хъæумæ ‘рцæуа, уæд...

– Мæ зæрдæ суынгæг... Дæсæм къласимæ фæхицæн уон, уый мæ нæ фæнды...

Таймураз æмбæрста Сафиаты зæрдæйы уаг.

* * *

Бадинæ куы базыдта, Таймураз тагъд Дзæуыджыхъæумæ æвзæрст лæгты фембæлдмæ цæудзæн, уый, уæд ын базары балхæдта китайаг урс хъуымац æмæ йын дзы китель хуыйын райдыдта. Къухæй рагæй дæр дæсны уыд: хæдон уа, хæлаф уа, дзабыр уа – алцы хуыйынмæ дæр арæхст... Кæддæр ма хæрдгæбыдтæ дæр кодта.

– Костюм мын куы ис, уæд дæхи фыдæбонæй цæмæн марыс? – тыхст Таймураз.

– Ай хуызæн тæвд бонты исчи сау дарæсы цæуы?

– Æмæ мын исты хæдæттæ нæй?

– Ныр ахуыргæнæг дæ, лæппу, ахуыргæнæг, æмæ дæ хъуамæ адæм аивæй уыной! Афтæ куы загътай, Мæскуыйæ нæм стыр лæгтæ ссæудзæн, зæгъгæ...

Мæскуыйы коймæ Таймураз исдуг фæхъус – йæ зæрдыл æрбалæууыд, уырдыгæй йæ доклады тыххæй исты бæрæг хабар кæй нæма ис, уый. Уæдмæ йæм конференцийы программæ куы сæрвыстой, æмæ дзы йæ мыггаг куы ауыдта, уæд ын мæнæ ‘хсызгон фæци. Ноджы ма дзы Зауырбеджы мыггаг дæр куы ауыдта,

уæд та бынтондæр барадис. Йе ‘рдхордмæ тилифонæй адзырдта æмæ йын хабар фехъусын кодта.

– Зонын æй! Æз дæр Мæскуыйæ ахæм фыстæг райстон, – загъта йын цингæнгæйæ Зауырбег.

Таймураз йæ ног кителы кæсæны раз куы ‘рлæууыд, уæд йæ мадæй тынг феппæлыд.

– Æлхæнгæ дзаумайæ хуыздæр рауади, – разыйæ йын загъта æмæ кителы лæгъз хъуымац хъавгæ йæ армæй æрсæрфта.

Бадинæ ныррухс, æгайтма китель Таймуразы зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд.

– Амондджын дзаума дын фæуæд! – Таймураз уынгмæ куы рацыд, уæд ын раарфæ кодта сыхæгты зæронд ус Бæмбæг. – Бынтондæр дзы дæ хуыз скалдтай. Дæ мадæн рагæй дæр сызгъæрин къухтæ ис, фæрнæй сæ фæдара! Уый чи амбула, ахæм атæлæйы дæр нæй.

– «Ателье́йы» зæгъыс? – худгæйæ усы афарста Таймураз.

– О, о, атæлæйы, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Бæмбæг. – Æмæ уæдæ æз куыд загътон? Ды дæр «атæлæ» зæгъыс, æз дæр «атæлæ».

Зæронд ус йæ æнæдæндаг дзых хинхуызæй базыхъхъыр кодта.

Рагæй дæр Бæмбæг уынджы ног дарæсы кæй федтаид, уымæн æнæ лæгъз ныхас зæгъгæ нæ фæуыдаид. Науæд та-иу æм исты аипп ссардта. Æмæ адæм дзырдтой:

– Дæ дзаума Бæмбæджы зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уæд æй дæ уæлæ мауал скæн.

Конференцимæ Ирыстоны æппæт скъолатæй дæр хуынд адæм кæй уыдзæн, уый Таймураз зыдта, æмæ ‘нхъæлмæ каст йæ зонгæтæй искæуыл фембæлынмæ.

– Кæс-ма уæртæ, нæ курсæй дæр ам чидæртæ фæзынд! – сцин кодта Зауырбег æмæ йын йæ сæрæй дуары ‘рдæм ацамыдта.

Залмæ хъавæгау кæрæдзи фæдыл æрбахызтысты Дзирæ æмæ Радимæ. Исдуг фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодтой, сæхицæн бынат агургæйæ, стæй уæд рудзынджы раз уæгъд бандæттыл фæрсæй-фæрстæм сбадтысты. Зауырбег ма сæм аивæй йæ къух бæргæ тылдта, цæмæй сæ фарсмæ сбадтаиккой, фæлæ йæ чызджытæ нæ бафиппайдтой. Уалынмæ уарын райдыдтой конференцийы программæ æмæ делегатты наукон уацтæ хицæн чиныджы мыхуыргондæй. Таймураз дæр дзы йæхи куыст куы федта, уæд цасдæр йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп нал æнцад. Каст йæ мыггаг æмæ номмæ, фæлæ йæ нæ уырныдта.

Фыццагдæр раныхас кодта педагогон наукæты Академийы национaлон скъолаты институты директор Кореневский Ефим Иванович. Уый цыбырæй радзырдта, конференцийы размæ цы ахсджиаг фарстатæ æвæрд æрцыд, уыдоны тыххæй.

Йæ фæстæ Рухсады министр уазджыты базонгæ кодта, республикæйы скъолатæ куыд кусынц, уыимæ.

Таймураз мидыстъæлфгæ æнхъæлмæ каст, дзырды бар æм кæд æрхаудзæн, уымæ, æмæ, цы ныхæстæм хъуыста, уыдонæй йæ сæрмæ ницы цыдис. Æвæццæгæн, Зауырбег дæр хуыздæр уаваæры нæ уыд. Хуымæтæджы йæ гæххæттытæм æркæс-æркæс нæ кодтаид æмæ йæ былтæ, цыма йæхинымæр кувгæ кæны, уыйау не змæлыдаиккой.

Таймураз йæ цæст адæмыл ахаста æмæ, Дзирæйы фæстæ рæнхъы Мураты куы бафиппайдта, уæд ын куыддæр фенцондæр. «Мæ доклад мын тынг хорзыл куы банымадта», – ахъуыды кодта Таймураз ныфсджынæй æмæ трибунæйæ дзурджытæм лæмбынæгдæр хъусын байдыдта.

Фæлæ йын йæхи мыггаг куы загътой, уæд æй фыццаг нæ бамбæрста, уымæй кæй зæгъынц, уый.

– Тæрсгæ ма кæ, ме ’рдхорд! – йæ цонгыл ын фæхæцыд Зауырбег æмæ йæ уæд размæ асхойæгау кодта.

Фæсус хъæлæсæй райдыдта дзурын, стæй цалдæр хатты дæр ферхæцыди, фæлæ уайтагъд йе ‘муд æрцыд, ай ног чындз дæн, æви цы, зæгъгæ.

Тыхджын къухæмдзæгъд ын сарæзтой.

– Æнхъæлдæн æмæ та амбылдтай, ме ’рдхорд! – Таймураз йæ бынатмæ куы бацыд, уæд ын йæ къух зæрдиагæй райста Зауырбег.

Улæфт суадзынæны сахат Дзирæитæ Таймураз æмæ Зауырбеджы раз февзæрдысты, сцъыбар-цъыбур кодтой.

– Уæ дыууæ дæр – ма-ла-дец-тæ! – загъта Радимæ, стæй сæм статьяты æмбырдгонд бадаргъ кодта.

– Мæнæ ма мын ам зæрдæйы бынæй цæугæ дзырдтæ афыссут, æмæ уæ æз мæ куысты раппæлон.

– Æмæ дын ныр дзæбæх дзырдтæ куы нæ ныффыссой, уæд та? Раппæлынмæ сæ нæ хъавыс? – худгæйæ йæм бакасти Дзирæ.

– Куыннæ? Фæлæ мæм уæддæр сæ чиныг куы уа, уæд мын мæ ныхасыл тынгдæр бауæнддзысты.

Мурат дæр сæм фæзынд.

– Ныридæгæн уæ автографтæ исын байдыдтой? – хъазгæйæ læппуты радыгай бакъуырдта, стæй сæ уæд йæ хъæбысы æрбакодта.

Конференцийы кæронбæттæн раныхасы Кореневский Таймураз æмæ Зауырбегæй раппæлыд, схуыдта сæ суинаг наукон кусджытæ.

– Хорз уаид, аспирантурæмæ нæм куы рацæуиккой, уæд, – загъта ма йæ фæндон.

Фæлæ Таймураз Бадинæйæн куы загъта, иу аз ма йæ зæрды скъолайы бакусын кæй ис, цæмæй тынгдæр сфæлтæра, уый тыххæй, уæд уымæн æнæнхъæлæджы фехсызгон.

Къулыл йæ фыды къамы фарсмæ æрцауыгъта, Таймуразæн цы рæсугъд Кады гæххæтт радтой, уый, аив фæлгæты кондæй...

* * *

Адæм дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Цин æмæ зиан фæрсæйфæрстæм цæуынц».

Иу райсом сых ныццарыдта нæлгоймæгты куыдæй...

– Дысон, мæгуыр Сæлимæт, йæ дунейæ ахицæн, – æрбайхъуыст уынгæй кæйдæр ныхас, æмæ Таймураз дуар йæ сæрыл рахаста.

Кæрты бæласы бын æд уисой, ныффæлурс, афтæмæй лæууыди Бадинæ. Йæ рустыл гæр-гæр кодтой ставд цæссыгтæ. Таймуразмæ афтæ каст, цыма йæ алыварс бæстæ иууылдæр баталынг æмæ иуцасдæр йæ мады цур цавддурау лæугæйæ баззад.

– Фæдзæбæх ис, зæгъгæ, куы дзырдтай, – æрæджиау сфæрæзта Бадинæ æмæ хъæрæй скуыдта.

Мæрдджынты кæртмæ куы бахызтысты, уæд уым сыхæгтæй дарддæр ничима уыд. Цъус фæстæдæр уынгæй богъ-богъæй кæугæйæ æрбацыд Мæхæмæт. Хусцæстæй йæхи кæуæг скодта...Таймуразæн та йæ цæссыг фемæхсти, йæ бон æй бауромын нæ уыд.

Дыккаг бон мард бафснайдтой, æмæ хæрнæджы бадæг адæм афтæ рахабар кодтой:

Цæвиттон, Сæлимæт та мæйы бæрц фæхуыссыд рынчындоны. Чысыл йæ уавæр куы фæхуыздæр, уæд æй рауагътой сæхимæ. Уыцы бон, хъæумæ цы автобус цыд, уый та асаст, æмæ Сæлимæт Беслæныхъæуæй фистæгæй рараст. Фæндагыл баййæфта цавæрдæр зæронд усы йæ хæссинæгтимæ. Сæлимæт ын уайтагъд æххуыс кæнынмæ фæцис. Иуцасдæры фæстæ фыр

фæлладæй йæ зæнгтæ йæ быны дыдæгътæ кæнын байдыдтой. Йæ хид акалд, фæзын ын ис улæфын, фæлæ уæддæр йæ уавæр усæн нæ хъæр кодта.

– Бирæ фæцæр, мæ хур. Ныр ардыгæй мæхæдæг ацæудзынæн, – фæндаг Брутырдæм кæм фæзылд, уым йæ хæссинæгтæ айста ус.

Сæлимæт ма сæхимæ тыххæй æрбахæццæ. Æхсæвы йæ уавæр бынтон февзæр.

– Куы амæлон, уæд мæ-иу, уæлæ уæлвæзы цы уæлмæрд ис, уым баныгæнут, æмæ уæм уырдыгæй дæлæмæ кæсон... – загъта ма йæ мадæн...

Косерхан, дам, Сæлимæтæн йæхи фæзылын кодта.

– Æрдæг адæймаг куы дæ, уæд дæ искæмæн æххуысгæнæг чи кодта?

Адæм та Мæхæмæты дардтой азымы:

– Уый Сæлимæты афойнадыл санаторимæ куы арвыстаид, уæд сдзæбæх уыдаид...

Æмæ сын-иу Азырхан афтæ дзурджытæн мæстыйæ загъта:

– Колхоз мах мæт кæны? Æз Цæлыччы быдыры мæ сæфтæджытæ æнæхаиры «фæллойбонтыл» рафтыдтон, фæлæ мын Мæхæмæт æгæр мæгуыр хъæдæй иу суджы уæрдон дæр куы никуы æрласын кодта!

* * *

Ног ахуыры аз райдыдта. Таймураз конференцийы цы ног методикон мадзæлттæ базыдта, уыдонæй архайдта йæ куысты пайда кæныныл. Дæсæм къласы бирæты нæ зыдта æмæ тарсти, йæ домæнтæ йын æххæст кæнын куы нæ фæразой, уымæй. Фæлæ кълас уайтагъд сахуыр ис йæ ног ахуыргæнæгыл æмæ тырныдта йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ. Таймураз куы базыдта, скъоладзаутæй иуæй-иутæ æмдзæвгæтæ фыссыныл дæр архайынц, уый, уæд сын сæрмагондæй арæзта поэзийы изæртæ.

Скъоладзаутæ сæ кæрæдзиимæ ноджы тынгдæр схæлар сты, иу хуыцаубон сæ Сæлимæты мады цæхæрæдон æфснайынмæ куы акодта, уæд. Уымæй размæ сын радзырдта, ирон адæм рагæй дæр зиуæн цы стыр аргъ кодтой, уый тыххæй. Бакасти сын Къостайы фыстæг «Зиу». Æмæ цæхæрадон бафснайынæй уæлдай ма, хæдзары кусинагæй цы уыдис, уыдон иууылдæр зæрдиагæй бакодтой.

– Уæ ныййарджыты фæндиаг ут, æмæ мæ чызгæн царды цы

нæ бантыст, уый уын дзæбæхæй бантысæд! – уынгæг хъæлæсæй сын раарфæ кодта Сæлимæты мад Госæда.

Таймураз ын зæрдæ бавæрдта, бахъуаджы сахат æй æнæ æххуысæй кæй никуы ныууадздзысты, уымæй.

Цалдæр хатты йын йæхимæ горæтмæ дæр фæдзырдтой, цæмæй уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты йæ куыстимæ базонгæ кæна, уый тыххæй.

– Хъæуккаг профессоры та нæм схуыдтой, – хъазгæйæ дзырдтой уыдон, фæлæ йæм-иу лæмбынæг хъуыстой.

Иу ахæмы сæ фембæлдмæ æрбацыд педагогон институты профессор, байхъуыста йæм æмæ йын афтæ:

– Иумæ ахуыргæнджытæн методикæйæ чиныг куы ныффыссиккам, уый мæ фæнды.

Таймураз æм хæлиудзыхæй кæсгæйæ аззад, цы загътаид, уый нæ зыдта. Профессор æй дисгæнгæ афарста:

– Нæ дæ фæнды, ау?

– Нырма мæнæй цæй чингуытæ фыссæг ис...

Кусынмæ сæм æрæрвыстой дыууæ горæтаг чызджы. Иу хуынд Серафин, иннæ – Нателлæ. Фæндзæм æмæ æхсæзæм кълæсты кодтой уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы урочытæ. Нателлæ уыдис саухил, сауцæст тыппыртæгомау чызг. Серафин та – бурхил, цъæхцæст, лыстæджытæ конд чызг. Серафинæн æдзухдæр йæ ирд цæсгомыл хъазыд фæлмæн мидбылты худт. Æвæццæгæн æй уый тыххæй бауарзтой сывæллæттæ фыццаг бонæй фæстæмæ. Скъоладзаутæн сæ ныййарджытимæ куы зонгæ кодта, уæд æй устытæй иу дисхуызæй афарста:

– Ирон драмон театры артисткæ Икъаты Серафин дын ницы хæстæг у? Цæсгомæй мæм бынтондæр уый хуызæн кæсыс...

Ахуыргæнæг ын худгæйæ дзуапп радта:

– Нæ, æрмæст мæн дæр Серафин хонынц...

Сæ дыууæ дæр сæхи Таймуразыл ныхæстой, цыдысты йæ урочытæм дæр. Иу бон та семæ ахуыргæнджыты уаты куыд ныхæстæ кодта, афтæ Аннæ Александровнæ йæ къухтæ фæхъил кодта:

– Уæртæ цы дзæбæх фидауынц Таймураз æмæ Серафин фæрсæй фæрстæм! Диссаджы къай сæ рауаид.

Серафины цъæх цæстытæ цины ‘рттывд фæкодтой, Таймуразæн та йæ цæсгом фæтар и: Заретæйы фæстæ уымæн иу чызг дæр йæ зæрдæмæ фæндаг нæ ардта...

Раст тæккæ уыцы минут дуар æрбайгом æмæ мидæмæ æрбахызт Болат.

– Уый уæм ног ахуыргæнджытæ куы фæзынди! – салам раттыны бæсты сыл лæппу радыгай сæрæй къæхтæм йæ цæст æрхаста.

– Кæцæй нæм фæзындыстут, кæцæй, дыууæ зæды?

– Суанг горæтæй! – сæ бæсты дзуапп радта Аннæ Александровнæ.

– Рагъыхъæуы цъыф æлыгбын у – хæцаг. Æмæ дзы ныссæдздзыстут – чызджыты ‘рдæм та ногæй фæзылди Болат. – Ома нæ лæппутæ уæм рæвдз фæлæудзысты...

– Бæргæ, бæргæ! Сæ кафагдæр æмæ зарагдæр – мæн! – фæкъæйных æм Нателлæ.

– Уый дзы нæхи туг чызг у, нæхи! – бахудти йæм Болат.

Уыцы бонæй фæстæмæ сæм Болат арæхæй-арæхдæр цæуын байдыдта. Æмæ-иу архайдта Серафинимæ адзурыныл. Чызг-иу æй дардмæ дæр куы ауыдта, уæд-иу йæ мидбылты худт цыдæр æрбаци.

– Афтæ æнад дын цæмæн дæн? – дис кодта Болат.

– Æмæ мын уæдæ хъуамæ адджын та цæй тыххæй уай? Исты сæкæр куынæ дæ?

– Æгæр дурзæрдæ ма у.

– Цы дæн, уый дæн.

– Искуы фæсмон куы фæкæнай...

– Лæг чи у, уый æртхъирæнтæ нæ фæкæны!

Нателлæ Серафинæн уайдзæфтæ кодта:

– Йемæ æгæр тызмæгæй дзурыс. Куы дæм фæхæрам уа... Йæ маст, дам, исаг у...

– Æмæ дзы хъуамæ цæмæй тæрсон?

Иуцасдæр æнæдзургæйæ алæууыд, стæй, йæ къæхты бынæй ныуулæфгæйæ, загъта:

– Уый æмæ дын Таймураз! ...

– Ма йæ бауарз! – Нателлæ æвиппайды ныххудти. Серафин æм афтæ бакасти, ома, сæрхъипп дæ, уанцон бауарзын нæу...

Йæ хъуыддагæй кæй ницы рауайдзæн, уый куы бамбæрста Болат, уæд Серафины иуран ныууагъта.

– Цы рæсугъд у! – фыццаг хатт æй цыма уынынц, уыйау таиу дис кодтой сывæллæттæ, Серафины-иу куы ауыдтой, уæд.

* * *

Диссаджы рæсугъд бон скодта. Арвыл иу мигъы тæпп дæр нæ зынд. Дурджын бæрзонды ‘рдыгæй уахъæз дымдта æмæ адæймагæн æнæкæрон æхсзыгондзинад лæвæрдта. Гæдыбæлæсты сыфтæртæ дæр хъæлдзæг тыр-тыр кодтой.

Таймураз æмæ Андрей Сергеевич скъолайы раз æнхъæлмæ кастысты районы ахуырады хайадæй æрвыст адæмы æрцæуынмæ.

– Мæхи райгуырæн хъæу дæр куыд нæ уарзын, фæлæ мæ зæрдæмæ Иры хъæутæй Рагъыхъæуæй тынгдæр никæцы цæуы, – рæгътæм фæлгæсгæйæ сдзырдта Андрей Сергеевич. – Фыццагдæр дзы чи ‘рцард, уый æмбисонды дзæбæх бынат равзæрста.

– О, сæрдыгон бонау æмбисонды рæсугъд у нæ бæстывæрд, – сразы Таймураз йемæ.

Уалынмæ быдыры ‘рдыгæй фæзынди автобус.

– Кæд нæ уазджытæ дæр уым бадынц? – Таймураз завучмæ фæрсæгау бакасти.

– Нæ, уыдонæн сæхимæ хъуамæ машинæ уа.

Автобус сабыргай разылд скъолайы цур фæзы æмæ хъæусоветы фарсмæ æрлæууыд. Кæрæдзи фæстæ дзы хизын райдыдтой бæлццæттæ. Таймураз дзы бирæты зыдта æмæ сæм-иу салам дæтгæйæ йæ къух фæтылдта. Мæнæ дыууæ сылгоймаджы æрхызтысты, Таймуразы улæфæнтæ ахгæдтой: Зæриффæ æмæ Заретæ! Уыцы минут арв æвиппайды куы нынæрыдаид, кæнæ боныгон стъалы, хурмæ тæмæнтæ калгæ, куы атахтаид, уæддæр, æвæццæгæн, Таймуразмæ афтæ диссаг нæ фæкастаид, Заретæйы æнæнхъæлæджы фæзынд æм куыд фæкаст. Æнæбары йæхи бæласы зæнгыл бауагъта. Мæнæ дын уалынмæ Заретæ йæ чумæдан Зæриффæйы раз æрæвæрдта, цыдæртæ адзырдта йæ хæларæн æмæ тындзгæ уадæй Таймуразмæ ‘рбацæуы. Хуртæ æмæ мæйтæ хъазыдысты йæ цæсгомыл. Таймураз æй кæдæй нал федта, уæдæй фæстæмæ уый фæци ноджы рæсугъддæр. Лæппуйы цæстытæ дзы атонын нал куымдтой.

– Мæнæ ма Таймураз, – фæлмæн хъæлæсæй сдзырдта Заретæ, æмæ лæппумæ афтæ фæкаст, цыма йæ хъустыл æмбисонды рæсугъд зæлтæ ауадысты. Заретæ йæм мидбылты худгæйæ йæ къух æрбадаргъ кодта.

– Æгас цу Зар... Заретæ, – къуызгæйæ лæвæрдта дзуапп æмæ йын хъавыд йæ къух райсынмæ, фæлæ сæ къухтæ нæ сæмбæлдысты, æрмæст хæрз чысыл кæрæдзиуыл андзæвыдысты.

Таймураз цæмæндæр фæкъæмдзæстыг:

– Бахатыр кæн...

– Ницы кæны, – бахудти та йæм чызг, æмæ ацы хатт сæ къухтæ кæрæдзи ссардтой.

Таймуразы буар базыр-зыр кодта, йæ зæрдæйæ туг тæрын ферох – ныллæуыд цыма...

– Таймуразимæ иумæ ахуыр кодтам, – æрæджиау Андрей Сергеевичмæ æфсæрмхуызæй бакасти чызг. Мæ ном у Заретæ...

Уый дæр ын йæхи бацамыдта.

– Ам... ам бирæ фæуыдзынæ? – ногæй та фæкъæзæнæг Таймураз.

– Нæ. Мæ куыстæй мæхи цыбыр рæстæгмæ ракуырдтон. Мæ мады, зæгъын, бабæрæг кæнон...

Таймуразы ма бæргæ бирæ цæмæйдæрты фæндыд бафæрсын Заретæйы, фæлæ багоби ис – дарддæр цы дзырдтаид, уый нал зыдта.

– Цæй уал уæдæ... Зæриффæйæ худинаг у...

Фæцæуы æмæ та йын йæ фæстæ йæ уд фæласы!

– Ахуыргæнджытæй хъуыстон, Заретæ рæсугъд у, зæгъгæ, фæлæ ма дзы уынд æмæ кондæй ахæм уа!.. – Заретæйы фæстæ кæсгæйæ, дзырдта Андрей Сергеевич, Таймураз йæ зæрдæйы хъæрзт урæдта...

Автобусы иувæрсты æрзылд æмæ сæ цуры æрлæууыд рог машинæ – рахызтысты дзы районы ахуырады хайады дыууæ инспекторы.

– Ныййарджыты номæй нæм анонимон писмо сæрвыстæуыд æмæ уый фæдыл у нæ цыды сæр...

Таймураз сæлхæрау фæцис, йæ кой дзы кæй ис, уый йын куы загътой, уæд.

– Директоры кабинеты аныхас кæнæм, – æгъуыз хъæлæсæй загъта Андрей Сергеевич.

Михаил Борисович хъæрæй каст:

«Ахуыргæнæг Уæздæнты Таймураз аразы скъоладзаутæн зианхæссæг экспериментæ. Ныридæгæн дзы цалдæрæй бахаудтой рынчындонмæ. Тагъддæр æй фæтæрын хъæуы!»

– Таймуразы ахуырдзаутæй иу дæр рынчындонмæ нæ бахауд! – фидарæй загъта Михаил Борисович дæр. – Иууылдæр сты мæнг ныхæстæ!

Таймураз æй уыдта, инспектортæн дæр æнад кæй у, цы хъуыд-

даг сын бабар кодтой, уый æххæст кæнын, æмæ ма сын йæхимидæг тæригъæд кодта. – Мацæмæ йæ дар. Чидæртæ дæм хæлæг кæй кæнынц, уый та хорз у – куы хицæн кодтой, уæд ын загъта хистæр инспектор.

«Уыдон Болаты митæ сты!» – йæхинымæр скарста Таймураз сæхимæ цæугæйæ.

Фæлæ йæ æмбаргæ дæр нæ бакодта, йæ къæхтæ йæ æндæр уынгмæ куыд ахастой, уый. Æрмæст æм фæзилæнæй Дзыгыдайы хæдзары рудзгуытæй рухс куы ракалд, уæд йæ бынаты дзыхълæуд фæкодта. Иуцасдæр адæргæй йæ алыварстæм аракæс-бакæс кодта, кæд мæ исчи уыны, зæгъгæ, фæлæ уынджы иу змæлæг нæ уыд. Æмæ уæд хæдзары цурмæ бацыд.

Таймураз бацыд хæдзары цурмæ. Рудзынгæй йæм зынд, Заретæ йæ мадимæ цæуылдæр куыд дзурынц, уый. Таймуразмæ аив бæргæ нæ каст искæй рудзгуытæй гудзитæ кæнын, фæлæ йæ бон йæ бынатæй фезмæлын нæ уыд.

– Ныр мæ скъоладзаутæй исчи куы фенид, уæд цы зæгъид?.. – ахъуыды кодта æмæ йæм худинаг æркаст, йæхи куыд дары, уый.

Заретæ æмæ Дзыгыда цыдæртæ архайын райдыдтой.

Иу заман Таймуразæн æнæнхъæлæджы йæ къух йæ дæрзæг æвзагæй цыдæр асдæрдта. Удаистæй фесхъиудта. Æркаст æмæ – къæбыла.

– Йæ сæр ын æрсæрфта: «Фæлтау мыл дæ хицау куы цинтæ кæнид!»

Уый хъыллистытæгæнгæ йæ алыварс зилæнтæ систа, стæй кæрты ‘рдæм атахт, раст æй цыма йемæ мидæмæ хуыдта, уыйау.

– Бæргæ уæм бацæуин, дæуæй уæлдай ма мæм ноджыдæр хонæг куы фæуыдаид, уæд, – худгæйæ загъта Таймураз æмæ сæхирдæм фæцæуæг.

– Нырмæ кæм уыдтæ, кæм? – сæхимæ дуарæй куы бакаст, уæд æй дисгæнгæ афарста Бадинæ. – Де ’хсæвæр бынтондæр куы ныууазал.

– Скъолайы нæм уазджытæ уыд, æмæ семæ бафæстиат дæн, – афæлывта йæ Таймураз, йæхи та тынг фæндыд, Заретæйы æрцыды хабар ын куы ракæнид, уый. Фæлæ уымæ йæ ныфс нæ бахаста.

* * *

Таймураз Заретæйæн фæстæмæ афтæ тагъд аздæхын æнхъæл нæ уыд. Бæргæ ма йæ фæндыд, исты хуызы йемæ куы сæмбæлид æмæ йæ йæ цардæй куы бафарстаид, уый. Æниу ма йын ахæм фембæлд цы пайда уыдаид?..

Йæ фыццаг урок уыди дæсæм къласы. Хорз зыдтой ивгъуыд – Максим Горькийы сфæлдыстад, æмæ сын æхсызгонæй хъуыста сæ дзуæппытæм.

Мæнæ уалынмæ уынгæй æрбайхъуыст машинæйы уынæр. Таймураз хъавыд рудзынг сæхгæнынмæ, фæлæ фæзы бафиппайдта, горæтæй цы автобус æрцæуы, уый. Адæм сæ хæссинæгтимæ йæ алыварс амбырд сты. Таймуразæн æваст йæ зæрдæ ныссæххæтт ласта, се ‘хсæн сын Заретæ, Дзыгыда æмæ Зæриффæйы куы ауыдта, уæд.

Адæм дзы сбадтысты, æмæ горæты ‘рдæм азылд. Дзыгыда æнцад лæугæйæ, йæ къух тылдта йæ чызджы фæстæ...

Таймуразæн кæцæйдæр йæ хъустыл уадысты иугай дзырдтæ: «фыссæг»... «радзырд»... «Изергиль»... «Данко»... «йæ зæрдæ», фæлæ сын исдуг сæ мидис нал æмбæрста.

Æппынфæстаг йæхиуыл фæхæцыд æмæ цыдæр амæлттæй урок кæронмæ ахæццæ кодта...

«Ацыди... Мæнæй та фæцыди...» – æнæхъæн бон йæхинымæр дзырдта æмæ дзырдта, хъæумæ куыд здæхт, афтæ.

Изæрæй та уынджы кæцæйдæр йæ размæ æнæнхъæлæджы февзæрди Болат.

– Цæй, мæ сыхаг, куыд цæуы дæ куыст? – худæнбылæй йæ бафарста уый. – Орден дын нæма радтой?

– Нæма, – æнцадæй йын дзуапп радта Таймураз, – Раттиккой мын, фæлæ кæйдæр тынг нæ фæнды...

– Æмæ чи уа уыцы æдзæстуарзон?

– Уый ды хуыздæр зоныс.

– Æз?! – куыддæр фæуыргъуыйау Болат.

Таймураз ын ницыуал загъта.

– Абон цыма дæхи хуызæн нæ дæ, – сагъæсхуызæй нымдзаст Бадинæ. – Кæд дæ, мыййаг, исты риссы?

– Нæ, ницы мæ риссы, – лæппу йæм æнæбары бахудти.

– Уæд та фæллайгæ бакодтай. Æгæр хæрыс дæхи, æгæр. Хиуыл чысыл ауæрдын хъæуы.

– Æнæ куыстæй цард нæй.

– Уый раст у, фæлæ уæддæр хиуыл иучысыл ауæрдын хъæуы.

– Ма тыхс, Бади, фæстæдæр мын зынгæ фенцондæр уыдзæн.

– Æдзух мын афтæ бæргæ дзурыс...

Таймуразæн йæ хъуыры хæринаг нæ цыд. «Цымæ афонмæ кæм ис? – Цымæ уый та мæныл хъуыды кæны?»

– Ахæр-ма, цæуыл джихтæ кæныс?

– Æххормаг нæ дæн...

– Уый та куыд?! Сæумæрайсомæй нырмæ куы ницы бахордтай.

Таймураз æвæндонæй йæ тæбæгъмæ бавнæлдта...

Æхсæвы йæ фыны лæвæрдта урок, амыдта ног æрмæг, фæлæ йæм ничи хъуыста. Ахуырдзаутæ ныхас кодтой æмæ цæуылдæр пыррыччытæй худтысты. Таймураз тынг стыхсти.

– Ныртæккæ уæм æз директоры куынæ 'рбакæнон! – бартхъирæн сæм кодта, фæлæ уыдон ноджы хъæрдæрæй ныххудтысты.

– Нæ дæ тæрсæм! Нæ дæ тæрсæм! – хъæр кодтой уыдон æмхуызонæй.

– Дæ эксперименттæй нæ тухæнæй марыс! Мах дыл Болатмæ бахъаст кæндзыстæм!..

Таймураз фехъал, йæ зæрдæ фæдисон гуыпп-гуыпп кодта. Суанг ма йæ хидæй баз дæр схуылыдз.

– Ахæм ма дзы æнахуыр фын уыдзæн, – сдзырдта тыхулæфтгæнгæйæ Таймураз æмæ рудзынджы 'рдæм акаст, фæлæ дзы рухс нæ калд. Æмæ ма уæд афæлвæрдта бафынæй уæвыныл, фæлæ йæ хуыссæг кæдæмдæр фæлыгъд.

Куыддæр скъолайы дуарæй бахызт, афтæ 'виппайды йæ зæнгтыл атыхст Асæгойы фырт чысыл Сослан.

– А-а-а, Сосик куы дæ! – бацин ыл кодта Таймураз.

– Махæн та урочытæ кæд дæтдзынæ, кæд? – бынæй йæм хæрдмæ скаст лæппу.

– Мæнæ куы фестырдæр уай, уæд.

– Æмæ уый кæд уыдзæн, уæдмæ быхсон? – Сослан фенкъардгомау.

Таймураз æй йæхæдæг афарста:

– Ау, æмæ Раисæ Ахметовнæ дæ зæрдæмæ нæ цæуы?

– Цæуы, цæуы? – йе 'рфгуытæ æрбанцъылдта Сослан. – Уый æппæты хуыздæр ахуыргæнæг куы у. Фæлæ ды дæр æппæты хуыздæр ахуыргæнæг дæ...

– Дæ хæстæг кæй дæн, уый тыххæй афтæ дзурыс? – Таймураз худгæйæ лæппуйы æрбахъæбыс кодта æмæ, æхсæвы æнæхуыссæг кæй фæци, уый дæр дзы æрбайрох...

* * *

– Æдзух кæмæй феппæлыс, уыцы Зауырбег у? – цымыдисхуызæй йæ афарста Бадинæ.– Уый æрбацæуинаг у дæ урочыты скъоладзауæй абадынмæ?

– Уæдæ ма мын æндæр æрдхорд Зауырбег кæм ис? Скъоладзауæй дам...Хорзæй мæм кæд исты фена, уæд æй бафæзмдзæн йæхи куысты.

– Æрхъуыды йæ кодтон, – худгæйæ загъта Бадинæ. – Мæнæ æмдзæræны куы цардыстут, уæд уæ Мурат æнæ ‘хсæвæр куы фæкодта, нæ? Уæræзты сыгъд хъæдуры тæфæй ацæуæн куы нæуал уыд!

Уыцы коймæ Таймураз йæ худын нал баурæдта:

– Кæцырдыгæй йæ ‘рымысыдтæ!

– Нæхимæ-иу æй æрбакæн! – ныффæдзæхста ма йын йæ фæстæ.

Таймураз йе скъоладзаутæй куырдта:

– Ме ‘мбалы раз мæ-иу ма фæхудинаг кæнут.

– Цы нæ зонæм, уый дæр дзы нæ бамбæхсдзыстæм, – загъта æвдæм къласы хуыздæр ахуырдзау Аслæмбег, хъазаг лæппу.

– Луизæ Ивановнæ дæ разыйæ баззадаид, – урочыты фæстæ раппæлыд йе ’мбалæй Зауырбег.

– Дæ мады дын æз хорз хъуыды кæнын, – загъта йын йæхицæн та Бадинæ. – Чызгæй нæхи хъæуккаг уыд. Фæлæ нæм нал æфты...

– Мæ къабазæй, дам, дзы ничиуал ис.

– Фæлтæртæ ацыдысты, – Бадинæ чысыл фенкъард.

– Исты нын куы фенис, – цæмæй ныхас иннæрдæм аздæха, уый охыл загъта Таймураз.

– Ныртæккæ, мæ хуртæ, – æмæ фынг аразынмæ фæци.

Фæсхæрд иуцасдæр къæсæрыл æнæдзургæйæ куы абадтысты, уæд дын Зауырбег æнæнхъæлæджы загъта:

– Айфыццаг мын Зæриффæ иу хабар ракодта æмæ ...

– Уагæр цы у? – Таймураз æм цæхгæр фæзылди.

– Заретæйы фæстæмæ куы фæндараст кодта, уæд кæцæйдæр февзæрди Болат æмæ, дам, ныццин кодта:

– Ай æцæг куы у! Таджикистаны уæлдæф, дам, рæсугъдты ноджы рæсугъддæр кæны!

Заретæ йæ цыма зонгæ дæр нæ кæны, уыйау дзы иуварс азылд. Болат уæд Зæриффæмæ æрхатыд:

– Чысыл ма нæ Заретæимæ хибарæй бауадз...

– Мæнæн дæуимæ ныхасагæй ницы ис! Стæй æз Зæриффæйæ ницы ‘мбæхсын.

– Хорз уæдæ... – сдзырдта Болат. – Мæн нæ уырны, ды мæ афтæ тагъд ферох кодтай, уый. – Æз фæрæдыдтæн... Хатыр дæ курын... Мæнæн æнæ дæу цард цард нæу...

– Æрæджиауы хорзæх дæ уæд, – загъта йын Заретæ. Æмæ, дам, уæд Болат йæ цæстытæ доны разылдта.

– Рахицæн у... Æз дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн, – ныр та, дам, кæуынхъæлæсæй куырдта.

– Ды кæуынмæ дæсны дæ, – бахудти Заретæ. Болат æвиппайды æрбамæсты:

– Ахæм хъæбæр зæрдæ суыдзынæ, уый мæ никуы бауырнытаид.

– Дæ хуызæттæ нын нæ зæрдæтæ ныддур кæнынц...

Исдуг та фæхъус сты, стæй йæ Таймураз бафарста:

– Сымахæн та Зæриффæимæ уæ хъуыддаг куыд цæуы?

– Цыма кæрæдзи æмбарæм...

– Сæйрагдæр уый у – кæрæдзи ‘мбарын.

– Раст та дæ! – Зауырбег ын йæ къух йе уæхскыл æруагъта.

– Суазал уыдзыстут, – тыргъæй сæм радзырдта Бадинæ. – Мидæмæ рацæут...

* * *

Заретæ куыддæр фæстæмæ бахæццæ, афтæ йын йæ мой Ботас æмæ йæ мады æмхæрæфырт Бечыры ‘рцахстой. Ботас куыста универмаджы директорæй, Бечыр та – йæ хæдивæгæй. Бирæ рæстæг уыдон сæхиуыл хардз кодтой паддзахады æхца, фæлæ уал сæ фæд æмбæхсын зыдтой. Ботас куыддæр Заретæйы федта, афтæ йæ зæрдæйы ныххауд æмæ йын йæ фæдыл зилын байдыдта. Бечыр æмæ йæ бинойнаг Эльзæ иудадзыг æппæлыдысты Ботасæй. Фæлæ лæппу уæддæр Заретæйы зæрдæмæ нæ цыд æмæ йын йæ лæвæрттæ фæстæмæ здæхта. Медучилище каст куы фæци, уæд æй Бечыр æмæ Эльзæ бынтондæр иуран нал уагътой,

смой йæм кæн, зæгъгæ. Фæстагмæ ма йын ус уый дæр базонын кодта, æмæ дзы Бечыр дзæвгар æхцатæ кæй дары.

– Æмæ мæ уæд уыдоны хыгъдмæ уæй кæнынмæ хъавут?!

– Уый та дын цавæр ныхас у! – йæ къухтæ йыл стылдта Эльзæ. – Мæхи чызгыл дæ куы нымайын! Мæ зæрдæ дын хорз амонд зæгъы æмæ...

Æппынфæстаг Заретæ фæтасыд, фæлæ йæ чындзыцæуыны бон дæр нæма уырныдта, йæ ус кæй бауыдзæн, уый.

Суды Заретæ базыдта, Ботасæн ма бинойнаг дыууæ æнахъом сывæллонимæ кæй ис, уый. Æмæ, чысыл ма бахъæуа, æмæ йæ зæрдæ ма бахъарм уа. Сывæллæттыл дзургæйæ, адвокат архайдта, цæмæй Ботасæн къаддæр æмгъуыд скæной, ууыл. Фæлæ ахстытæ кæрæдзи зылын кæнын куы байдыдтой æмæ сæ хъуыддæгтæ иууылдæр хурмæ куы ракалдтой, уæд сæ дыууæйæн дæр æмхуызон тæрхон рахастой – фæйнæ аст азы ахæстоны фæбадын. Семæ цы таджикæгтæ куыста, уыдонæй дæр ма иу цалдæрæн суд скодтой.

Заретæ Зæриффæмæ алцыдææр бæлвырд ныффыста, фæлæ дзы куырдта, цæмæй Дзыгыдайæн мацы ма зæгъа.

Хъуамæ кино «Аршин Малалан» æрласой.

– Уроктæ куы фесты, цомут-ма æмæ йæ фенæм, – фæсидт Андрей Сергеевич.

Бирæтæ уайтагъд йемæ сразы сты. Таймураз дæр æй никуы федта, фæлæ йæ зæрдыл æрлæууыд, кæддæр дзы сæ хæстæджыты лæппу Барис, горæтæй æрцæугæйæ, куыд æппæлыди, уый. Сыхы сывæллæттæ йæ алыварс æрæмбырд сты æмæ дзы куырдтой, цæмæй сын радзура, цытæ дзы цæуы, уый.

– Музыкæимæ уын æй радзурон æви куыд? – афарста сæ уый.

– Музыкæимæ! – алырдыгæй схор-хор кодтой уыдон.

– Ар-ши-ин Мал-а-лан! – рыг фæндагыл кафгæ æмæ заргæйæ, Барис кинойы архайджыты афтæ дæсны фæзмыдта, æмæ сабиты худынмæ сыхы куыйтæ дæр ма рæйдтой...

Ахуыргæнджытæ клубмæ куы бахызтысты, уæд уым адæмæй къах бавæрæн нал уыд, фæлæ сын хистæр къæсты скъоладзаутæ сæ бынæттæ феуæгъд кодтой.

Кинойы райдайæны размæ Таймуразы цæстытыл ауадысты ивгъуыд бонтæ. Искуы-иухатт горæтæй драмон театры, кæнæ филармонийы артисттæ ‘рцыдысты, зæгъгæ, уæд-иу æгас хъæуæн

дæр уыдис бæрæгбон. Фæлæ клубы арæх æвдыстой киноныв тæ. Таймуразмæ æдзух æхца кæм уыд, æмæ-иу сывæллæттимæ къæдзæхдурты сæстытыл лæугæйæ рудзгуыты хуынчъытæй мидæмæ кастысты. Афтæмæй къорд хатты федта «Чапаев». Фæстаг хатт æй куы уыдта, уæд... Бадинæ йын урс-урсид нымæтхуд балхæдта æмæ йын кинойæн дæр æхца радта. Таймураз йæхимæ касти, «Пæсæйы фæндон»-ы хъайтар Æхсарбег. Ууыл дæр уыд ахæм нымæтхуд. О, æмæ йæ цы тынг фæндыд, цы тынг, клубы Заретæ дæр куы разынид æмæ йæ уым диссаджы урс нымæтхуды куы фенид. Йæхинымæр ма-иу заргæ дæр акодта:

Æмбисонд æрбауай, Цæлойтæн сæ рæсугъд, гъей!
Мæ уд мын фæхаста дæ бакаст, дæ бахудт, гъей!

Таймураз æмæ Муратмæ бадæнтæ не ‘рхауд æмæ фæсте лæуыдысты сæхи хуызæтты ‘хсæн. Заретæ никæцæй зынд, фæлæ уæддæр Таймураз йæ худ йæ сæрæй нæ иста. Райдыдта кино. Хъуысы моторы тыр-тыр. Йæ бæхыл та ныббырсты тæхы Чапаев. Йе’ хсаргард хурмæ цæхæртæ калы... Раст уыцы уысм кинойы лент фескъуыд, æмæ талынджы чидæр Таймуразы нымæтхуд фелвæста.

– Мæ худ! – тарст хъæр ма фæкодта Таймураз, йæ сæрмæ февналгæйæ.

Цырæгътæ куы ссыгътой, уæд ма уый фыр адæргæй адæмыл йæ цæст бæргæ ахаста, кæд исчи хъазгæ кæны, зæгъгæ, фæлæ, йæ цуры чи лæууыд, уыцы лæппутæ сæ уæхсчытыл схæц-схæц кодтой. Кинойы цы ’вдыстой, уымæн Таймураз ницыуал æмбæрста...

«Аршин Малалан» æцæгдæр тынг хъæлдзæг рауад. Адæм сæ худынæй не ‘нцадысты. Хатгай ма-иу сæ къухæмдзæгъд дæр райхъуыст, фæлæ Таймуразмæ уыцы хъæлдзæгдзинад нæ хъардта: Заретæйы уыдта уый, уыдта йæ ‘фхæрдæй...

Адæм кинойы фæстæ куы рахæлиу сты, уæд арвæй уарыны ставд æртæхтæ хауын байдыдта.

– Тагъддæр уайут, науæд ныххуылыдз уыдзыстæм! – Таймуразы рæзты адæм згъордтой сæ хæдзæрттæм, фæлæ уый фыццагау сабыргай цыдис.

Æнуд клубы фæстæ йын уарыны уазал æртæхтæ æнæкæрон æхсызгон уыдысты. Уарын фæтыхджын. Таймураз уæддæр нæ атындзыдта, хъуыды кодта Заретæйыл. Цымæ, сыздæхдзæн

æви...? Ау, ныр дæр та йыл йæхи атигъ кæндзæн? Бадинæ йæ донластæй куы ауыдта, уæд фæкуыддæрау:

– Уый цы хуызæн дæ?! Тагъд дæ уæлæдарæс аив! Æз дын тасы тæвд дон æркæнон дæ къæхтæн...

«Мæ уд ма мын стæфсын кæн, Бади, мæ уд...»

* * *

Мæхæмæт та фæндзæм къласæй уæлæмæ ахуырдзауты быдырмæ ракæнын кодта. Кæд Михаил Борисович архайдта, цæмæй дæсæм къласы скъоладзаутæ сæ ахуырæй ма фæкъуылымпы уой, ууыл, уæддæр ацы хатт уыдоны дæр нартхор тонынмæ цæуын бахъуыд.

– Хæрын чи уарзы, уый хъуамæ кусын дæр уарза! – дзырдта хъуыддагхуызæй Мæхæмæт. – Мæ партион билетæй уын ард хæрын, æз дæр уæ цахъхъæнæй мæхи куыстæй кæй никуы асайдтон, ууыл... Уæ зæрдыл дарут: æрмæст чиныгæй цард нæй...

Таймураз разамынд цы къласæн лæвæрдта, уымæн нартхор тонын амонын нæ хъуыд. Фæлæ уазал æхсæв скодта, æмæ сывæллæттæн станы баззайæн нæ уыд. Æмæ хъæумæ здæхтысты. Къуырийы фæстæ дзы иуæй-иутæ рынчынтæ кæнын байдыдтой, æмæ сæ-иу Таймураз хъæуы ныууагъта.

– Де скъоладзаутæн, æвзæр каркæн йæ цъиутæ къаддæрæй-къаддæр куыд кæной, уыйау бонæй-бонмæ сæ нымæц дæлæмæ куы хауы, – мæстыйæ дзырдта Мæхæмæт.

– Рынчын сывæллæтты ай хуызæн бонты быдырмæ куыд кæнон?

– Æмæ кæд рынчын сты, уæд сæм дохтырæй справкæтæ цæуылнæ ис?

– Райсдзыстæм сын.

– Райсут, уæдæ, райсут! Скъоладзауты чысылæй магусатæ уæвыныл ма ахуыр кæнут!

Дыккаг бон Таймураз дохтыримæ æрзылди рынчын сывæллæттыл.

Се ‘ппæт дæр артау сыгъдысты, хуыфыдысты, хъаст кодтой сæ сæртæ æмæ сæ хъуырты рыстæй. Дохтыр дзы алкæмæн дæр ныффыста справкæ, стæй сын сæ ныййарджытæн бафæдзæхста, цæмæй, цалынмæ сæ тæвд дæлæмæ не ‘рхауа, уæдмæ сæ хуыссæнæй сыстын куыд нæ уадзой. Хостæ сын бацамыдта. Мæхæмæт исдуг

ныссабыр, æрмæст-иу, йæ бæхыл бадгæйæ, тарæрфыгæй Таймуразы рæзты æнæдзургæйæ ацыд.

– Ацы лæгæн йæ бон куы уаид, уæд дæ, æвæццæгæн, йæ бæхы къæхты бын бассæндид, – иухатт, Мæхæмæты фæдыл кæсгæйæ, загъта Андрей Сергеевич.

Раст уыцы сахат скъоладзаутæй кæйдæр цины хъæр фæцыд:

– Мæнæ цы нартхор ссардтон! Гагатæй йæ кæронмæты æхгæд!

Таймураз æмæ Мурат дæр, скъоладзаутæ уæвгæйæ, быдыры дыууæ æмæхгæд нартхоры ссардтой. Æгæр дис сыл кæй кæнынц, уый сыхæгты хъазаг ус Разиат фæфиппайдта. Æмæ æцæгхуызæй хъæрæй загъта:

– Æмæхгæд нартхор, дам, арты фыхæй æнæдзургæйæ чи бахæры, уый дам, фыны йæ уарзоны фены!

Изæрæй бавдæлдысты æмæ станы чъылдыммæ арты сарыдтой сæ нартхæрттæ, мыртт-мырттгæнгæ сæ бахордтой.

Таймуразы фæндыд йæ фыны Заретæйы фенын. Муратæн уарзон нæма уыд, фæлæ уый дæр æнхъæлмæ каст йæ фыны искæй фенынмæ.

Райсомæй Мурат Таймуразы æнæрхъæц афарста:

– Цæй, искæй федтай?

– Никæй, – æнкъардæй загъта Таймураз. – Фæлæ дойныйæ мæлын. Ды та?

– Æз дæр никæй федтон. Æвæццæгæн, Разиат сайгæ кодта...

* * *

Скъоладзаутæ та ахуыр кæнын райдыдтой. «Цымæ Зæриффæмæ Заретæйæ ницы хабар ис?» – иудадзыг хъуыды кодта Таймураз. Бæрæг цæмæдæр æнхъæлмæ кæсы, фæлæ, бæлвырдæй цæмæ ‘нхъæлмæ кæсы, уый йæхæдæг дæр дзæбæх не ‘мбары. Хæдзары иунæгæй куы баззайы, уæд æнкъард хъуыдытæ йæ сæрæй нал фæхицæн кæнынц. Циндзинад ын дæтты æрмæст скъолайы куыст. Йæ урочыты ахуырдзауты цæстытæ куы сæрттивынц, уæд ыл хур скæсы. Фæстаг рæстæг та йæм фæзынди ног уацыл бакусыны хъуыды. Ацы хатт æй фæндыди сывæллæтты хъомылады фарстайыл ныффыссын. Мураты зæрдæмæ дæр фæцыд Таймуразы фæндон.

– Ахуыргæнджыты тынг хъæуы ахæм æрмæг, – загъта уый.

– Канд ахуыргæнæджы нæ, фæлæ ма суанг ныййарджыты дæр бахъæудзæн, – бафиппайдта Таймураз. – Алчидæр Мухтарау йæ

сывæллоны, нæ фыдæлтæй нын цы хорз æгъдæуттæ баззад, уыдоныл куы ахуыр кæна, уæд нæм Болаты хуызæттæ къаддæр уыдзæн.

– Уымæй ды раст дæ, – йемæ сразы ис Мурат. – Болат адæмы мыггаг ныййарджытæй хайджын нæ фæци...

Ноябры бæрæгбоны размæ газет «Рæстдзинад»-æй скъоламæ æрæрвыстой сæ уацхæссæджы – æрыгон ахуыргæнджытыл очерк ныффыссынмæ. Мæхæмæт уыцы хабар куы фехъуыста, уæд скъолайы балæууыд.

– Мæ колхозонтæй уæлдай ахуыргæнджытæ кæм арæмыгътой? Æви уæ газеты æндæр кæуыл-цæуыл фыссат, уый не ссардтат?

– Уæ къолхозы тыххæй дæр куы фыстам... – æнцадæй йын дзырдта уацхæссæг.

– «Фыстат...» – афæзмыдта йæ Мæхæмæт. – Сымах хъуамæ фыццаджыдæр заводтæ æмæ махыл фыссат, кæд, нæ уарзон фæтæг Сталин нын нæ размæ цы хæстæ æвæры, уыдон нæ рох кæнут, уæд!

Сталины коймæ уый хорзау нал фæци.

– Æз... æз дын дæ фæндон газеты редакторæн фехъусын кæндзынæн...

– Фехъусын кæн, фехъусын кæн, – йæ сæр батылдта Мæхæмæт, – кæннод æй æз мæхæдæг обкомы хицауадæн фехъусын кæндзынæн...

Уацхæссæг нал афæстиат – аздæхт...

– Цымæ Мæхæмæт мæнмæ цæй тыххæй хæрам у? – изæрæй Таймураз бафарста йæ мады.

Бадинæ цасдæр æнæдзургæйæ алæууыд, стæй дзы сирвæзт:

– Кæддæр ын кæй нæ бакуымдтон, уый тыххæй. Æндæр уæдæ цы уа...

– Цы?! – йæ бынаты хæрдмæ фæхауди лæппу. – Кургæ дæ кодта?

– О, мæ къона, о, йæ минæвæрттæ нæм къахихсыд баисты, фæлæ сын æз разыйы дзуапп нæ радтон. Мæн дæ фыд йеддæмæ ничи хъуыд. Уымæн сси уый дæр, мæгуыр, йæ фыдызнаг.

– Æмæ мын уæд уыцы хабар ныронг куыд никуы радзырдтай?

– Цæмæн? Ныр дæр мæм, æрæджиау, кæй дын æй радзырдтон, ууыл фæсмон куы ‘рцыд...

Лæппу йæ æнæдзургæйæ рæвдæугæ йæ хъæбысы æрбакодта.

– Уый фæстæ кæмæндæрты хъаст кодта, цыма мæн тыххæй иу сылгоймаджы дæр æцæг уарзтæй нал бауарзта.

– Æмæ йын йæ ныхæстыл æууæндыс?

– Куыннæ стæй, – йæ сæр батылдта Бадинæ. – Уый йæ чъизи митæн æфсон агуры. – Стæй уынгæг хъæлæсæй йæ ныхæстæм бафтыдта:

– Дæ фыдимæ цы чысыл рæстæг ацардтæн, уый мæрдты дæр мемæ фæуæд!

– Лæппу, цымæ æгæр тагъд нæ кæныс, дæ ном дардыл куыд айхъуыса, ууыл? – иубон уæлбæхæй афарста Мæхæмæт Таймуразы.

– Болатмæ-иу ратт ахæм фарста. – Æз никæдæм тагъд кæнын.

– Уый хорз у, – бахудæгау кодта Мæхæмæт. – Науæд, тагъд дон фурды не ‘ййафы.

– Бузныг дæ арф хъуыдыджын ныхæсты тыххæй! Æрмæст сæ уæддæр дæ фыртæн арæхдæр кæн.

– Кæмæн сæ кæнон, уый мæнæн амонын нæ хъæуы. Дæуæн та хистæрмæ афтæ дзурын не ‘мбæлы.

–Æппæт карджынтæй хистæртæ нæ рауайы, – Мæхæмæтмæ хæрдмæ комкоммæ скæсгæйæ загъта Таймураз æмæ йæ фæндагыл араст.

Мæхæмæт кæдæй-уæдæй сагъдауæй аззад.

Æнæмæнг сæхимæ Таймуразæй рахъаст кодтаид, æмæ Косерхан уынджы сыхаг устытæн мæстыйæ дзырдта:

– Бадинæйы лæппу æдде бакæсгæйæ куыд сабыр æмæ хæдæфсарм зыны, ахæм нæу! Хистæр цы у, уый нæ зоны. Уый та дын дзы ахуыргæнæг!..

– Хистæртæ дæр мыггаггай сты! – йæхи йæм нал баурæдта Азырхан. – Стæй нæ алчи йæхионы куы уынид...

Косерхан рагæй дæр Азырханы цыргъ æвзагæй тæрсгæ кодта æмæ уайтагъд ныхъхъус и.

Уыцы рæстæг Таймураз сæхицæй рацæйцыд скъоламæ æмæ устытæн салам радта.

– Мах дæр та уынджы дзæнгæда цæгъдæм, – куыддæр æнахуыр къæмдзæстыг хуызы загъта Азырхан.

– Æмæ цы кæны, куы аныхас кæнат, уæд? – бахудтис æм Таймураз.

– Дæ ныййарæджы фæндиаг у, мæ хур!

– Бузныг, Азырхан…

Таймураз ахуыргæнджыты уаты дуарæй куы бакаст, уæд къæсæрыл лæугæйæ аззад: йæ бакомкоммæ Мырзабеджы фарсмæ бадтис Зæриффæ.

– Цыма нæ уазæджы нæ базыдтай, уый каст æм цы кæныс? – Таймуразы худгæйæ афарста Мырзабег.

– Куыд нæ йæ зонын! Æгас нæм цу, Зæриффæ…

– Æгас дæн, Таймураз. Дæ райсом хорз!

– Цæй хорз нæм фæзындтæ?

– Мæнæ, зæгъын, автобусы æрцыды размæ сымах дæр фенон…

– Фен нæ, фен! – худгæйæ загъта Таймураз, йæхинымæр та йæ афтæ фарста: «Заретæйæ дæм хабар нæма уыдис?»

Зæриффæ Таймуразмæ бакаст, стæй та къулы сахатмæ скаст. – Тагъд автобус æрхæццæ уыдзæн…

Кæртмæ рацыдысты. Зæриффæ йын загъта:

– Дæумæ ‘нхъæлмæ кастæн. Заретæйæ та писмо райстон, æмæ дын дзы хицæн бынæттæ бакæсон…

Зæриффæ, йæ хызынгонд фегом кодта, æмæ фыртагъдæй писмо йæ къухтæй зæхмæ æрхауд. Таймураз æй фелвæста æмæ йыл ауыдта Заретæйы адрис.

Зæриффæ писмо йæхимæ айста æмæ дзы æцæгдæр хицæн бынæттæ кæсыныл фæци. Заретæ фыста, зæгъгæ, ныртæккæ иунæгæй цæры. Фæлæ йæм дарддæр цы фæндтæ ис, уый тыххæй та ницы хъусын кодта.

– Кæд йæ зæрды бынтондæр уым баззаин ис? – фенкъард Таймураз.

– Æнхъæл нæ дæн, – загъта Зæриффæ. – Фæлæ цыма йæ зæрды уым мединститутмæ ахуырмæ бацæуын ис…

Æрбайхъуыст автобусы уынæр, æмæ Зæриффæ батагъд кодта.

– Цæй уал, Таймураз.

– Фæндараст у. Зауырбеджы куы фенай, уæд мын-иу æй бафæрс.

Йæхинымæр та сдзырдта: «Ныр Заретæйæн йæ адрис зонын æмæ йæм хъуамæ ныффыссон…»

* * *

– Нателлæимæ нæ дæ урокмæ нæ уадзыс? – Таймуразы бафарста Серафин æмæ йæм фæлмæн бахудти.

– Табуафси, фæлæ мæм хæрз æрæджы куы уыдыстут...

– Æз дæ уроктæм алыбон дæр цæуин... – Мæнмæ дæ урочыты фæстæ мæхи уроктæ ницыуал фæкæсынц, уæлдайдæр та литературæйæ...

– Æмæ мæм абон æвзаджы урок ис.

– Мах æвзаджы уроктæ дæр уарзæм, – ныххудт Нателлæ.

– Цомут уæдæ, – Таймураз æвдæмты журнал скъаппæй райста æмæ чызджыты разæй араст и.

Фæлæ ацы хатт чызджытæ кæрæдзимæ джихтæгæнгæ кастысты: Таймураз æппындæр йæхи хуызæн нæ уыд, куыддæр цыма дзæгъæлтæ кодта. Цæмæй йæ зыдтой, уымæн йæ хъуыдытæ Заретæйыл кæй уыдысты, цытæ йæм фысдзæн, уыдæттыл, уый...

Фæлæ сæхимæ писмо фыссыныл стъолы раз куы 'рбадт, уæд та йæ хъуыдытæ сæмхæццæ сты, цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта. Куы-иу цы ныффыста, куы цы, æмæ та-иу гæххæтт аскъуыдта. Йе 'нкъарæнтæ равдисынæн ын хъæугæ дзырдтæ нæ фаг кодта. Цымæ йæ кæд бауарзта? Æдзух Заретæйы уындмæ кæй бæллы, уый кæд бамбæрста? Таймураз йæ хъуыдыты аныгъуылд. Мæнæ уалынмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр дыууæ æхсæзæм къласы куыд баиу кодтой æмæ сын Мырзабег Секъайы радзырд «Азау» куыд касти, уый. Таймураз уæд Болатимæ иу партæйыл бадти. Иузаман фæсте кæйдæр кæуын ссыд. Лæппутæ фæстæмæ фæкастысты æмæ ауыдтой Заретæйы цæссыгæйдзаг цæсгом.

– Цæуыл тъизыс? – худгæйæ йæ афарста Болат. – Чиныджы æрымысгæ цаутыл цы кæуыс?

Таймураз та, Азауæн тæригъæдгæнгæйæ, йæ цæссыг тыххæй урæдта, æмæ йын Болаты ныхæстæ фæхъыг сты.

Раст уæдæй фæстæмæ хъуыды кодта Заретæйыл, бæллыд-иу йæ фенынмæ. Искæмæй-иу куы фехъуыста, æнæхъæн скъолайы дæр Заретæйæ рæсугъддæр чызг нæй, зæгъгæ, уæд ын-иу æхсызгон уыд! Фæлæ Бадинæйæ куы фехъуыста, Заретæйы мад Дзыгыда сын хæстæг æййафы, зæгъгæ, уæд ыл æваст дуне баталынг.

Таймуразы фæндыд йæ уарзондзинады равзæрды тыххæй ныффыссын, фæлæ тарсти, Заретæ йæ рæстмæ куы нæ бамбара æмæ йæм куы фæхæрам уа... Уымæн нæ фæрæзта аккаг дзырдтæ ссарын йе 'нкъарæнтæ раргом кæнынæн, йæ зæрдæйы дзуринæгтæ зæгъын.

Таймураз дзагъырдзастæй цасдæр фæхуыссыд, стæй йæ хуыссæнæй рахызт æмæ хъавгæ кæрты ‘рдæм рудзынг байгом кодта. Æрбакалд ыл æхсæвы уазал, æмæ лæппу æхсызгонæй сулæфыд.

– Нæ, Зæриффæйы æрбацыд дæр уæгъды нæ уыдаид...Кæд ын Заретæйы писмо дæр зæхмæ хуымæтæджы не ‘рхауд? Кæд æй афтæ фæндыд, цæмæй Заретæйы адрис базона?

Таймураз хъуыдытæгæнгæйæ дыууæрдæм рацу-бацуйыл схæцыд.

Æдде уыди мæйрухс æхсæв. Зымæг æрбахæстæг, æмæ ма бæлæстæн сæ иугай сыфтæртæ тыр-тыргæнгæ хаудтой зæхмæ. Иу сыф дзы дымгæ агъуыстмæ æрбахаста, æмæ йæ тæхгæ-тæхын ацахста. Æнæбары йæ цæмæндæр абарста Заретæйы хъысмæтыл. Уый дæр, дымгæ бæласæй сыфтæр куыд фæхицæн кæна, афтæ фæхицæн йæ райгуырæн бæстæйæ æмæ...

– Куыддæр Зæриффæйыл фембæлон, афтæ йæ алцæй тыххæй дæр комкоммæ бафæрсдзынæн! – фидарæй загъта Таймураз æмæ рудзынг фæстæмæ æрбахгæдта...

* * *

Райсомæй Таймураз куыддæр ахуыргæнджыты уаты къæсæрæй бахызт, афтæ йæм Андрей Сергеевич хæрзæггурæггаг фæцис:

– Де ‘рдхорд «Мах дуджы» ахъаззаджы уац ныммыхуыр кодта Аланты историйыл...

– Уый йæ диссертациимæ баст у, – загъта Таймураз. – Æз ын æй къухфыстæй бакастæн.

– Хорзæй хорз зæгъын хъæуы! Абон æй историйы урочы скъоладзаутæн дæр бакæсдзынæн комментаритæ кæнгæ.

– Хорз у, не скъоладзаутæй ахуыргонд дæр кæй фæзындзæн, уый, – загъта Мырзабег цинхуызæй. – Æз Мураты æдзухдæр курдиатджын лæппуйыл нымадтон.

– Уый иунæг нæ уыдзæн, – йæ ныхас æм баппæрста Сафиат. – Æз мæ лæппутимæ куы фæдзурын æмæ мæм алыхуызон фарстатæ дæттын куы райдайынц, уæд бамбарын, куыд зæрдæргъæвд сты æмæ ног зонындзинæдтæм куыд тырнынц, уый. Чи зоны, æмæ уыдонæй дæр искæмæй ахуыргонд рауайа...

Сафиат ма хъавыди цыдæр зæгъынмæ, фæлæ йæм иуæй-иутæ худгæйæ кæй хъусынц, уый куы бафиппайдта, уæд фефсæрмы ис æмæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта.

Фæстаг рæстæг Сафиат, ахуыргæнджытимæ ныхасгæнгæйæ, нæ бамбары, Мухтары цотæй æппæлын куыд райдайы, уый. Сылгоймаг сæ йæхи лæппутыл нымайы æмæ сæ кой куы фæкæны, уæд йæ цæсгомыл уарзæгой мидбылтыхудт хъазын байдайы.

– Мухтар йæ хорз амондыл фæхæст, – ахæм рæстæг фæзæгъынц ахуыргæнджытæ.

Таймуразы зæрдыл æрлæууыд, кæддæр сæ райдиан скъолайы сæ зæронд ахуыргæнæг Микъала куыд фарста, стырæй уæ кæй цы суæвын фæнды, зæгъгæ. Чи загъта шофыр, чи трактарист, чи летчик, чи дохтыр, чи ахуыргæнæг. Мурат та, афтæ: «Мæн та уæдæ фæнды профессор суæвын!» – Æмæ сывæллæттæ æмхуызонæй ныххудтысты. Уый фæстæ йæ иуцасдæр рæстæг мæстæй мардтой: «Мурат нын пъræфессыр уыдзæн...», «Уæртæ та нæ пъræфессыр æрбацæуы». «Мурат хъуамæ æцæгдæр профессор суа», – ныр йæхинымæр ахъуыды кодта Таймураз æмæ бахудти.

Муратимæ сæ сæ ныййарджытæ хуыдтой æфсымæртæ, иу дзидзи кæй бададтой, уый тыххæй. Мураты мад Фаскамæ æхсыр фаг нæ кодта æмæ-иу æй Бадинæмæ æрбадавта.

– Амæлын нæ ма бауадз, – хъазгæйæ-иу дзырдта уый. – Нæ лæппутæ ныр æфсымæртæ сты.

Куы рахъомыл сты, уæд ноджы хæлардæрæй цардысты. Хъазгæ дæр фылдæр кодтой иумæ.

– Æппын уæ кæрæдзийæ нæма стыхстыстут? – арæх сæ-иу тызмæгæй афарста Фаска, фæлæ-иу йæ хъæлæсы уагæй бæрæг уыд, лæппуты ахастытæ йæ зæрдæмæ тынг кæй цæуынц, уый.

Се ‘хсæн хыл никуы рауад, æрмæст-иу хатгай фæбыцæу сты, фæстаг рæстæг нæ фылдæр чингуытæ чи бакаст, зæгъгæ-иу, ууыл куы дзырдтой, уæд. Исчи сæ-иу ранымадтаид, цы чингуытæ бакаст, уыдоны нæмттæ, æмæ-иу иннæ загътаид, уый дæр сæ бакаст, зæгъгæ, æмæ-иу чингуытæн сæ нымæц æмхуызон куы рауад, уæд-иу сæ дыууæйæн дæр фехсызгон. Мурат фылдæр каст историон романтæ. Таймураз та фылдæр уарзта аиваддон литературæ. Бынтон дисы та йæ æфтыдтой Войничы «Дзынга», Вальтер Скотты «Айвенго», Дюмайы «Граф Монте-Кристо» æмæ «Æртæ мушкетеры». Арæх æм-иу афтæ каст, цыма йæм уыцы чингуыты геройты хуызæнæй цыдæр ис æмæ сæ фæзмын хъæуы.

Таймураз Муратæн куы радзырдта, йæ уацыл ын ахуыргæн-

джытæ куыд цин кодтой æмæ йын йæхицæй дæр куыд æппæлыдысты, уый, уæд куыддæр фефсæрмыгомау.

– Ахæм диссагæй дзы цы ис? – йæ къух куыдфæндыйы хуызæй ауыгъта Мурат. – Мæнæ мын Скитский мæ диссертаци кæд хорзыл банымайа æмæ йæ мæ бон бахъахъхъæнын бауа, уæд æндæр хъуыддаг.

– Уыцы бон дæр та ралæудзæн! – фидарæй загъта Таймураз.– Мураты дын нæ зонын цы!

– Уый – хорз, фæлæ дæхимæ та ногæй цы ис? – афарста йæ Мурат. – Цы уацыл куыстай, уый дын фыст нæма у?

– Чысыл ма йæм æркæсын хъæуы...

Таймураз йæ уацæн афтæ тагъд рауадзын æнхъæл нæ уыд. Æмæ сæм райсомæй постхæссæг газет «Рæстдзинад» куы ‘рбалæвæрдта æмæ дзы йæ уац «Бахъахъхъæнæм нæ ирон æгъдæуттæ» куы ауыдта, уæд йæ цæстытыл нæ бауæндыд. Ныббуц йæхицæй. Стæй, чысыл йе’муд куы ‘рцыд, уæд редакцийы разныхас бакаст:

«Хъыгагæн, фыдæлтæй нын цы фæзминаг æгъдæуттæ баззад, уыдонæй фаг пайда нæ кæнæм скъолаты. Ахуырдзаутæн гæзæмæ дзурæм нæ адæмы истори æмæ культурæйы тыххæй. Уæздæнты Таймуразы уац стыр ахъаз фæуыдзæн хъомыладон куысты куыд ахуыргæнджытæн, афтæ ныййарджытæн дæр».

Ахуыргæнджыты уаты йæ размæ фæцис Мырзабег. Цин æнхъæвзта йæ дзаг цæсгомыл:

– Бузныг, Таймураз! Арфæ дын кæнын æппæт хъæуы номæй дæр!

– Бузныг!

– Махæн дæр Мухтаримæ нæ зæрдæмæ тынг фæцыд. Бузныг, нæ бинонтæй нын кæй феппæлыдтæ, уый тыххæй, – æфсæрмхуызæй загъта Сафиат...

Таймуразæн иуæй æхсызгон уыд, иннæмæй куыддæр зын æргом æппæлæн ныхæстæм хъусын.

* * *

Мæхæмæты бинонтæ æнæнхъæлæджы хъæуæн койаг фесты. Адæм, кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ, дзырдтой, горæтæй сæм цавæрдæр чызг Болатæй сывæрджынæй æрцыд, зæгъгæ. Чызг йæхи схуыдта Болаты уарзон Динæ æмæ куырдта, цæмæй йæ бинонтæ сæхимæ цæрынмæ бауадзой. Таймураз ахъуыды кодта:

Динæ, кæддæр Болат, Нармæ цæугæйæ, автобусы цы дыууæ чызгимæ базонгæ ис, уыдонæй иу. Косерхан æй загъды бын фæкодта:

– Дæ цæсгом нæм куыд бахъæцыд æрбацæуын?! – Чи йын цы зоны, кæмæй банхъæлцау дæ, уый? Тагъд мæ цурæй фесæф!

Динæ фæстæмæ кæугæйæ горæтмæ аздæхт. Мæхæмæты ныхæстæ дæр фæзмыдтой:

– Ныр нæ лæппу, цы чызджытимæ фæвæййы, уыдоны нæхимæ куы уадзон, уæд мæ кауы михтæй фылдæр куы фæуыдзысты!

Фæлæ, æвæццæгæн, Мæхæмæт уæддæр фæтарст, чызг Болатыл куы бахъаст кæна, уымæй æмæ йæ фæдыл горæтмæ ацыд. Æмæ, дам, чызгæн аборт скæнынæн æхца радта...

Косерхан дæр фыццаджы хуызæн нал æппæлыд йæ лæппуйæ. Фæлæ-иу исчи Болаты фауын куы афæлвæрдта, уæд-иу йæ сæрыл рагæпп ласта:

– Чызджытæ йыл сæхæдæг хæлоф кæнынц! Æфсарм сæм нал ис...

Болатыл чидæртæ амбæлдысты фæскомцæдисы обкомы хæдзары раз, æмæ уайтагъд адæмыл айхъуыст, уырдæм æй куыстмæ ивынц, зæгъгæ.

Фæлæ хабар мæнг разындис...

Зауырбег куыд дзырдта, афтæмæй Болат иу æнахуыр хъуыддагыл фæцалх: райкоммæ цæугæйæ-иу уый йæ фæндаг Хуымæллæджы скъолайыл ракодта. Рагацау-иу дзырдуатæй рафыста исты дзырдтæ æмæ-иу, цы амонынц, уымæй æрыгон ахуыргæнджыты баййардта.

– Ау, æмæ институт каст куы фæдæ, уæд уыцы хуымæтæг дзырды нысаниуæг нæ базыдтай? – исчи-иу куы фæкъуыхцы, уæд-иу æй афарста Болат.

– Болат, æвæццæгæн, чызджытæн сæ рæсугъддæры ракурдзæн, – иу хатт læппумæ кæсгæйæ ахуыргæнджыты уаты сусæг хъæлæсæй бафиппайдта сылгоймæгтæй иу.

– Æз мæхиуыл хъадамантæ æвæрынмæ нæма тагъд кæнын, – уыцы дзырдтæ айхъусгæйæ хъæрæй загъта Болат. – Стæй, искæй куы курон, уæд та æрмæстдæр ахæмы равзардзынæн, ме ‘мдзæвгæтæ мын чи æмбара æмæ сын фаг аргъ чи кæна...

* * *

Таймураз та иннæ хæттытау сфæнд кодта ахуырдзауты ныййарджытыл æрзилын. Уымæ афтæ каст, цыма семæ куы аныхас кæны, уæд сывæллæттæн сæ ахуыр бæлвырд фæхуыздæр вæййы. Скъоламæ ныййарджыты æмбырдмæ фылдæр æрбацæуынц ахуырдзаутæн сæ мадæлтæ. Таймуразы та фæфæнды сæ фыдæлтимæ дæр аныхас кæнын. Ахуыргæнджытæй иуæй-иутæ не ‘мбарынц, Таймураз алы хатт хъæуыл цæмæн зилы, уый.

– Цымæ йын æндæр ницы куыст ис, – фæсауунмæ фæдзурынц уыдон.

Æвæццæгæн, фæтæрсынц, Таймуразы хуызæн сæ скъоладзауты бинонтыл зилын куы бадомой, уымæй.

Таймураз фыццагдæр бацæуы Мухтары хæдзармæ. Уым бирæ хорз хъуыдытæ фехъусы сывæллæтты хъомыл кæныны фарстатыл дзургæйæ. Мухтармæ гæсгæ, ныййарæг йæ цотæн фæзминаг куы нæ уа, уæд уыдонæй фидæны хорз байзæддæгтæ нæ рауайдзæн.

Мухтарæн æхсызгон уыд, Таймураз дзы йе статьяйы кæй раппæлыд, уый. Фæлæ йын уæддæр æфсæрмхуызæй загъта:

– Цыма мæ æгæр раджы банымадтай ныййарджытæн фæзминагыл, афтæ мæм кæсы. Мæ цотæй цы рауайдзæн, уымæн нырма бæрæг куы ницы ис…

– Мæн уырны, дæ læппутæй фидæны æгъдауджын æмæ куыстуарзон лæгтæ кæй рауайдзæн, уый, – йæ сæр батылдта Таймураз. – Дæхæдæг куы фæдзурыс, ныййарджытæн сæ цот дæр сæхи хуызæн вæййынц, зæгъгæ.

Мухтар йæ ныхмæ ницыуал сдзырдта…

Таймураз дардæй уынджы бафиппайдта дыууæ læджы цæуылдæр ныхасгæнгæйæ. Лæгтæй иу разынди Мухтар, иннæ – йæ сыхаг Бæдзо. Бæдзо ныллæг æмæ бæзæрхыг лæг, бынæй хæрдмæ касти Мухтармæ æмæ та йæм-иу йæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдта.

Бæдзойы хæдзарæй ныййарджыты æмбырдмæ ничи фæцæуы, æмæ сæ уый тыххæй ахуыргæнджытæ æдзухдæр хъаст фæкæнынц. Таймураз кæм кусы, уыцы кълæстæй иуы Бæдзойы цотæй ахуыр кæны æрмæстдæр йæ кæстæр læппу Дрис. Дрис арæх урочытæм кæны æрæджы. Уымæ гæсгæ скъоладзаутæ худгæйæ фæзæгъынц:

– Дрисмæ дзæнгæрæджы уынæр нæма фехъуыст. Нырма тарф фынæй у.

Бæдзойы бинойнаг Цæмæнхъуыд æлгъитаг æмæ хъæргæнаг усыл нымад у.

– Йе ‘лгъыстытæ дæр рифмæтимæ сты, – фæдзурынц худгæйæ йæ сыхæгтæ.

Арæхдæр дзы фехъусæн вæййы:

– Дрис, судзгæ низæй нырриз!..

Таймураз лæгтæм куы бахæстæг, уæд æм фыццагдæр æрбайхъуыст Мухтары хъæлæс:

– Бæдзо, дæ цæхæрадоны кæрон ма иу мих уæддæр ныссадз, адæмы фос дæумæ дæр æмæ мæнмæ дæр куыд нæуал цæуой, афтæ.

– Æмæ иу михыл та кау бийгæ кæд федтай? – хъуымхъуымгæнгæйæ Мухтары афарста Бæдзо.

– Æз дын мыййаг æцæгдæр иунæг мих нæ садзын кæнын, – æрбамæсты йæм Мухтар. – Æниу уал иу мих дæр бабæздзæн. Изæрыгон-иу расыгæй уæхимæ куы ‘рбацæйцæуай, уæд ыл-иу ахауынæй тæрсгæйæ, дæ цæнгтæ уæддæр атухдзынæ.

Фæстаг дзырдтæ айхъусгæйæ, Таймураз йæ худын нал баурæдта, æмæ йæм лæгтæ æмхуызонæй фæзылдысты.

– Ам дæр та хъомыладон куыст кæныс, Мухтар? – лæгтæн салам ратгæйæ, бафиппайдта Таймураз.

– Ахæм куыстæй исты куы уаид, уæд æз алы бон дæр йемæ бæргæ дзурин, – дзуапп ын радта Мухтар æмæ арф ныуулæфыд.

– Фос нæм кæй цæуынц, уый нæ бинонты аххос у, нæ бинонты, – Таймуразæн хъаст кæныныл фæци Бæдзо. – Мæ каутæ мын сабыргай сугæн басудзынц...

– Æмæ хъæд кæм ис, уый дæ ферох ис? Суг цæуылнæ æрласыс? – йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуыдта Мухтар.

– Йарæбын, Мухтар, мæ астæу риссы, мæ астæу.

– Куывдтæ æмæ хистытыл зилгæйæ дын куы нæ фæриссы...

– Хонæг нæм куы фæзыны, уæд куыд нæ ацæуон? Ирæттæ нал стæм?

– Цыма дæм хонджытæ къахихсыд бавæййынц!

– Уыдоны дæр æгæр чи тыхсын кæны? – бахудти Бæдзо.

Таймуразы фындзыл арахъхъы тæф куы сæмбæлд, уæд бамбæрста, Бæдзо ноздджын кæй у, уый. «Ныртæккæ йемæ Дрисы ахуырыл дзурынæй ницы рауайдзæн», – ахъуыды кодта Таймураз æмæ Мухтарæн йæ сæрæй ацамыдта, йæхи бар уал æй ныууадзæм, зæгъгæ.

Бæдзо рагæй дæр анекдоттæ дзурын уарзы. Æмæ та мæнæ ныр дæр æвиппайды цинхуызæй фæхъæр кодта:

– Фæллæут ма, æз уын анекдот радзурон!

– Цавæр анекдот? – дисхуызай йæ æнæбары афарста Мухтар.

– Йæд у... Æрæджы йæ фехъуыстон... – худгæйæ дзурыныл фæци Бæдзо. – Иу лæг, дам, йæ цæрæнбонтæ хъæргæнаг æмæ хылгæнаг сылгоймагимæ арвыста. Куы амардис, уæд Хуыцауæн радзырдта, йæ усимæ куыд зынтæй фæцарди, уый. Хуыцау, дам, ын фæтæригъæд кодта æмæ йын бар радта дзæнæтмæ бацæуынæн. Раст уыцы рæстæг Хуыцауы раз æрлæууыд ноджыдæр ма иу лæг. Фыццаг лæджы дзырдтæ айхъусгæйæ, уый загъта:

– Æз та мæ цæрæнбонтæ, хъæргæнаг æмæ хылгæнаг сылгоймаг чи уыд, ахæм сылгоймæгтæй дыууæимæ арвыстон.

– Хорз уæдæ, – дзуапп ын радта не ‘сфæлдисæг. – Ды та ныр хъуамæ зындонмæ бацæуай.

– Уæд цæмæн?!– дисгæнгæ йæ афарста лæг.

– Ахæм дыууæ сылгоймаджы фæстæ дæм зындон дзæнæтæй хуыздæр кæй фæкæсдзæн, уый тыххæй, – дзуапп ын радта Хуыцау.

Бæдзо йæ анекдотыл йæхæдæг æппæты разæй йæ дзыхы дзаг ныккæл-кæл кодта.

– Æвæццæгæн, уыцы сылгоймæгтæ дæр мæ бинойнаджы хуызæттæ уыдысты, – æрæджиау ма худгæйæ йæ ныхасмæ бафтыдта уый æмæ ма хъавыди ноджыдæр цыдæр зæгъынмæ, фæлæ уыцы рæстæг кæртæй райхъуысти йæ ус Цæмæнхъуыды мæсты хъæлæс:

– Цæй-ма, арахъхъы боцкъа, уынджы та аргъæуттæ кæныныл цы схæцыдтæ? Мæнæ ма нæ сыхы лæгты хуызæн ды дæр дæ хæдзары исты бакус!

– Уынут, цæрын мæ куыд нæ уадзы, уый? Æз дæр куы амæлон, уæд хъуамæ дзæнæтмæ бахауон, – сусæг хъæлæсæй тарстхуызæй сдзырдта Бæдзо æмæ сабыр къахдзæфтæй мидæмæ араст.

– Дæу та ма, æвæццæгæн, йемæ йæ цоты ахуырыл адзурын фæндыд, – Бæдзойы фæстæ кæсгæйæ, æнкъардæй йæ сæр батылдта Мухтар. – Æниу ахæм лæгимæ фæнды дзур, фæнды ма дзур. Зонджын ныхас æм нæ хъуысы, уæлдайдæр та, ноздджын куы вæйиы, уæд.

Таймураз цæмæндæр йæ зæрдæ дардта, Бæдзойыл искуы æнæрасыгæй куы сæмбæла æмæ йемæ Дрисы тыххæй дзæбæх куы аныхас кæна, уæд цыма уый йæ фыртмæ йæ цæст хуыздæр дарын райдайдзæн, ууыл.

Ау, Аслæмбеджы фыды 'фсымæр Афæхъо дæр ма куы бамбæрста Таймуразы, уæд æй Бæдзо нæ бамбардзæн? Таймуразы зæрдыл æрлæууыд, Афæхъо Аслæмбеджы йæ ахуырæй куыд къуылымпы кодта, уый, цалынмæ иу цалдæр хатты йемæ хибарæй нæ адзырдта, уæдмæ. Таймуразæн тынг феххуыс ис, Мухтар Аслæмбеджы сыхы зæронд лæгтæн газет кæсын кæнын кæй райдыдта, уый дæр. Уыдон-иу ныр алы бон æнхъæлмæ кастысты, лæппу та сæ рæзты скъолайæ кæд æрцæйздæхдзæн, уымæ.

– Рауай та нæм, мæ хур, æмæ нæ Ирыстоны ног хабæрттимæ базонгæ кæн, – загъта-иу лæгтæй исчи, газет «Рæстдзинад» йæ къухы даргæйæ. Аслæмбегæн-иу æхсызгон уыд, лæгтæ дзы-иу æппæлын куы райдыдтой, хорз кæй касти, уый тыххæй, фæлæиу тарсти, сæхимæ афоныл куы нæ бацæуа, уæд та йæм Афæхъо кæй хæцдзæн æмæ-иу йæ каст фæтагъддæр кодта. Лæг æмæ ус куы базыдтой, лæппу кæм бафæстиат вæййы, уый, уæд æм раздæр смæсты сты.

– Адæмæн уынджы лæвар радио дæ? – тарæрфыгæй йæ фарста Афæхъо. – Æви дын нæ хæдзары куыст нал ис?

Æрмæст ын лæгтæ арфæтæ кæнын куы байдыдтой, хорз лæппу хъомыл кæныс, зæгъгæ, уæд уый йæхицæй ныббуц ис æмæ Аслæмбеджы нал хъыгдæрдта. Ныр-иу йæхæдæг дæр арæх бадтис лæгтимæ æмæ-иу зæрдиагæй хъуыста Аслæмбегмæ.

– Æмæ йæ уæдæ институмæ дæр нæ ауадздзынæ? – дис кодтой уыдон.

Таймуразмæ та хорз нæ касти, исчи дзы-иу йæхи цур куы æппæлыди, уæд.

– Æмæ дæ уæдæ Косерханау фаугæ кæной? – худгæйæ-иу æй афарста мад.

Косерхан, о, Таймуразы йæ ныхтæ ныссагъта:

– Кæдæй нырмæ сси Бадинæйы лæппу уырыссаг æвзаджы дæсны?! Æгæр мæгуыр ын Болатичы хуызæн йæ уæлæ галстук дæр никуы фендзынæ.

Болат ма суанг шляпæ дарын дæр райдыдта. «Сыхы куыйтæ йæ нал базонынц æмæ йæ фæдыл рæйгæ разгъорынц», – кæрæ-

дзийæн дзырдтой сывæллæттæ, сæ рæзты-иу Болат хъалхуызæй куы фæцæйцыд, уæд...

* * *

Фыны хатгай Таймураз цæмæндæр чысыл лæппу вæййы. Уынгты нæлгоймæгтæй дзаг бричкæтæ фæцæйцæуынц горæты ‘рдæм. Уый дæр сыхы сывæллæттимæ бæгъæввадæй фезгъоры сæ фæдыл. Æмæ фæтæрсы, йæ фыд цы бричкæйы бады, уый куынæуал баййафа, уымæй. Фыд æм къухæй амоны, мауал згъор, нæхимæ ацу, зæгъгæ. Фæлæ Таймураз нæ кæсы йæ коммæ...

– Хæстмæ цæуæм! Хæстмæ! – хъуысы йæм раззаг бричкæйæ зарæгау кæйдæр хъæлæс, æмæ лæппу, фыр адæргæй, цы кæна, уый нал зоны. Хъæугæрон Таймураз фæсте зайын байдыдта. Ныр æм йæ баба дæр хорз нал зыны. Фæндаджы тæвд рыгæй йæ бæгъæввад къæхтæ судзынц.

– Баба-а-а! – ныхъхъæр кодта Таймураз, æмæ йæ хъæрæй йæхæдæг фехъал ис.

– Цы кæныс, мæ хъæбул? – тарстхуызæй йæ цуры февзæрд Бадинæ, – исты ‘взæр фын уыдтай?

– Цыдæр æнахуыр фын мæ цæстытыл ауад, – æрæджиау, тыхулæфт кæнгæйæ, сдзырдта Таймураз æмæ хъæццулы кæронæй йæ ныхы хид æрсæрфта.

– Уагæр цавæр уыдис дæ фын?

– Æмæ гъа... Ныридæгæн мæ æрбайрох ис...

– Æнафонтæм фæбадыс æмæ уый тыххæй фыдфынтæ феныс...

Фæссихор урокты фæстæ Таймураз йæ фæндаг библиотекæйыл ракодта. Уым æнæнхъæлæджы баййæфта Болаты. Уымæн та, æвæццæгæн, йæ зæрдæ ног библиотекæрмæ бахъазыд.

– Мæнæ дзæбæх чызг, ног чиныгæй дæм ницыма фæзынд? – фарста чызджы Болат, фæлæ, Таймуразы куы ауыдта, уæд цæхгæр уыйæрдæм фæзылд.

– А-а-а, Ушинскийы, Коменскийы, Мырзахъулы ахуырдзау дæр чингуытæ уарзы, – худгæйæ фæкодта Болат.

– Ды дæр ма сæ куы рафæлдахыс!

Болат исдуг æнæдзургæйæ алæууыд, стæй йæ худæнбылæй афарста:

– Дæ фæнд нæма аивтай?

– Цавæр фæнд?

– Аспирантуræмæ цæуыны фæнд... Дæ зонгæ ма кæд фæндагдæттæг у, уæд та мæ фæндæй исты рауайа...

– Ома, ома?

– Туг фæома махæн не знаг!.. Æгæр хорз дæр ма мæ бамбæрстай.

– Зонгæтæ мын бирæ ис, æмæ уыдонæй кæмæй зæгъыс?

Болат йæ цæсгом фæтар кодта.

– Нал сæ уыдайдзыстæм зæронд хабæрттæ... – Æмæ Таймураз чызгмæ азылд

Уымæ хорз нæ каст лæппуты ныхасмæ хъусын æмæ адæргæй йæхи чингуытимæ архайæг скодта.

– Бахатыр кæн, райсом æрбацæудзынæн, скъоладзаутæ чингуытæ куыд кæсынц, уый сбæрæг кæнын мæ фæнды ...

Таймуразы зæрдыл æрлæууыд, ахуыргæнджытæ-иу Болатæн уæлдæр бæрæггæнæнтæ куыд æвæрдтой, уый. Чидæртæ дзы-иу сын сæ хæдзармæ дæр ма цыдысты, цæмæй йæ контролон куыстмæ бацæттæ кодтаиккой, уый тыххæй. Скъоламæ ног директор куы æрæрвыстой, уæд уайтагъддæр хъæуыл айхъуыст, Косерханы хæстæг у, зæгъгæ. Æмæ, æцæгдæр, уый-иу арæх фенæн уыди Мæхæмæты кæртæй рахизгæйæ.

Фæлæ уæддæр Болатæн майдан райсын нæ бантыст: сæрмагонд къамисы уæнгтæ йын йæ фысгæ куыстытæм æркастысты æмæ уынаффæ рахастой, ацы ахуырдзау майданы аккаг æппындæр нæу, зæгъгæ...

Болатыл хъуыды кæнгæйæ Таймураз нæ бамбæрста, йæ цуры автобус куыд æрлæууыд æмæ дзы Мурат куыд рагæпп кодта, уый.

– Цæуыл джихтæ кæныс, ме ’рдхорд? – худгæйæ Таймуразыл йæхи æрбаппæрста Мурат. – Машинæ дæ куы скъуыра, уымæй дæр нæ тæрсыс?

Таймуразы фæндыд йе’рдхордæн Болаты хабæрттæ кæнын, фæлæ тарсти, йæ хорз зæрдæйы уагыл куы нæуал уа, уымæй æмæ йæ афарста:

– Ам бирæ фæуыдзынæ?

– Нæ. Райсом мæ фæстæмæ цæуын хъæуы. Фаска мæм æдзух æнхъæлмæ фæкæсы æмæ... Дæуæн дæ амонд у, æмæ Бадинæйы раз дæ...

Таймураз æваст фенкъард: йæ зæрдыл æрбалæууыд, ахуыры азы кæрон Мæскуымæ кæй ацæудзæн, æмæ йæ мад иунæгæй кæй баззайдзæн, уый...

– Цом уал махмæ, – Таймураз Мураты цонгыл сæхирдæм ахæцыд. – Бадинæйæн дæ фенд æхсызгон уыдзæн.

– Нæ. Изæры уæм фæзындзынæн.

– Æрмæст ма фæсай, æнæмæнг-иу æрбацу...

Уыцы изæр суанг æмбисæхсæвмæ фæбадтысты дыууæ 'мгары – мысыдысты се студентон цард.

– Алы хатт мæ дæуæй фæфæрсы институты буфетгæс Антонинæ. Æдзух, дам, пикулитæ кæимæ хордтат, уый, дам, цы фæци, – дзырдта худгæйæ Мурат.

– Сæ дон дæр ма сын адджынæн хуыппытæ кодтам! – бахудти Таймураз дæр.

– Стипенди дæр нын нæ фаг кодта...

– Стæй Зауырбеджы руаджы вагæттæй æвзалы калын куы райдыдтам, уæд нын цæрын фенцондæр.

– Фæлæ нæ-иу лекциты хуыссæг йæ быны скодта. О, уыдæттæ – хорз, фæлæ дæ диссертацийыл нæма райдыдтай кусын? – бафарста Таймураз.

– Нырма уал кандидаты экзаментæ дæттын. Стæй уæд... – Мурат ма хъавыд цыдæр зæгъынмæ, фæлæ сæм Бадинæ дуаргæронæй æрбадзырдта:

– Æгæр бирæ нæ бадут?

– Æцæг зæгъыс, Бадинæ, æцæг. Ныхæстыл фестæм æмæ! – хатыр курæгау сдзырдта Мурат æмæ фестади. – Таймуразмæ фыццаг уроктæ уыдзæн, мæн та дыккаг автобусы ацæуын хъæуы...

* * *

Таймуразы бæрныгонд æвдæм кълас скъолайы хуыздæрыл нымадтой. Ахуыргæнджытæ дзы иууылдæр æппæлыдысты, уæлдайдæр та, æрæджы институт чи фæци, уый – Дзерассæ. Чызг æвдæм кълас лæвæрдта ирон æвзаг.

– Уым мæм урок куы вæйиы, уæд рагацау фæцин кæнын, – дзырдта иуахæмы Дзерассæ. – Цæмæй дæ нæ бафæрсдзысты, ахæм нæй. Уæлдайдæр, Асламбег. Кълас уымæй фылдæр чингуытæ кæй ничи бакаст, уый бæрæг у йæ зонды ахастæй. Таймуразæн-иу æхсызгон уыд, Асламбеджы хорзы кой-иу куы фехъуыста, уæд. Лæппуйы базонын фæндыд алцы дæр: æвзæгтæ куыд равзæрдысты, цал æвзагыл дзурынц адæм æппæт дунейы... Йæ фыдыфсымæр Афæхъойы хæдзары цæрын ын æнцон кæй нæу, уый зыдта æмæ йын тæригъæд кодта.

Иубон дын Дзерассæ ахуыргæнджыты уаты, скъоладзауты куыстытæм кæсгæйæ, æвиппайды удаистæй сдзырдта:

– Серафин, мæнæ Аслæмбег цытæ ныффыста!

Ахуыргæнджытæ амбырд сты Дзерассæйы алыварс. Уый хъæрæй каст:

«Фидæны коммунизм кæй уыдзæн, мæн уый нæ уырны. Уæд хъуамæ адæм иууылдæр кусой Мухтары хуызæн зæрдиагæй, уарзой кæрæдзи, се ’хсæн ма уа хъæздгуытæ æмæ мæгуыртæ, давджытæ æмæ гадзрахатæй цæуджытæ. Нæ, мæн нæ уырны, фидæны нæм коммунизм уыдзæн, уый. Мах адæм коммунизмы цæрыны аккаг не сты».

– Мæнæ цы хъусын! – фæхъæр кодта Серафин. – Цымæ йын ахæм хъуыдытæ йæ сæры чи фæзынын кодта?

Алырдыгæй райхъуыст:

– Йæ ныййарджытæм ын скъоламæ фæдзурын хъæуы!

– Цавæр ныййарджытæ!? Сидзæр у!

Ахуыргæнджытæ куы фæсабыр сты, уæд Таймураз загъта:

– Æвдæм къласæн æз дæн разамонæг. Аслæмбег æргомæй ныффыста йæ хъуыдытæ æмæ дзы дисы бафтыдта канд сымах нæ, фæлæ мæн дæр ма. Урокты фæстæ æз йемæ аныхас кæндзынæн...

Аслæмбег хабар куы базыдта, уæд йæ чингуытæ рамбырд кодта æмæ дуары æддейы фæци.

Дыккаг бон дæр скъоламæ нæ фæзынд. Афæхъо, дам, æй йемæ хъæдмæ суг ласынмæ акодта. Æртыккаг бон дæр та куы нæ фæзынд, уæд æм Таймураз сæхимæ араст.

Афæхъо хæларæй никæимæ цард. Ноджы ма уыди мулк уарзаг æмæ чъынды адæймаг.

«Афæхъойæн йæ къухæй доны ‘ртах дæр никуы ‘рхаудзæн», – дзырдтой адæм. Сыхы куывдмæ дæр мысайнаг никуы бахаста. «Иумæ дзыккайæ – хицæн сир хуыздæр», – загъта-иу уæд. Афæхъойы кæртæй уазæг никуы рахызт: «Мæхæдæг дæр никæмæ цæуын, æмæ мæнмæ дæр мачи цæуæд. Ресторан мæм, мыййаг, куы нæ ис», – фæзмыдтой-иу æй сыхæгтæ.

Хæсты рæстæг адæм архайдтой, сидзæртæ цы бинонты уыдис, уыдонæн æххуыс кæныныл, арæх цыдысты зиуы. «Æмæ уымæй мæнæн та цы пайда уыдзæн?» – афарста-иу лæг, кæмæндæр та йæ хæдзармæ базилдзысты, зæгъгæ-иу куы фехъуыста, уæд. Быдыры дæр Афæхъо никæимæ кусын уарзта. Архайдта, цæмæй

йын хицæнæй радих кæной йæ хай. Фæлæ йын цас æмбæлд, уымæй фылдæр кусын никуы бакуымдта. «Æз Мухтар нæ дæн, хæрзиуджытæ райсынмæ нæ тырнын»...

Таймураз сæ баййæфта сис амайгæйæ. Салам радта, стæй уæд, лæппумæ амонгæйæ, æнцад бафарста:

– Æгæр бирæ уын нæ кæны хæдзары куыстытæ?

– Æмæ дзы уæдæ лæвархор рауайа? – худгæйæ йæм раздæхт Афæхъо. – Уæдæ йæ кæд ахуыр кæнын нал фæнды, уæд æнцад бада? Æмæ йæ уæд чи хæсдзæн?

– Ау, æцæг дæ нал фæнды скъоламæ цæуын? – Таймураз бакасти Аслæмбегмæ.

Лæппу æнæдзургæйæ йæ сæр дæлæмæ æруагъта. Йæ рустыл фæзындысты цæссыгтæ.

Афæхъо йæ бæсты загъта:

– Цы хъуыдытæ, дам, мæм уыд, уыдон, дам, æргом ныффыстон. Æмæ йын æз афтæ зæгъын: «Дæ хъуыдытæ ‘мбæхсын зон, кæннод искуы кæйдæртау дæ бонтæ ахæстоны арвитдзынæ»...

– Хорз зондыл æй нæ ахуыр кæныс, – бауайдзæф ын кодта Таймураз. – Ныр хъуамæ макæуыл уал æууæнда æмæ йæ хъуыдытæ ‘мбæхсын райдайа?

– Лæппу, æз дæуæй фылдæр ацардтæн æмæ мæм кæд дипломтæ-йедтæ нæй, уæддæр æй хорз зонын, сывæллоны абон куыд хъомыл кæнын хъæуы, уый, – фидарæй скарста зæронд лæг.

Таймураз бамбæрста, Афæхъоимæ сабыр ныхасæй кæй ницы рауайдзæн, уый æмæ цæхгæр алыг кодта:

– Аслæмбег райсом скъолайы куыд уа, афтæ, кæннод дæм æфхæрд æрхаудзæн!

Афæхъо йæхимидæг бахъуыр-хъуыр кодта, фæлæ хъæрæй ницы сдзырдта...

Аслæмбег скъоламæ цæуын райдыдта. Урокты фæстæ лæппу фыццагау йе ’мбæлттимæ футболæй хъазыд. Пурти-иу дуарыл куы бакъуырдта, уæд-иу йæ цинæн кæрон нал уыд.

Уыд хуыцаубон. Таймураз уаты касти скъоладзауты фысгæ куыстытæ. Уалынджы тыргъæй æрбайхъуыст Бадинæ æмæ Зæрæдайы ныхас. Зæрæда у Бадинæйы мады хо. Знон сæм уазæгуаты æрбацыд Зилгæйæ. Таймураз æй бирæ уарзы зæронд усы, фæсауунмæ йæ хоны философ, ивгъуыд бонтыл дзургæйæ алы цауæн дæр аргъ кæныныл кæй архайы, уый тыххæй.

– Зæрондæй ныл азтæ уæлдай тагъддæр тæхынц... Æрыгонæй та рæстæг æнахъинон ныддаргъ вæййы. Мæнæн ныр афæдз иу боны хуызæн агæпп ласы. Чысыл Таймуразæн дæ зæронд къабайæ чингуытæн хызын куы бахуыдтай, уый мæ зæрдыл зноны хуызæн дарын. Афтæмæй ныр уый ахуыргæнæг у.

Зæрæда фæхъус, стæй та æрбайхъуыст йæ фæсусгомау хъæлæс:

– Æвæдза, ног цард ирон адæмæй дæр бирæтæн амонд æрбахаста. Раздæр мæгуыр лæгæн ахуыр кæнынæн фадат нæ уыд. Хорз у, хъæздгуытæ æмæ нæм мæгуыртæ кæй нал ис, уый дæр. Раздæр дын мæгуыр лæппу хъазты уæздæтты чызджытæй искæимæ акафа!..

– Бахатыр кæн, Зæрæда, фæлæ, æвæццæгæн, Таймуразы хъыгдарæм, – мынæг хъæлæсæй сдзырдта Бадинæ. Устытæ ныссабыр сты.

Ног царды коймæ Таймуразы зæрдыл æрбаллæууыд, æрæджы сæм урокты фæстæ Болат йе 'мкусæгимæ куыд æрхæццæ, уый. Ахуыргæнджытæ æрæмбырд сты. «Æвæццæгæн та нæ колхозæн æххуыс кæнынмæ æрвитдзысты», – йæхинымæр ахъуыды кодта Таймураз, Болат йæ бынатæй куы сыстад, уæд.

– Æвзæр хабар дугъон бæхæй тагъддæр тæхы... Мæн никуы бауырнытаид, искуы мæ райгуырæн хъæуы скъолайы ахуырдзаутæй исчи, Парти нæ Сталины разамындæй рухс фидæнмæ кæй кæны, ууыл гуырысхо кæндзæн, уый. Фæлæ уæм æвдæм къласы ахæм скъоладзау разынд. Æмæ, ныридæгæн ахæм зонд кæмæ ис, уымæ райсом та?...

Ахуыргæнджыты уат сусу-бусу сси...

– Сывæллонæй цы агурыс? – æрæджиау загъта Андрей Сергеевич. – Нырма цы 'мбары?

– Æмæ кæй ницы 'мбары, уый кæй аххос у? – цæхгæр æм фæзылди Болат.– Мæнмæ гæсгæ, фыццаджыдæр аххосджын у уыцы къласы разамонæг.

– Таймуразæй зæгъыс?

– О, о, Таймуразæй! Уæдæ кæмæй зæгъын? Уый нын йæхи аспирантурæмæ цæттæ кæны æмæ йæ къласы хъомыладон куыстмæ не 'вдæлы.

– Уый та куыд? – йæ бынатæй фестади Андрей Сергеевич. – Æмæ иудадзыг йæ рæстæг скъоладзаутимæ куы 'рвиты!

– Хъуамæ ахуыргæнæг зона, йæ ахуырдзаутæй чи цæуыл

хъуыды кæны, уый æмæ йын хъуамæ рагацау йæ рæдыд бацамона. Раст нæ зæгъын, Федор Дударович? –Болат, йемæ цы лæппулæг æрбацыд, уый афарста.

Уый æнæдзургæйæ «о», зæгъгæ, йæ сæр батылдта. Стæй та Болат дарддæр йæ ныхас кодта:

– Махæн нæ зæрды уыд Таймуразмæ райкоммæ фæдзурын, фæлæ Фёдор Дударовичы бафæндыд, цæмæй хъуыддагыл ам æрдзурæм. Æз дæр йемæ сразы дæн, кæд фарста ахæм хуымæтæг нæу, уæддæр. Æмæ нæ фæнды, цæмæй сымах раз Таймураз йæ хъомыладон куыстæн, куыд фæскомцæдисон, афтæ йæхæдæг æмбæлгæ аргъ скæна...

Таймураз æнæрхъæц йæ бынатæй фестади, фырмæстæй йæ цæсгом ссырх.

– Æз æй не 'мбарын, æвæлтæрд ахуыргæнæджы скъоладзаутæй чидæр йæ хъуыдытæ æргом кæй ныффыста, уый тыххæй райкомы кусджыты фæдисы цæуын цæмæн бахъуыд!

– Кæсут æм, кæсут?! – фæцъæхахст кодта Болат.– Райкомы кусджытæн кусын амоны! Ныр ай сывæллæтты хъуамæ цæуыл сахуыр кæна?

Ахуыргæнджытæ ныхъхъус сты.

– Æз Аслæмбегимæ аныхас кодтон æмæ йæ базыдтон, афтæ цæмæн ныффыста, уый. Лæппу у сидзæр, цæры йæ фыдыфсымæры хæдзары. Йæ алыварс уыны зыд æмæ кæрæф адæймæгты. Уымæ гæсгæ йæ нæ уырны, ахæмтимæ коммунизм саразæн ис, уый.

– Аслæмбег ницы аххосджын у... – райхъуыст сылгоймаг ахуыргæнджытæй кæйдæр уынгæг хъæлæс.

– Нæу, нæу аххосджын, – схор-хор кодтой иннæтæ дæр алырдыгæй.

Болат йæ сæр ныттылдта:

– Куыд уынын, афтæмæй уал хъомыладон куыст скъоладзауты 'хсæн нæ, фæлæ сымах æхсæн хъæуы!

– Лæппу, æгæр зондджын не сдæ? – Андрей Сергеевич йæхиуыл схæцыд, сыстад. – Знон дæр ма не скъоладзау куы уыдтæ, уæд нæм цытæ уæндыс?

– Æз... æз... – фæкъæзæнæг и Болат. – Сымах æй кæронмæ не'мбарут, нæ Парти уæ цы домы, уый...

Федор Дударович ын йæ цонгмæ февнæлдта, ома, мацыуал дзур, зæгъгæ. Æмæ йæхæдæг рæвдаугæ хъæлæсы уагæй загъта:

– Уе скъола Ирыстоны раззагдæр скъолатæй иуыл нымад у. Мæхæдæг Луизæ Ивановнæйы кой арæх хъуыстон. Мæн уырны, сымах дæр ахуыргæнæджы ном кæй никуы æрныллæг кæндзыстут, уый...

Ахуыргæнджыты цæсгæмттæ фæрухс сты, Болат та йæ сæр бынмæ æруагъта...

Таймураз ма иучысыл абадтис, стæй скъоладзауты тетрæдтæ иуварс æрæвæрдта æмæ тыргъмæ рахызт. Уым се'лвисинæгтимæ архайгæйæ бадтысты Бадинæ æмæ Зæрæда.

– Мæ уд дæ фæхъхъау æрбауа, Таймураз, уый бæрц цæмæн кусыс? Цæстытыл ауæрдын хъæуы...

– Ма сын тæрс, Зæрæда, – бахудтис æм.– Нырма цæргæсæй уынагдæр дæн...

– Ома мæхæдæг судзины бын нал уынын æмæ... – ныуулæфыд Зæрæда.

– Уанцон нæу! Нырма ахæм зæронд куы нæма дæ, – худгæбылæй сдзырдта Таймураз.

– Мæ мады стæн, нырма мыл æртиссæдз азы дæр æххæстæй нæма цæуы!..

* * *

Зæриффæ та æрбацыд скъоламæ. Иуцасдæр æнæуи ныхæстæ акодтой, стæй йын загъта, Заретæйæ та, дам, писмо райстон. Таймуразы зæрдæ æваст сгуыпп-гуыпп кодта.

– Кæд дæ фæнды, уæд æй ды дæр бакæс...

Таймураз, цыма йæ къухæн асудзынæй тарст, уыйау дзы хъавгæ райста писмо. Иуцасдæр æй сыгом кæнын дæр нæ уæндыд.

– Бакæс æй, ахæмæй дзы ницы ис...

«Дæ бонтæ хорз уæнт, Зæриффæ, – фыста Заретæ. – Дзуапп та дын дæттын. Фыццагау кусгæ дæр кæнын æмæ ахуыр дæр. Институт куы фæуон, уæд хъуамæ нæхимæ ацæуон. Арæхæй арæхдæр æрымысын нæ хъæу, нæ райгуырæн бæстæ. Сталинабадмæ дæр дардæй зынынц урссæр хæхтæ. Горæты фарсмæ цы бæрзонд къуыбыртæ ис, уыдон та мæм кæсынц, Рагъы-хъæуы алфамбылай цы къуыбыртæ ис, уыдоны хуызæн.

Не 'мкъласонтæй ма кæй феныс, Зæриффæ? Куыд цæрынц? Ды мæм фыссыс, Таймуразæй хорз ахуыргæнæг рауад, зæгъгæ. Тынг æхсызгон мын у. Салæмттæ йын ратт...»

Таймуразæн йæ улæфæнтæ ахгæдтой, дарддæр кæсын йæ бон нал сси.

Æхсæвы та йæ фыны уыдта Заретæйы. Уый лæууыди дидинæгджын къуыбырыл æмæ йæм ардæм рацу, зæгъгæ, йæ къух тылдта. Таймураз архайдта чызджы цурмæ схизын, фæлæ йын ницы ‘нтысти. Дидинджытыл та-иу йæ къах фæбырыд æмæ таиу йæ уæрджытыл æрхауд. «Уæдæ Заретæ ахæм бæрзæндтæм куыд схызт?» – йæхинымæр хъуыды кæны Таймураз æмæ бынтондæр схъуырмæ. «Бахъæц, Заретæ! Ныртæккæ дæм схæццæ уыдзынæн!» – хъæр кæны, фæлæ йæ хъæлæс йæхимæ дæр нæ хъуысы. Уалынмæ Заретæ цыдæр æрбаци, æмæ Таймураз фехъал ис...

– Рухсады Министрадæй нæм уазджытæ фæзынд, – райсомæй фехъусын кодта Андрей Сергеевич ахуыргæнджытæн.

– Æмæ кæм сты?– афарста йæ Таймураз.

– Директормæ ...

– Дæ-дæ-дæй! Мæ урокмæ мын куы нæ ‘рбацæуиккой! – рæбынæй райхъуысти сылгоймæгтæй кæйдæр тарст хъæлæс. – Искæй раз мæ сывæллæттæ багоби вæййынц.

Таймуразы дæр нæ фæндыд, уазджытæ йын йæ урокмæ бацæуой, уый, фæлæ уæлæмæ ницы сдзырдта.

– Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы хатт дæр та хуыздæр Таймуразы урок уыдзæн, – хæлæггæнæгау бафиппайдта Аннæ Александровнæ.

Уалынмæ горæтæй æрвыст лæгтæ кæрæдзи фæдыл дуарæй æрбахызтысты.

– Нæ уазджыты уал фыццаг сбæрæг кæнын фæнды дæсæм къласы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ зонындзинæдтæ, – фехъусын кодта директор æмæ Таймуразы ‘рдæм бакаст.

Таймураз зивæггæнæгау уазджыты разæй араст.

Скъоладзаутæ сахуыр сты, арæх сæм æнæзонгæ адæм кæй фæбадынц, ууыл æмæ сæхи æндæрхуызон дæр нæ фæкодтой. Урочы темæ уыд Шолоховы роман «Поднятая целина». Фæстагмæ абарстой ацы уацмыс Мамсыраты Дæбейы роман «Уæззау операци»– имæ. Дыууæ романы сæйраг геройтæм, Давыдов æмæ Зауырбегмæ, раиртæстой æмхуызон миниуджытæ. Урок æвзаргæйæ, уазджытæ æппæлыдысты, Таймураз алы ног мадзæлттæй куыд дæсны пайда кæны, уымæй.

* * *

Диссаг: ацы хатт дæр та Таймураз йæ фыны, Сталинабады фарсмæ цы къуыбыртæ ис, уыдон уыны! Æрмæст дзы ныр дидинджытæ нал ис. Хур сæ басыгъта, æмæ къуыбыртæ фæсау сты.

– Зæхх уарын хъуаг у, – кæцæйдæр Таймуразмæ хъуысы Зæрæдайы хъæлæс. – Цæмæй рауара, уый тыххæй хъуамæ сывæллæттæ дзыргъа-мыргъа скæной.

Таймуразы зæрдыл æрбалæууыд, лæппутæ-иу хус рæстæг дзыргъа-мыргъа кæнгæйæ хæдзарæй-хæдзармæ куыд зылдысты, уый. Сæ иуыл-иу æркодтой зæронд голлаг. Уый-иу разæй цыдис, йæ фæстæ та иннæ лæппутæ æмæ-иу хъæр кодтой:

– Дзыргъа-мыргъа, уарын гуыссæ! Дзыргъа-мыргъа, уарын мысæм!

Гыццыл лæппутæ-иу, æвæццæгæн, нæ зыдтой, дзырд «мысын» цы амоны, уый, æмæ-иу хъæр кодтой:

– Дзыргъа-мыргъа, уарын гуыссæ!

Хæдзарæй-иу исчи сæ размæ рауади доны бедраимæ æмæ-иу æй, голлаг кæуыл уыд, ууыл худгæйæ бакалдтой. Уый фæстæ-иу сын рахастой исты дыргътæ, æйчытæ, кæнæ æрхуы æхцатæ. Хатгай-иу, цæмæй рауара, уый тыххæй куывдтæ дæр скодтой.

Таймуразæй нæ рох кодта: Косерхан-иу дзыргъа-мыргъагæнджыты сæхимæ куыд нæ уагъта:

– Ауайут ардыгæй, кæннод уыл уæртæ нæ куыдзы сардаудзынæн, – бартхъирæн сæм-иу кодта...

Таймураз кæсы хæрдмæ къуыбыртæм. Фæнды йæ Заретæйы фенын, фæлæ йæм нæ зыны. «Æвæццæгæн, къуыбыртыл дидинджытæ кæй нал ис, уый тыххæй сæм не схызти», – дзуры йæхинымæр.

– Таму, скъоладзаутимæ ма сын дзыргъа-мыргъа акæнут, кæд нæм иучысыл уæддæр рауарид, – дзуры йæм Бадинæ, фæлæ йæм уый дæр йæхæдæг нæ зыны.

– Æмæ голлаг та кæм ссарон, Бади? – йæхимидæг стыхсти, æмæ фехъал ис.

– Сæумæрайсом цы диссаджы уарын рацыд! – тыргъæй йæм æрбайхъуыст Зæрæдайы хъæлæс.

– Сой нæу, сой?!– цингæнгæйæ дзуры Бадинæ. – Зæхх та сулæфдзæн.

Æдде цыди тæрккъæвдайы сæх-сæх. Иуцасдæр ма Таймураз ахуыссыди уарыны уынæрмæ хъусгæйæ.

Уарын банцад, æмæ Таймураз йæ дарæс кæнынмæ фæци. Чысыл фæстæдæр уатмæ æрбахызт Бадинæ.

– Мæнæ та дæм кæцæйдæр писмо...

Таймураз тагъд-тагъд фегом кодта къонверт æмæ кæсы:

«Зынаргъ, Таймураз!

Журнал «Мах дуг»-ы редакци дын дæ радзырд «Сидзæр лæппу» райста. Хорз æвдыст дзы цæуы хъæууон цард. Йе 'взаг у рæсугъд æмæ хъæздыг аивадон мадзæлттæй. Хъуамæ мыхуыргонд æрцæуа журналы хæстæгдæр номыртæй иуы. Арфæ дын кæнæм...»

– Писмо кæцæй у? Цы дæм фыссынц? Хорз хабар дзы ис æви? – тыхстхуызæй фарста Бадинæ.

– Хорз хабар, Бади, хорз!.. – загъта йын æмæ йæ æрбахъæбыс кодта.

Бадийы зæрдæ суынгæг:

– Дæ радзырды цы сидзæр лæппуйы кой кæныс, уымæн тæригъæд кæнын. – Раст мын цыма хорз зонгæ у, афтæ мæм кæсы...

Радзырд ахуыргæнджытæй чи нæ бакаст, ахæм нал уыд. Ууылдæр дзы æппæлыдысты. «Æвæццæгæн, радзырды йæхи цард æвдисы», – зæгъгæ дзырдтой.

«Цымæ мын æй Зæриффæ Заретæйæн нæ арвитдзæн? – хъуыды кодта Таймураз. Тынг æй фæндыд, Заретæ дæр æй куы бакæсид, уый...

* * *

Хæсты рæстæг адæм кæрæдзиуыл цыма иузæрдиондæр уыдысты, тыхст сахат сыхагæн феххуыс кæнынылнæ ауæрстой. Ныр сæ дуæрттæ фидар æхгæнын райдыдтой, фыццагау сæм хионау нал бауайдзынæ. Раздæр-иу изæрыгæтты фæсивæд къордтæ-къордтæй бадтысты хæдзæртты раз, хъуысти-иу фæндыры цагъд, хъазæн ныхæстæ, худын. Ныр чызгæй-лæппуйæ сæхи горæттæм айстой, æмæ зæрæдтæ иунæгæй баззадысты.

Таймураз бынтондæр нынкъард вæйиы, хæстæй чи нæуал раздæхт, уыдоныл хъуыды кæнгæйæ. Сыхы искуы-иу хæдзарæй фæстæмæ, хæсты быдырæй сау гæххæтт чи нæ райста, ахæм нæй. Бадинæмæ дæр ссыд ахæм уац, фæлæ уæддæр Таймуразы нæма уырны, йæ фыд æгас нал у, уый. Мардæй йæ куы ничи федта. Сæ сыхаг Баппуйæн йе 'мбæлттæ, йæ дзыппы йын цы къам ссардтой, уый дæр сæрвыстой.

Къамы уыдис йæ бинойнаг Тамарæ йе'ртæ сывæллонимæ. Таймуразы цæстыл арæх ауайы, Тамарæ-иу лæгуæрдонæй тулдзджын къохæй сугтæ куыд ласта, уый. Чысыл лæппу-иу йæ размæ рауад æмæ-иу ын æххуыс кæнынмæ фæци, фæлæ йæ бон цас уыд? Иу хатт ма Таймураз йемæ куыроймæ дæр ацыд. Фæндагыл, æвæццæгæн, сылгоймаг бамбæрста, лæппу йын тæригъæд кæй кæны, уый æмæ барæй йæхи хъæлдзæгæй æвдисын байдыдта. Иу рæстæг ма заргæ дæр акодта.

– Бади, Тамарæ йæ уæрдоны уыйас бирæ сугтæ цæмæн самайы? – дисгæнгæйæ-иу афарста лæппу йæ мады, хъæдæй таиу сæ цурты, йæ хид калгæйæ, куы 'рцæйцыд, уæд.

– Цы кæна, мæгуыр, цæмæй йæ сывæллæттæ зымæджы ма суазал уой, ууыл архайы,– дзуапп ын-иу радта Бадинæ.

– Æмæ йыл исты куы 'рцæуа, уæд та?

– Хуыцау бахизæд! Уæд йæ сывæллæттæ бынтон дзæгъæлæй баззайдзысты.

Тамарæ фыццагау йæхиуыл нæ ауæрста. Фæлæ уæззау куыстæн нæ бафæрæзта: фæззæджы райдайæны рæуджыты низæй фæрынчын. Дзырдтой, лæгуæрдон ласгæйæ, дам, тæвдæй уазал дон банызта...

Мæйы фæстæ Тамарæ йæ рухс дунейæ ахицæн. Йе 'ртæ сывæллоны йын хæстæджытæ сæ кæрæдзиуыл байуæрстой. Таймураз-иу сæ хæдзары рæзты куы фæцæйцыд, уæд-иу æнæбары кæрты дуары раз æрлæууыд. Уымæ-иу афтæ каст, цыма дзы уыцы минут сывæллæттæй исчи уынгмæ разгъордзæн, фæлæиу мидæгæй змæлæг нæ уыд.

Цалдæр азы фæстæ, сывæллæтты хистæр фарæстæм къласмæ куы схызт, уæд сæ хæстæджытæ баиу кодтой, æмæ сæхæдæг сæ хæдзары хицæнæй æрцардысты. Адæм сидзæртæм сæ цæст дæрдтой. Ныр æртæйæ дæр ахуыр кодтой скъолайы.

Хистæр Мæдинæт йæхи афтæ дардта, цыма йыл йæ азтæй фылдæр цæуы. Хъæрæй дæр никуы ныххудт. Йæ кæстæртæ Дауырбег æмæ Минкæ та-иу цыфæнды хъазæн ныхасыл дæр сæ кæл-кæлæй нал æнцадысты. Мæдинæт сын-иу арæх уый тыххæй бауайдзæф кодта. Æвæццæгæн, уыдон нæма 'мбæрстой, сæ хистæр хо æдзух хъуыддагхуыз цæмæн у, уый...

Дарддæр-иу Таймураз хъуыды кæнын райдыдта зæронд Гадзыбо æмæ Фырдийы дыууæ лæппуйы Мырбег æмæ Гаппойыл. Æгас хъæуы кафынмæ æмæ зарынмæ уыдонæй дæсныдæр нæ уыд.

Таймуразы зæрдыл æрлæууыд, сыхы лæгтимæ сæ бричкæ хæстмæ куы фæцæйласта, уæд Хæсанæйы зарæг куыд кодтой, уый. Дыуæйæ дæр афæдзы фæстæ Харьковы бынмæ иу бон фæмард сты...

Таймураз нæ бамбæрста, уатмæ Зæрæда куыд æрбахызт, уый.

– Мæ уыд дæ фæхъхъау æрбауа, цæуылдæр та сагъæс кæныс. Дæ мад афтæ зæгъы, мæн тыххæй, дам, йæ дарддæры ахуырæй къуылымпы кæны. Нæ, дам, æй фæнды мæн иунæгæй ныууадзын. Æмæ кæд æцæгдæр афтæ у, уæд ма тыхс: æз уал йемæ цæрдзынæн.

– Бузныг, Зæрæда, бузныг... – læппуйæн йæ улæфæнтæ ахгæдтой.

– Тыхсгæ ма кæн, мæ хъæбул, хъуамæ дæ фæндтæ сæххæст кæнын дæ къухы бафта, – йæ мæллæг къухæй Таймуразы рус рæвдаугæйæ æрсæрфгæйæ ногæй сдзырдта Зæрæда.

– Дæ радзырд дын бакастæн. Зæрдæмæдзæугæ рауад, – йе 'рдхорды къух исгæйæ загъта Мурат.

– Ма мæ æппæл! – бахудти йæм Таймураз. – Мæхиуыл дын æгæр куы фервæссон, уæд та? Цæттæ Болат нæ уыдзынæн?

Бадинæйы фарсмæ фæзынди Зæрæда дæр.

– Уый Фаскайы læппу у, – загъта йын Бадинæ, Муратмæ ацамонгæйæ. – Тамуимæ рагæй дæр æфсымæрты хуызæн цæрынц.

– Уый хорз у, – Зæрæдайы цæсгом фæрухс и. – Лæгтыдзуар сыл аудæг уæд...

Бацыдысты уатмæ æмæ Мурат загъта, Скитский йын разы кæй у, йæ архайдæй. Таймураз дæр ын йе скъоладзаутæй æппæлыд.

Мурат худгæйæ афтæ бакодта:

– Де скъоладзаутæй фæхицæн уæвын цыма дæ бон нæ бауыдзæн æмæ Мæскуымæ дæр нал ацæудзынæ, афтæ мæм кæсы.

– Æнæмæнг ацæудзынæн!– фидарæй загъта Таймураз. – Ныр Бадинæ иунæг нал уыдзæн: Зæрæда йемæ цæрдзæн.

– Тынг æхсызгон мын у! Æрмæст-иу дæ Мæскуыйы Цезары ныхæстæ ма ферох уæнт.

– Ома?

– «Фæлтау провинцийы фыццаг у, Ромы дыккаг уæвыны бæсты».

– Ома?

– Ома, læгæн хи бæстæйы цы аргъ скæной, уый йын æндæр ран не скæндзысты.

Ацы ран Таймураз йæ худын нал баурæдта:

– Æмæ мæм исты Мæскуыйы дыккаг бынат æрхаудзæн?!

– Чи дын цы зоны?

– Мæхæдæг мæхи! Æз Ирыстоныл стырзæрдæ никуы суыдзынæн!

* * *

Хъæуыл уайтагъд айхъуыст: Таймураз Мæскуымæ ахуырмæ цæуы! Æмæ бирæтæ дис кодтой, институт куы фæцис, уæд ма йæ цæй ахуыры мæт ис, зæгъгæ.

Хабар скъоладзаутæн фæхъыг, æрæнкъард сты, уæлдайдæр та Аслæмбег. Таймураз дæр тарсти, уый аххосæй лæппу йæ ахуырæй куы фæцух уа æмæ Афæхъойæн кусæгæй куы баззайа. Андрей Сергеевич бамбæрста Таймуразы уавæр æмæ йын фидарæй зæрдæ бавæрдта, Аслæмбегмæ скъола йæ цæст кæй дардзæн æмæ йæ бахъыгдарын кæй никæмæн бауадздзæн.

Таймуразмæ фæдзырдтой Рухсады министрадмæ.

«Æвæццæгæн та мыл Болат исты ахæм ныффыста», – хъуыды кодта Таймураз. Министрады йæ размæ фæци министры фыццаг хæдивæг.

– Хорз у, кæй схæццæ дæ, уый! – бацин кодта уый.– Министр дæм æнхъæлмæ кæсы...

– Цæй, куыд цæуы дæ куыст? Ахæм хорз уроктæ ма дæттыс? – хъæлдзæгæй йæ афарста, министр.

Таймураз йæ уæхсчытыл схæцыд.

– Фырнымд хорз миниуæг у... О, мах фæнды, уæ районы дæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйæ инспекторæй сæвæрын.

Æвæццæгæн, министр æнхъæл уыд, æмæ Таймураз цингæнгæйæ сразы уыдзæн ахæм кадыл. Фæлæ уый фæсагъæсхуыз, батыхсæгау кодта:

– Буз... бузныг, фæлæ... фæлæ æз аспирантурæмæ... Мæ гæххæттытæ Мæскуымæ арвыстон...

– Аспирантурæмæ? – йæ бæзджын æрфгуытыл уæлæуæз схæцыд. – Уый хорз у, тынг хорз! Аспирантурæйы фæсауунмæ ахуыргæнгæйæ инспекторæй кусдзынæ...

Министры стъолыл ныззыланг кодта телефон.

– Цæй, афæндараст у, – телефоны хæтæл исгæйæ йын загъта министр.

Уæдæмæ Мураты фена: уый зоны лæгæн хъæугæ уынаффæ

бакæнын. «Кæд хохмæ наукон экспедицийы нæ ацыд, уæд æй хъуамæ институты библиотекæйы баййафон»...

Мурат æцæгдæр уым разынди.

– Кæцæй фæдæ? – мынæг хъæлæсæй йæ афарста Мурат, стæй сыстад æмæ къæлидормæ рацыдысты. Таймураз ын хъуыддаг цыбырæй бамбарын кодта.

– Æмæ уæд аспирантурæ та? – бадис кодта Мурат.

– Уым, дам, фæсауунмæ ахуыр кæндзынæ.

– Нæ, ууыл ма сразы у!

– Æмæ мын уæдæ куыд кæнгæ у?

– Æз дын æй бацамондзынæн...Ацу Мæскуымæ æмæ аспирантурæмæ экзаментæ ратт! Куы бахауай, уæд уырдыгæй сдзурдзысты министрмæ.

* * *

Дæсæм кълас фыстой сочинени ахæм темæйыл: «Цæуыл ныффыссин чиныг, æз фыссæг куы уаин, уæд».

Таймуразы иуæй-иуты куыстытæ стыр дисы бафтыдтой. Иуты фæндыд, хæстæй чи нал раздæхт, уыдоныл ныффыссын, иннæты та ахуыргæнæджы кæнæ дохтыры дæсныйадыл. Фæлæ Таймуразы æцæгдæр стыр дисы Рæхимæты сочинени бафтыдта. Уый йæ чиныджы хъуамæ равдыстаид, фидæны йæ уарзон læппумæ мой куыд скæндзæн, райгуырæн бæстæйы аккаг цот куыд хъомыл кæндзысты æмæ амонджынæй куыд цæрдзысты. Æмæ Рæхимæтæй куы раппæлыди, уæд æм скъоладзаутæ æрхатыдысты, бакæс нын æй, зæгъгæ.

– Кæд Рæхимæты фæнды, уæд æй йæхæдæг куы бакæсид, – загъта Таймураз.

– Бакæс нын æй, бакæс нын æй! – алырдыгæй схор-хор кодтой йе ‘мбæлттæ.

Рæхимæт уæззаугай сыстад æмæ æфсæрмхуызæй кæсын байдыдта. Лæмбынæг æм хъуыстой, фæлæ Рæхимæт цоты кой куы скодта, уæд сыл худæг бахæцыд.

– Цал сывæллоны мад уыдзынæ, уæддæр?

– Æмæ дæ лæг та чи уыдзæн?

Рæхимæт иуцасдæр æнæдзургæйæ лæууыд, стæй æвиппайды ныккуыдта æмæ йæ бынаты фæтъæпæн.

– Мæнмæ гæсгæ, Рæхимæт йæ хъуыдытæ æргом æмæ аивæй ныффыста. Æмæ уый у æппæлинаг хъуыддаг, – загъта Таймураз,

къласыл йæ цæстæнгас ахæсгæйæ. – Бузныг, Рæхимæт, æгайтма дæм дæ фидæн ахæм хорз хъуыдытæ сæвзæрын кодта.

Фæлæ та хабар цыдæр хуызы сæмбæлди Болаты хъустыл, æмæ та уый скъолайы æрбалæууыд.

– Цымæ ахуыргæнджытæй иуæй-иу хъалтæ хъомыладон куыстмæ æмбæлгæ цæстæнгас æвдисын кæд райдайдзысты? – директоры дуарæй дзургæ-дзурыны бахызт. – Фæскомцæдисоны кадджын ном чи хæссы, уыцы ирон чызг йæ сочиненийы фыссы, ныридæгæн йæ зæрды моймæ ацæуын кæй ис æмæ мад суæвын. Ахæм чызг, худинаг цы у, уый не ‘мбары æмæ йын фæскомцæдисы бынат нæй!

– Чызг йæ фидæныл кæй хъуыды кæны, уый рæдыд хъуыддагыл нымайыс? – сабырæй бафарста директор.

– Хъуыдытæ се ‘ппæт хурмæ хæссын нæ хъæуы, – фидарæй алыг кодта Болат.

– Фæлæуу-ма, Болат, фæлæуу, скъоладзауæн йæ фидæныл хъуыды кæныны бар нал ис? Уый тыххæй йæ фæскомцæдисы рæнхъытæй æппарын хъæуы?

– Æз скъоладзау чызгæн йæхи уыйас зылын нæ кæнын, – фæкъæзæнæг и Болат. – Азым фыццагдæр йæ ахуыргæнæгмæ хауы.

– Таймуразæй зæгъыс? – бахудти Михаил Борисович.

– Æндæр уæдæ кæмæй?!

– Нæ зонын, уе ‘хсæн ахæмæй цы рауад, уый, фæлæ йæм хорз зæрдæ кæй нæ дарыс, уый æппæт дæр зонынц. Æмгæрттæ, æмхъæуккæгтæ уæддæр стут...

Болат та ацы хатт дæр былкъуырд фæци.

* * *

Таймураз бадт Дзæуджыхъæуы вагзалы, поездмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ. Алырдыгæй хъуысти, бæлццæтты æмæ сын фæндараст зæгъынмæ чи ‘рбацыд, уыдоны æмтъеры дзурын. Уымæн йæ зæрдæ уæддæр Бадинæмæ ‘хсайдта. Райсомæй йын æртæ чъирийы скодта æмæ йын уынгæг хъæлæсæй Хуыцаумæ скуывта. Таймуразмæ афтæ касти, цыма йæ скæуынмæ бирæ нал хъуыди, æмæ йæхи зæрдæ дæр æрбалхъывта. Хорз уыд, æмæ Зæрæда хъазæн ныхæстæ кæнынмæ фæци.

Бадинæйы фæндыд йемæ Дзæуджыхъæумæ рацæуын, фæлæ йæм Мæхæмæт быдырмæ фæдзырдта.

Стæй та зæрдыл Заретæ æрбалæууыд. Цымæ, уый æцæг сыздæхдзæн Ирыстонмæ? Кæд ма фембæлдзысты иумæ?

Таймуразæн фæстæрдыгæй чидæр дыууæ къухæй йæ цæстытæ ахгæдта.

– Мурат дæ, базыдтон дæ! – худгæйæ фæхъæр кодта Таймураз.

– Æцæгæй дæ базыдта, – Таймуразы хъустыл ауадис Зауырбеджы хъæлæс.

Адæм цымыдисæй кастысты, лæппутæ кæрæдзиуыл куыд зæрдиаг цинтæ кæнынц, уымæ.

– Мах сусæгæй дæ æрфæндыд Мæскуымæ ацæуын? – Таймуразы риу басхуыста Зауырбег.

– Æмæ сымахæй исты басусæг кæнæн ис? – Цæмæй йæ базыдтат, абон кæй цæуын, уый?

– Адæм хорз сты!

Поезд фенкъуысти. Таймураз лæууыд рудзынджы раз æмæ касти, Мурат æмæ Зауырбег, сæ къухтæ тилгæйæ, иуцасдæр поезды фæдыл куыд тындзыдтой, уымæ.

Фæсте баззад йæ царды ахъаззагдæр хай... Разæй та – æбæрæг фидæн, бæллиццаг амондæй йын зæрдæвæрæг...

БРЫТЪИАТЫ АСЛÆНБЕГ: 75 АЗЫ



БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег

ЗЫНГ ÆМÆ ÆРТХУТÆГ

НОМЫ ЦЫТ

Зæххыл нæ фыдæлтæ бындурæн
Ныууагътой махæн ном – Ирон.
Сæ ныфс, сæ кадыл абон дзурæм,
Æгъдауыл аразæм нæ бон.

Фыдæлтæй мах куыд уæм æдыхдæр, –
Сæ разæй тахти-иу сæ кой,
Сæ нæмтты цытæй зæхх æртыхтой,
Цæмæй мысинæгты цæрой.

Нæ фесты риуы зынг æртхутæг:
Кæд тохы мард фæци мæ фыд,
Уæддæр у амонæг мæ удæн
Фæндаг аразынмæ бæлвырд.

Йæ кадыл алчидæр фæкувы,
Куыд кувы фарнмæ хорз æфсин.
Йæ зæйцыл чи вæйиы æнувыд,
У уымæн базырджын йæ цин.

Æвдыстой кæстæртæ дæр намыс,
Æгæр тугмондаг у нæ дуг,
Сæрибар Ир, ды сæ рæвдауыс,
Дæуæн нæ ауæрстой сæ туг.

Хуымгæнæгау у алчи тауæг,
Чи тауы уарзт æмæ æгъдау,
Цы фыд у кæстæртæн рæвдауæг,
Ысуадзы уый номы цыт тау.

Цæмæн уон фыдæлтæй æдыхдæр:
Йæ бирæ фæндæгтæ зæххæн
Сæ бæхты цæфхæдтыл æртыхтой,
Цæмæй цæвиттон уой мæнæн.

ÆНУС

Цард æлхæнæн нæй æхцайæ,
Ис зæххыл æнусон фарн:
Уды хъомыс – уарзт, нæ тайы,
Цардæн æрдзæй у лæвар.

Баргъæвст стъалы цъайы хъоргъы,
Бамбæхст ног мæйы æрдын,
Дард фæндагыл поезд згъоры,
Рæстæг цъусдугтæ кæрды.

Хъулон мигътæ арвы цадыл
Уад фæйлаугæйæ хæссы.
«Цинтæ бафтау ды мæ цардыл», –
Мад йæ сабимæ кæсы.

Зары: «А-ло-лай, зæрватыкк,
Мадæн у дæумæ йæ каст,
Ды – мæ дидинæджы фатыг,
У Батырадзау цырддзаст.

Айрæз, скæн рæсугъд бинонтæ,
Ма дæ байсæд «хуртæй» хæст.
Фидыд зæххæн, хурджын бонтæн
Фид æнувыдæй дæ хæс»...

Мад фыццаг гуырдæн цы зары, –
Мин азты æнкъары зæхх.
Цард æнусы армы дары
Мады зарæджы æртæх!

ХУЫЦАУЫ ÆМСÆР ЧИ ССИ, УЫЙ МИДНЫХАС

Дуне зайы адæмæн.
Александр Македонский

Цал бæстыл баззад мæ кардæй æрхæмттæ,
Гречъы кад систон Олимпы бæрзæндмæ,
Теуатыл хастон сызгъæрины ‘ргъæмттæ.
Грекъæн Хуыцау дæн – ысдзуры мæ зæрдæ.

Ау, уæд цы катæйттæ смидæг мæ уды,
Риуы цæмæн ныххауд дойнаг дур – уазал?
Ам дæн кæуинаг – мæ риуы цы сдуды?
Бирæ рæстудтæ кæм баййæфтой с‘ адзал, –

Уырдæм куы афтын мæ сагъæсты, – ‘рбады
Цæстыты туг, æмæ саугуырмау хитын,
Царды хорз баивтон ницæйаг кадыл.
Намыс хъахбай у...
Мæ хъысмæт æлгъитын.

Уæнгтæй ма ‘взонг дæн, мæлæтдзаг та – удæй,
Ницы æвзарын ныр хорзæй-æвзæрæй.
Тугæххæст нал дæн, цы кæнон, тæхуды?!
Уасы мæм сау халон мæрдты къæсæрæй.

Мадæлты маст мæм æртхъирæнæй хъуысы, –
Уыдон, Хуыцау дæр мын амонынц сау фыд.
Бирæгъты раздзог – ныр ма кæс æххуысмæ,
Дуне мыл баруад – мæ чырыны къуындæг,

Афтид фæллад къухтæ – даргъæй мæ фæрстæм,
Ницы ис ахæссæн цардæй æппындæр.
Уарзт æмæ фидыд бæстæтæн – мæ фæдзæхст,
Адæмæн зайы æппæтдæр мæ фæстæ.

* * *

Раздæр цы уыди, ногæй
дæр та уый уыдзæн.

Екклезиаст

Арт ныххуыссыди, лæгæты – тар,
Царæй зæхмæ уымæл хуыр ызгъæлы,
Æз – хъæддаг лæг, нæ зонын хæдзар,
Фæлæ зæрдæйы иу бæллиц зæлы.

Уый æрæнцой нæ зоны, тæлфы,
Зилы уарзтагур, джиуы, дзыназы,
Ехх, æрцæуæд йæ хорзæхæн фын, –
Кæд мæн исчи æцæгæйдæр уарзы.

Стæй йæ æрттывд кæмæн уа мынæг
Уалæ стъалытæй, чи сæ уа суцца,
Хорз æм зæххæй куы фæкува лæг,
Барвæндонæй уæд, чи зоны, ссудза.

Рухс æркæлдзæни арвгæрон уæд,
Йе ‘мбуар ацæудзæн рухсы зæй хъармæн,
Цинæн алы ран зайдзæн йæ фæд
Арвгæронау мæ лæгæты дуармæ.

Хохы цъуппæн уæд йе ‘нусон мит
Фестид сахатæ – згъориккой заргæ.
Хъуысид мæргътæн сæ базырты ‘хситт,
Æрдз ыстауиккой мин-мин æвзагæй.

Уæд мæ бæллиц, ныр чи у фынæй,
Суары донау мæ уды та схъазид,
Дуне бафсæдид хуры тынтæй,
Рухс та талынг ыскъæрид йæ разæй.

Афтæ ‘вæрæз дыууæ дихы цыд
Царды мидæг йæ иу цард мæ удæн.
Бон дзæнæты мын рухс фæзтæ уыд,
‘Хсæв мæ ‘ргæвста йæ талынг æнудæй.

Къохæй булæмæргъ зарыди бон, –
Уарзты зарджытæ зæрдæмæ истон.
Сау æхсæв та-иу фестад зындон,
Кодта м‘ алыварс дуне гæныстон.

Нæй æртхутæгæй дзулгæнæн, нæй,
Ничи самайдзæн галуан æмбæхстæй.
Исты ссардтон-иу искуы, уæд æй
Хъуамæ ‘ндæр ран нытътъыссон æххæстæй.

Уарзтмæ кастæн – цы ‘нæрхъуыды дæн!
Худын, тъизын – цæуыл, уый нæ зонын.
Æз дзæгъæл монцты ахсты фæдæн,
Нæу мæ абон фæрныгдæр ызнонæй.

Ныр неонæй цырæгътæ – мæ рухс,
Стахтæн арвмæ, хæссын æм мæ фидис:
Цæй, цы сусæджы баззад мæ уд? –
Нæй, ныронг дæр нæ зонын йæ мидис.

Ацы аразгæ рухсыты бын
Рагæй нал дæн æнæфенд хъæддаг лæг.
Нæй, нæ зонын рæстудæй цæрын,
Нæй, нæ базыдтон хион, æддагон.

ЗÆХХЫ УÆЗ

Сабибонтæ – æнæхин, æнхъæлцау,
Кауæй рафтыдтон уис – уый дын бæх,
Уый мæ фыццаг æфсургъ уыд Пегасау,
Сбад ыл – айтынг дæ къæхты бын зæхх.

Хурджын дуне мæ цинтæн æвдисæн,
Рыг-иу фестад мæ къæхтæн зæлдаг,
Зæдтæ сабийыл мардысты дисæй:
Сахъгуырд ыссардзæни царды фæндаг.

Уæд мæ уалдзæг æрхæццæ æнцадæй,
Æз æхсæвхизмæ уарзтон цæуын,
Донычызджытæ хинайæн цадæй
Уæд уыдысты мæ зарæг, мæ фын.

Уым – мæ мадæн йæ бахудт, йæ амынд,
Иу фæлмæн дзырд-иу систа мæ зын,
Уым – мæ уарзон хæлæрттæ, мæ амонд,
Рухс фæндагмæ мæн кодтой тырнын.

Рагон бонтæ – мыдадзын цырæгътау,
Оххай, бамынæг, атад сæ фæд.
Ныр мæ уд æмæ зæрдæ – мæ бæхтæ,
Нал фæразынц мæ судзаггаг мæт.

Нал и риуы зынг – фестад æртхутæг,
Цард æфтауы бæллæхыл бæллæх,
Чи уыд амондау адджын мæ удæн,
Уыдон ингæнмæ айста нæ Зæхх!

БАЗЫРДЖЫН НЫХÆСТÆ

✦ Калм, æвæдза, æнахъинон ратас-батас кæнынмæ куыд хорз арæхсы – иуæй-иу адæймæгтæн дæр се ‘фсарм афтæ у.

Хæларзæрдæ адæймаг цавæрфæнды полюсыл дæр йæ хорз миниуджытæ нæ сафы.

✦ Сабийы хъæртæ æмæ дзæхстытæй куы хъомыл кæнай, уæд дзы рауайдзæни тæппуд æмæ фæлитой.

✦ Иуæй-иутæн сæ зæрдæтæ чыссæтæ свæййынц, бирæтæн та – æрцъыккæхсонтæ.

✦ Къоста-иу йе ‘мдзæвгæтæ фысгæйæ цы рæнхъытæ ахаххкодта, уыдон ахсджиагдæр сты, ныртæккæ амæй-ай дымстдæр чингуытæ чи уадзы, уыдоны фыстытæй.

✦ Хæмпæлгæрдæг æмæ коррупци æмхуызон бæзджынæй рæзынц.

✦ Зæгъынц, адæймаг, дам, йæ зонд азыввытт ласы, йæ сæрымагъзы къæдз-мæдзыты куы нæ фæцæуы, уæд.

✦ Адæймаджы кадæн, намысæн хъуамæ аргъгонд цæуа, хъахъхъæнæн мæсыгæн куыд аргъ фæчындæуы, афтæ: аиппытæн æм хъуамæ бахизæн ма уа.

✦ Удæн фенæн нæй, фæлæ йын йæ фидауц уынæн ис – адæмуарзондзинад.

✦ Ницæйаг хъаст кæны, адæм, дам мæ нæ зонынц, зонды

къуыбар Сократ та, адæмы кæй нæ базыдта, ууыл хъынцъым кодта.

✦ Рæстдзинад арæх мастад фæкæны, фæлæ фæлитойты митæ хурмæ рахæссынæн уымæй хуыздæр хос нæй.

✦ Уæууау-уæууау, хæрæджы миниуджытæ дæр адæймагæн, курдиатау, æрдзæй лæвæрд сты.

✦ Намысджын лæджы ауæйгæнæн ис, фæлæ йын балхæнæн нæй.

✦ Зæххон цардæн æппæтæй ахсджиагдæр ахъазгæнæг у Хур. Адæймагæн та – Уарзондзинад.

✦ Фесгуыхынæн арæх фæхъæуы æнæнхъæлæджы хабар, æцæг герой та уый у, иудадзыг рæстдзинады сæрвæлтау чи тох кæны.

ГАДЖИТЫ Илас

МАРД БÆХЫ ДÆНДÆГТÆ

Радзырд

Иузымæгон райсом Дотти йæ хъом рæгъаумæ фæцæйтардта. Ногуард митыл ‘стуртæ хъавгæ цыдысты. Доттийы нывондаг галы комытæфæй уазал уæлдæф къуыбылæйттæ кодта. Йæ фæстæ цыдысты æртæ хæрзхаст хъуджы. Алчи дæр дзы хъарм æнтыды къæрта фæдæле кодта æмæ йæ фындзы хуынчъытæ сдæрдта.

Алы хатт куыд вæййы, афтæ та ныр дæр сæ размæ рауад сæ сыхаг лæг Сæлавыры хъулон дыгæрдыг Сыффытт.

– Дыгæрдыджы ном бæргæ хæссы, фæлæ цы у, уый бæрæг ын нæй: нæ хъазгæ кæны, нæ зайгæ. Исты бæллæх æнæсаразгæ та нæ фæуыдзæн, – загъта Стыр уынгæй стуртæ тæрæг Бæби.

– Знон æй Беслæны базармæ аласта æмæ йын æй фæрсæг дæр нæ фæцис, – æрбайхъуыст иннæ фостæрæг Хасаны хъæлæс. – Æнæуи йæм кæсынмæ цыдысты – циркмæ йæ ратт, уæд бирæ æхца бакусид.

Уæдмæ хæдзæртты ауунæй хъомлæууæн разынд. Сыффытт Доттийы галы размæ цæхгæр алæууыд. Гал йæ сæр мæсты тылд бакодта, стæй йæ сыкъатæ загъдкъахæджы бын фæцавта æмæ йæ хæрдты фехста. Дыгæрдыгæн йæ тъæпп зæххыл фæцыд æмæ йæ цæстытæ дзагъулæй баззадысты.

Адæм йæ алыварс амбырд сты. Сæлавырмæ дæр фæхабар чындæуыд, æмæ

læф-læфгæнгæйæ уайтæккæ уым балæууыд. Лæдзæгимæ батахт нывондаг галмæ æмæ йæ куыд æрцæйцавта, афтæ йыл Дотти фæхæст æмæ йын йæ рæмбыныкъæдзæй йæ былтæ бакъуырдта. Сæлавырæн йе ‘мбыд дæндæгтæ базгъæлдысты æмæ сæ тугимæ митмæ ату кодта.

– Бужи (ома, Будзи) мараж-ма рамбырд шæ кæн, – ацамыдта сыхæгты læппуйæн. – Ныр ацы барбосæн йæ уд мæ къухы ис. Ахæм цæфæн фондз азæй къаддæр нæ дæттынц, стæй йын мæ дыгæрдыджы мард дæр аслам не слæудзæн.

Уыцы æртхъирæны ныхæстимæ Сæлавыр йæ фосы сконды хъус аууæрста. Сыффытт фестад, йæ къуди æхсаргардау хæрдмæ систа æмæ дугъон бæхау сирыныл схæцыд, стæй ма хæрæджы уаст дæр ныккодта. Устытæ сæхиуыл дзуæрттæ бафтыдтой, лæгтæ фырхудæгæй бакъæцæл сты. Будзи Сæлавыры згæ дæндæгтæ æрæмбырд кодта æмæ сæ сæ хицаумæ радта.

Хъомлæууæн хæсты рæстæджы Совинформбюройæ уæлдай нæу. Ам сæ хæдуæлвæд базонæн ис канд хъæубæстæ нæ, фæлæ Уæрæсе æмæ зæххы къорийы æппæты фæстагдæр хабæрттæ: хъæуы læппутæй ус чи куры æмæ чындзæхсæв кæд кæны, йæ дзæргъ кæмæн цал хъыбылы ныззад, институтмæ чи бахауд æмæ гæртам та цас радта, дукани адавды тыххæй пъæлицæ кæй æрцахстой, пенситыл кæд æмæ цас бафтдзæн. Амырык нæм кæд æрбабырсынмæ хъавы, Путинæн фæсарæйнаг банкты цал миллиард доллæры æвæрд ис æмæ бирæ æндæртæ.

Хабар уайтагъд хъæуыл апырх, къухтæ æмæ йыл къæхтæ бафтыдтой, афтæмæй: Дотти Сæлавыры амардта æмæ кæдæмдæр алыгъд. Пъæлицæ йæ агурынц. Йæ царды æмбис ахæстæтты чи арвыста, афтæмæй уыцы хафына та мæлынвæнд нæ кодта. Архайдта дзуары læджы ахæстоны батæрыныл. Йæхицæн ссардта æвдакат, тæрхондоны раздæры кусæджы, йæ нозты тыххæй кæй ратардтой, уыцы «рæстдзинадыл тохгæнæг» Къонийы.

– Ацы хъуыддагæн афтæ ныууадзæн нæй, – загъта уый Сæлавырæн. – Дæ бон дзы у фæфос кæнын. Дæ дæндæгты æмуæз дын сызгъæрин радтæд, науæд та йæм æнхъæлмæ ахæстон кæсы.

– Æмæ йын мысты дæндæгты уæз дæр куынæ кæнынц, – йæ ныхас баппæрста се ‘ртыккаг æмбал Гаврош.

– Уæллæхи, бынтон æдылы нæ дæ! – йе уæхск ын æрхоста гæмæхсæр авдакат. – Ды тынг раст зæгъыс. Æз, ардæм цæугæйæ, Доттийы цæхæрадоны ауыдтон цъиутæ тæрсынгæнæн быдыргъ,

зæронд пъалто æмæ мард бæхы сæрæй конд. Сæры æфсæрыл сты, мах чи хъæуы, ахæм дæндæгтæ. Мах хъæуынц æрмæст раззаг дæндæгтæ, сæр хъуамæ йæ бынаты лæууа.

– Ууыл дæ сæр дæр ма сриссæд, – схор-хор кодтой, Сæлавырæн та йæ «гуырæн бонмæ» чи ‘рцыд, уыцы сæмпæрчъитæ. Сæ «фыды» сбуц кодтой давд хуыйы сæрæй. Хæдзары хицау сæм хорз фæкаст уырыссаг арахъхъæй æмæ ныр йæ сæрвæлтау сæ удтæ дæр радтаиккой. Иу ма дзы афтæ дæр бакодта:

– Цæуæм æмæ уыцы шакалæн йæ хæдзарыл бандзарæм!

Фæлæ йыл Къони нытътъæлланг ласта:

– Уыцы хъæбатырæй нырмæ кæм уыдтæ? Дæ къæхтыл ма тыххæйты куы лæууыс. Уæдæмæ дыууæйæ ацæут æмæ, куыд загътон, афтæ бакæнут.

Сæ къæхтыл ма цæуынхъом чи уыд, уыцы сахъгуырдтæ – Мæцыкк æмæ Мудыр – сæ бынæттæй фæгæппытæ кодтой:

– Мах цæуæм!

Сæлавыр йæхæдæг дæр семæ цыд, фæлæ йæ нæ ауагътой. Сæ къæхтыл скодтой кирзæ цырыхъхъытæ, аркъау дæр семæ ахастой. Сахатырдæджы фæстæ дуар фегом, æмæ къæсæрыл тыхулæфтгæнгæйæ æрбахызтысты. Мудыр, раздæры æфсæддон, йæ рахиз къух йæ къæмисæныл авæргæйæ, хъæрæй загъта:

– Задание выполнено, товарищ командир!

– Вольно, – дзуапп ын радта Къони æмæ йæхицæй ныббуц.

Мæцыкк йæ пъалтойы дзыппæй систа мард бæхы дæндæгтæ æмæ сæ стъолмæ æркалдта.

– Исчи уæ, мыййаг, бафиппайдта? – æдзынæг сæм ныккаст «рæстдзинадыл тохгæнæг».

– Ничи, – æмбæлæггаг йæ дзыхыл сдаргæйæ, загъта Мæцыкк, фæлæ йæ къурткæ зæгæлыл куы ауыгъта, уæд стъолы фарсмæ бадджытæ иууылдæр хъæрæй ныххудтысты. Йæ хæлафы сыдзæг ын цыма тонгæ ачындæуыд, уыйау фегом, буар æддæмæ зынд.

– Кауы сæрты гæпп кæнгæйæ мæ сындз тел æрцахста, – зæгъгæ, сæфсон кодта.

Æцæгæй та афтæ уыд. Дыууæ сæрæн гуырды бæхы æфсæрæй дæндæгтæ куы æфтыдтой, уæд Доттийы стыр сау куыдз рæйын байдыдта. Цæхæрадонмæ йæхи æппæрста, стæй йæ рæхыс феуæгъд, быруйы сæрты рагæпп кодта æмæ Мæцыччы сыдзæг атыдта. Сæ дыууæйы дæр бахордтаид, фæлæ йæ фæдыл цы гæркъа ласта, уый цæуылдæр фæхæцыд æмæ йæ баурæдта.

– Тæрсын, ацы авантюрæйæ куы ницы рауайа, уымæй, – загъта, фынддæс азы лæгмарды тыххæй ахæстоны фæбадæг, æнæдаст ацæргæ лæг Дзанал, фæлæ йæм хъусæг нæ фæци. Давд нæл хуыйы сæр уæдмæ сфыхт, æмæ уазджыты дзурынмæ нал æвдæлд.

...Райсомæй Дотти куы рабадт, уæд йæ куыдзы бабаста æмæ цæхæрадонмæ ахызт. Федта, мард бæхы сæрæн йæ раззаг дæндæгтæ йæ уæлæ кæй нал сты, уый. Æнæбафиппайгæ нæ фæци, къæрныхтæ сæ цырыхъхъытæй митыл цы арф фæдтæ ныууагътой, уыдон дæр. Сæ сæрты ахызт æмæ йæ бахæццæ кодтой Сæлавыры хæдзары дуармæ.

Кæлæддзаг хæдзарæй расыг адæмæн сæ хъæлæба хъуыст. Иу дзы йæхи хъуыдыйы кæртмæ асинтыл æрхызт æмæ митыл дæлгоммæ ахауд. Йæ фæстæ чи рацыд, уыцы дыууæ лæджы йæм рæвдз февнæлдтой æмæ йæ уынгмæ ахæр-хæр кодтой.

«Ацы бæрнаг мæн æнцад нæ ныууадздзæн», – загъта йæхинымæры Дотти. Æмæ нæ фæрæдыд. Къуырийы фæстæ йæм районы тæрхондонæй æрбацыди пъавесткæ.

Сæлавырæй хъæу сæ удхæссæг уыдтой. Сывæллонæй дæр уыд æнæбасæттон, хæйрæджы хай. Скъолайы ахуыргæнджыты урок кæнын нæ уагъта, хæрæг æмæ уасæджы уаст, хуыйы хъоххъох, бирæгъы ниуд уыдысты йæ хуыздæр хотыхтæ æгъдау халынæн. Ахуыр кæнын, зонд райсын йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, алы къласы дæр-иу фæбадт дыууæ азы, афтæмæй тыхкæйты каст фæци райдиан скъола. Стæй йæ дæлимонтæ фæсайдтой æмæ давыныл схæцыд. Адæмы дыргъдæттæм бырыд æмæ раст цыма йæхи уыдысты, уыйау сæ сыгъдæг кодта. Фæткъуы, кæрдо, бал, курага, цъæх нартхор давгæйæ цалдæр хатты ахст дæр æрцыд, фæлæ та-иу æй рауагътой. Хъæуы хицау ыл ном дæр сæвæрдта: «Рæмпæг». Стæй йæхицæн æмбал скодта æмæ хæдзары фос: кæрчытæ, гогызтæ, бабызтæм авнæлдта æмæ сæ Бесланы базармæ хаста. Сыхаг хъæу Къардиуæй мæгуыр зæронд ус Годзеккайы род уæй кæнгæйæ йыл милицæ æрхæцыдысты æмæ йæ ахæстоны балæууын кодтой. Хъомылгæнæн колонийæ рацыд цæттæ къæрныхæй. Ноджы ма нуазын дæр байдыдта. Кæйдæр хæдзарæй зынаргъ гауыз рацæйхаста, афтæмæй йæ сыхы læппутæ æрцахстой, саубыны над ын скодтой æмæ йæ районы милицæйы хайадмæ æд гауыз ныллластой. Фондз азы фæстæ ахæстонæй куы рацыд, уæд йæхицæй æппæлыд. Куы-иу æй бафарстой: «Сæлавыр, ацал-ауал азы кæм уыдтæ?», уæд-иу

хъуыддагхуызæй дзуапп радта: «Срок тянул. Ахæстоны дæр лæгтæ бады, лæгтæ, æз дæн «борец за справедливость!»

Рæмпæг дукани кæй фæкъахта æмæ ма лæг дæр кæй амардта, уый тыххæй ахæстоны фæбадт 15 азы. Уæдмæ йæ мад Сона дæр зæрдæниз райста æмæ йе ‘цæг дунемæ афардæг. «Рæстдзинадыл тохгæнæг» йæ мады кæлæддзаг хæдзар йæхиуыл скодта æмæ, ахæстоны кæимæ бадт, уыцы хамасхортимæ адæмы фос давта. Тæрхондонмæ дзы Къонийы йеддæмæ йæ фарс рахæцынмæ ничи ацыд. Æхсæвы ныллæтъæрдтой æмæ сæ бон хуыссæнæй сыстын дæр нæ уыд. Суды раз æрлæууыдысты Дотти æмæ Сælавыр. Тæрхонгæнæг бакаст, Доттийыл цы хъаст æрбацыди, уыцы гæххæтт æмæ ныхасы бар радта Сælавырæн.

– Йæ быны мæ скодта æмæ мæ марынмæ хъавыд. Чи йын радта ахæм бар? Ома, æз ахæстæтты бадтæн, зæгъгæ, уæд мæ марын хъæуы?

– Омæ де ‘вдисæнтæ кæм сты? – бафарста йæ тæрхонгæнæг.

– Дзуары лæг сæм бартхъирæн кодта æмæ не ссыдысты.

– Мæнг дзурыс! – сыстад йæ бынатæй сыхы лæгтæй иу. – Уыдон дæр дæхи хуызæн расыггæнджытæ сты, стæй ардæм цы цæсгомæй æрбацыдаиккой, уыцы бон дзы хъомлæууæны иу дæр куынæ уыдис, уæд?!

Тæрхонгæнæг йе ‘ргом Рæмпæгмæ аздæхта:

– Æнæ ‘вдисæнæй махæн нæ бон хъуыддаг равзарын нæу, фæлæ нæ уæддæр базонын фæнды, цы агурыс Доттийæ, уый.

– Цы дæндæгтæ мын базгъæлдта, уыдоны æмуæз мын сызгъæрин радтæд, – йæ къухы цы чыссæ уыд, уый батилгæйæ загъта «Рæстдзинадыл тохгæнæг».

– Æмæ сæ уæз цас у? – бафарста прокурор. – Æри-ма, фенæм сæ.

Сælавыр чыссæ йæ риумæ нылхъывта.

– Ма йын тæрс, фæстæмæ дын æй ратдзыстæм, сбарæм æй, – йæ къух æм бадардта тæрхонгæнæг. – Ды, куыд кæсын, афтæмæй Уголовон Кодекс хорз зоныс.

– Фæстаг статьяйы онг, – йæхицæй ныссих ис Рæмпæг, æмæ чыссæ пъæлицæйагмæ радта.

– Æдылы, цы кусыс? – залæй йæм æрбахъæр кодта Къони, фæлæ байрæджы ис.

Тæрхонгæнæг чыссæ райста, йæ ком ын райхæлдта, ныккаст æм æмæ худæгæй бакъæцæл. Прокурормæ йæ балæвæрдта æмæ

уый та бынтон диссаг фæци. Тохсийы йас бæхы дæндæгты цы базонын хъуыд!

– Сæлавыр, дæ паспорт ма равдис, лæг дæ æви бæх? – бафарста прокурор.

– Это насилие! Я буду жаловаться! – ныхъхъæр та кодта, йæ бынатæй фестгæйæ, Къони. Фæлæ йæм хъусæг нæ уыд. Рæмпæг фестад æмæ тæрхондоны дуæрттæ йæ сæрыл ахаста.

– Уыдон мæ мард бæхы дæндæгтæ сты, – тæрхонгæнæгмæ зулаивæй бакæсгæйæ, загъта Дотти. – Мæ хæдзардарæг уыд, базæронд æмæ куы амард, уæд æй мæ цæхæрадоны баныгæдтон. Йæ сæр ын цыргъ хъилыл ныссагътон, мæ кæрцы зæронд йæ уæлæ, афтæмæй дзы быдыргъ рауад, халæттæ тæрсынгæнæн. Ныр базыдтон, йæ дæндæгтæ сæ цæмæн хъуыдысты, уый. Аласа хуынд мæ бæх. Мæрдтæм ын фæлдыст фæуæд, урскъах бæхæй фæхæтæд, чи сæ рафтыдта, уый.

Сæлавыр уыцы бонæй фæстæмæ æрчырыстон. Арахъхъ нуазын ныууагъта, æмæ йæм йæ аназын æмæ ахæрыны æмбæлттæ нал цыдысты. Йæ хæдзар райхæлдта æмæ йæ ноджы хуызæн фестын кодта. Ус дæр æрхаста. Дотти сси йæ хуыздæр æрдхорд. Чындзæхсæвы бадт хистæрæн æмæ-иу алы куывдæн дæр ныззарыд.

СКЪОДТАТИ Эльбрус

ЦАРД НÆЙЙЕС НÆРЕСГÆЙ ЛÆДÆРÆН...

* * *

«Некæдбал» ‘ма «нæбал» – ма кæнисæ,
Лæгъуз дзурд лæгъуз естибæл – баст.
Нивгун уогæй, уони нæ зæгъисæ,
Е – ку уисæ алцæмæй дæр раст.

«Бал», зæгъисæ, бал, дан, размæнифс æй,
Дæуæй кæнгæ ци æй, уомæй бал,
Гъар имисгæй, хор бæнттæ хезисæ, –
Хуарзæнгъæлæн æ зæрдæ æй хъал.

«Гъо» зæгъисæ, хæрдмæ искæсисæ, –
Атæ дæр, бал, бæззуй, – не ‘сон ба
Разиндзæй уæхæн бон ‘ма, арвистæн,
Æ хуарзæн нæ уодзæнæй æмбал...

«Ес» зæгъæ, – ку агорай амонди,
«Бал» бафтауæ, – стур дзурд куд нæ уа.
Цæй, нур бал... æмбæлдзинан не ‘сонти,
Кæд дæ зæрди мæ зæрдæ гъæуа...

* * *

Бонефхæссæн æма бонасадæн,
Хуарзæй дæр, лæгъузæй дæр – цохгонд!
И некудæй куддæр нигъгъæла дæн,
Уæгъдæ хъеццау кæнуй хæмпос уод.

Кæддæр мæ фæгъгъæуй цидæр хъурмæ,
Фæййагоруй зæрдæ цидæр маст.
Ку исун æввеппайди мæ хъурмæ, –
Мæ ристæй мин фенцон уй æваст.

Ревæд уагги сагъæс æрæндавуй,
Зин æнцони евуй хуæздæрæн.
Цийни думгæ мæ сонт нæбал давуй, –
Цард нæййес нæресгæй лæдæрæн...

* * *

Ка адтæй, – нæ зудтон æй нурма,
Уод иссæй æ рохсæй æмидолæ.
Мæ зæрдæн хæстæг адтæй, цума,
Уотæ мæмæ кодта ходæзмолæ.

Ке кизгæ ‘й, – базудтон æй, æма
Е мæ зæрдæ райста фæлмæндзорæй.
– Ци изæд, ци бæстæй дæ, уой ма...
Дигорон, дан, нæхе Уас-Дигорæй...

* * *

Арви хуæрзтæй ниви асæн,
Арæбин, ци ййес?!
Фæххастай мин дæ дæлуагис
Мæ амонд, мæ фес.

Ристæн, зæгъуй, бухст фæразæ, –
Бæргæ раст æй, фал...
Фал аци нез уотæ карз æй, –
Нæ ин ес æмбал!

Фæммæууагътай ду æмбойни, –
Ци ма ракæнон!
Ревæд къæсæр мæ цæрддзойæй
Разæгъуй дæ ном.

Нæ – тургъи дæ, нæ – хæдзари,
Нæ – гъæунги, нæ...
Фуд арти ми кæд æндзари,
Уæд цийнæ кæнæ.

Ци æрбадæ, – бун нæ бадæ
Мæ тæрегъæдæй!
Симæр уати цæмæ бадун
Атæ ревæдæй?!

Æрдæгковгæ, æрдæгходгæ
Дзиназун, мæгур.
Дæумæ дзоргæй, мæ амондмæ
Ивазун мæ хъур.

Æнæнивæй ниффæразун
Æй лæгæн фудрун.
Уарзт бавзаргæй, æнæ уарзтæй
Ке бон æй цæрун?

Цæрæнмиуæн хуæздæр хуасæ –
Федар æй лæуун, –
Ку кæнон хе фадзæласæ, –
Ци ма æй мæ ун?

Фæмминуагътай цубур финстæг
Бази буни : «Цæй!..»
«Мæйи фурт» ‘ма «Хори кизгæн»
Сæ аргъау фæцæй...

* * *

Рæстæгæн векторбæл æй æ цуд,
Нæ ин ес дехтæгæнæн нисæнттæ,
Мах æй «кæнæн» хе аккаг никъæттæ,
Уа цæмæй бæрæг-бæлвурд не ‘мгъуд.

Æй дуйне æнæкæрон бæрцуат,
Æридайгæ æма æнæфæугæ,
Царди лухдзæгбæл мах æнæрлæугæ,
Радардтан бæхбадтгæнгæй нæ над.

Тæхгæ дони ‘й нæ накæ, нæ уад,
Тох кæнæн дууæ билей æхсæни,
Ирд балиртау нæ гуртæ æхсæн си,
Нæ къудур нин ласуй дон идард.

Дууæ стъæлфи: Райдайæн – Кæрон,
Мах æстъæлфæ се ‘хсæн – æртиккагæн,
Нæй æ дæргъцæ бæрæг царди надæн,
‘Ма уой фæрци ‘й рæсугъд цæргæбон.

* * *

Мæ лимæн, куйтæ нæбæл рæйунцæ,
Нæ унйау æй дзæгъæли сах гъæр!
Кæд æррай сæринезтæй сæйунцæ, –
Æнгъæлунцæ с ‘ахилæй мах дæр?!

Кенæ ба си, кай зонуй, кадæртæ
Аййев дзурдмæ хатунцæ се ‘рух,
Æ хуæрззæл агайуй син сæ зæрдæ,
Æ дессаг ихалуй син сæ цъух...

Мæ лимæн, куйтæ нæмæ рæйунцæ,
Азæлуй рæнгъи хузæн сæ гъæр.
Кæд сæхе сæ хъал фунтæй сайунцæ
Æнæнивæй махау етæ дæр...

* * *

Дæ уод бабæй нивæй æрæфсастæй,
Æрæгйау дæ метбауæр иссæй
Сугъзæрийнæ-хорсугъд, – тунти гъазтæй
Рагæлстай дæ фæндзайййæй инсæй.

Дæумæ бабæй дæ уарзт æрæздахтæй,
‘Ма не ‘фсæдуй цæстæ дæ уиндæй,
Зæрдæ ба гурусхæй ниддудагътæ ‘й,
Туппур ма ‘й æ кæддæри зинтæй.

Мастæй – уарзтмæ цалинмæ фæццудтæ,
Уарзтæй – мастмæ уæдмæти цудтæн,
Нæ исеу æй нæ цард даргъ æнгъудмæ,
Ку мæ гъудтæ, уæд дæ нæ гъудтæн.

Фал зæрдæ! Куддæр мæ исæлвасуй, –
Æхецæн дæ хуасæн æнгъæлуй.
Мабал кæнæ ‘ймæ над дæ гъар кастæй, –
Рæуонæн æй берæ нæ гъæуй...

*** * ***

Мæ артæй тагъд «ниддумдзæнæ»,
Ци кæнон, гæнæн нæйе!
Мæ хотхæбæл ниддумдзæнæ
‘Ма фестдзæй сау мегъæ е.

Ку-еу рацæуай гъæунгти,
Мегъи стугæй, мæ уодæй,
Уардзæнæй, цид, æрхун-сугтæ
Дæ ростæбæл дæ мондæн.

Цодгæ-модгæ додгæ азар, –
Содзгæ уарзти сонт лæвар!
Ниуаздзæнæ æртæхи зар,
Мæн си тавгæй кадавар...

АЗÆЛД

«Мæ биццеу! » – мади хъурæй исдзорæ!
Тæходуй...
Кæми ма ес биццеуæн мадæ?!
Кæмæ хатун, е æй Сурх-Дигорæ,
Е кæнуй мин æ бæсти адæ.

«Гъæйтт, лæхъуæн, – фиди цъухæй исдзорæ, –
Нæ рæстæг мабал кæнæн цъæхуæл!» –
Е ме ‘рхуни фæууй Сурх-Дигорæ, –
Фиди дзурдмæ кæсгæй æз æнгъæл.

Ку кæнæн мах, сабийтæ, æзморæ,
Ку искарз уа гъазгæй нæ ерис,
‘Ма не ‘хсæнæй еу кизгæ мæ цори
Ку балæууа ходгæй: «Ке сорис?

Ædзæсгон. Хатир бал ми ракорæ!» –
Ку æрцаруй мæ уод æ гириз, –
Уæд ейæ æй мæнæн Сурх-Дигорæ, –
Мæ зæрдæн æ фиццаг ниви рист.

Мæ сæр бабæй ку ‘рбайса рæвдаугæ
Æвзонг кизгæ, Г. С.[1], уруссаг,
Математик, рæсугъд, мæ рос даугæ:
«Мæ хъазар зунди къубус – тъайлаг!»

Ку кæна фур æфсæрмæй араугæ
Мæ цæсгон, – нæбал ергæй æ уаг,
Уæд е дæр æй мæнæн, æдæуагæ,
Сурх-Дигорæ, мæ кълас – æвдæймаг...

«Мæ биццеу, – мади цъухæй ка сдзоруй, –
Ма фæууо мин а царди дзæгъæл!»
Е алкæддæр фæууй Сурх-Дигорæ,
Æ фæууиндмæ кæсгæй æз æнгъæл...

*** * ***

Ци не ‘мисуй медбæсти адæймаг!
Зундгин тонуй ес-арæнтæ æ цуди,
Гъæлайæн ба – дессагдæр æй æ уаг –
Æрдзонхуздæр, æрдзæнхуæздæр – æ гъуди.

Сæргин мæтæй ресун кæнуй æ сæр,
Сæргойййæн ба æ царди куд æнцон æй!
Маймулимæ байзадæй хæстæгдæр,
‘Ма ци кæнуй, – алцидæр æ фæндонæй.

Зундгинæн æй и ‘нæзунд унафгæр, –
Фиццаги æртæрегъæди рæуонæ
Схатта бунтон усхъуммæ и уавæр,
‘Ма нур кæсун уавæрмæ мæгурбон æй.

Æдули æй уæгъдсиуæ, хуæдæлдар,
Зундгин æ хуарз нимбæрзуй згъæр хæдонæй,
Æма бæрæг нæбал æй, мæ хæлар,
Куд растдæр хонæн алке æхе номæй...

[1] Г. С. – Галина Степановна, мæ ахургæнæг.

ÆРЦУД
КЕНÆ БА – ФÆККАСТ...

Мæ авдæнæмæ ‘рцудтæн, –
Цидæр мæ ‘ймæ æрхудта.
Тумбул биццеу си худтæй,
Мæ мадæ ба ‘й рæвдудта.

Кудтитæ, зæгъун, дæ, уæй?!
Неци мæмæ исдзурдта,
Фал æ зæрдæ мæ мадæй
Цидæр дессаг агурдта.

Куддæр си систон мæ каст, –
Æд авдæнæ дунд фæцæй.
Сæ бунати ба æваст
Авданздзуд сабий фæцæй.

Кудтитæ, зæгъун, дæ, цæй, –
Листæг мæмæ æркæсай...
Дæу хузæн, дан, дæн, æццæй? –
– Айдæнæ мин рахæссай.

Некæд адтæн арæхсай,
‘Ма нур дæр уодзæн æцæг,
Раинзагътон арæхсгай, –
Бæргæ ду дæн мæхуæдæг.

Мæхебæл, зæгъун, барæн,
Нур фездæхон, куд кæсæг,
Цæхæн адтæн дæ карæн, –
Еу – нæ тог æма æстæг.

– Ке сæр сонт кæнис уомæй:
Мæнæ – ду, мæнæ ба – æз,
Æмхузæн ан нæ номæй,
Фæйнæхузти – нæ дарæс...

Æнгæсгомау – цæсгонæй,
Фал еу ба нæ йан æппун.
Фудуинддæр дæ мæнуонæй,
Æз – саухелæ, ду – лæгун.

Ду устур æма тухуаст,
Хъæдæгъай асæ – дæ фий,
Æз – минкъий æма фæлмаст,
Мæ циргъ фий, – цума æрций.

Ду – бæзæрхуг, арс-иуонг,
Пили хузæн хъаурæгин,
Хали хузæн ба – мæ цонг,
Ци кæнон ин, арæбин?!.

– Æз размæ уинун де ‘сон,
Неци зонис ду нурма.
Фæддæ, зæгъун, аразон,
Фал не ‘гон кæнун къума.

– Уæд мæ карнæ æхгæддæр, –
Дессагдæр æй æ римæхст,
Фал ресуй уобæл мæ сæр, –
Дæу хузæн куд уон æрмæст.

– Мæнæй хуæздæртæ – тъума,
Фал дессаг уоми нæ уй, –
Кæмæфæнди дæр, цума,
Радæуайунтæ гъæуй...

– Кæд исуодзæн дæу асæн?
Кæдмæ атæ биццеуæй
Гъазгæ-ходгæй цард хæсдзæн
‘Ма дзæгъæли фæггеудзæн?!

– Æ ‘нæзонун хуæздæр æй,
Нецæмæн ес æййевæн...
Арв ферттивта нæ сæрæй
‘Ма нæ дууæ фæййеу æй.

Æз нæ фестадтæн биццеу,
Фал биццеу фестадæй лæг,
Уотæ ку нæ уа, æнеу, –
Æносон уинæ æцæг...

Ци мин рантæстæй нерæн?
Цæсти никъулд æдеугур.
Мæхейау мин мæ федæн
Неке разæгъдзæй гъенур...

Аци мæйрохс изæрæй
Мæн бæрæг кæнунмæ, гъе,
Тæходуй, ‘ма хуæрззæруæй
Ку фæззиннидæ еске...

ДЗУЦЦАТЫ Къоста

ЧЫНДЗÆМБАЛ

Тæрсыты æмæ Æрсыты хъæутæ кæрæдзимæ дæрддзæфгомау сты. Фæлæ иугæр дыууæ зæрдæйы ‘хсæн уарзондзинад ссыгъд, уæд дзы иу иннæйы зæххы кæрон дæр ссардзæн. Цалдæр фембæлды фæстæ сæ чындзæхсæв ацæттæ уыдзæн.

Гъемæ дын иуахæмы Тæрсыты хъæуæй Æрсытыхъæумæ Резо чындзæмбал куы рацæуид. Æмбисæхсæвмæ чындзхæссæг адæмимæ кафын æмæ зарынæн цы фæкодта! Раздæр цъил фестади, стæй та – булæмæргъ.

Адæймаг ма дзыкка хæрынæй дæр куы рафæлмæцы. Ноджы ма арахъхъæй дæр йæхимæ хорз фæкаст æмæ иу афон кæйдæр дæлфæдтæм бафæлдæхт. Сæр куыддæр гобаныл андзæвыд, афтæ лæгæн йæ хуыр-хуыр ссыд.

Арахъхъ æнамонды дзаума у. Уæлдайдæр та дæ ахсæны къуымты куы байдзаг уа, уæд хъæлæсæй æддæмæ йæхи фæрæдувы. Æнахъинон рыстæй райхъал иуафон Резо. Карз ностæн йæ койæ дæр йæ зæрдæ схæссы, фæлæ ныр йæ сæр куыдæй адзæбæх кæна, уый нæ зоны. Хæдзары йæ ахæм уаваер куы æрæййафы, уæд æхсыры дурын ныццæвы, æмæ – хабар ахицæн. Фæлæ йæ ныр ацы ран кæм ссара? Замманай æрхъуыдыйы къæдзилыл фæхæст, скъæты æхсырджындæр хъугмæ

баирвæзын бæргæ зын нæу. Фæлæ... Бонырдæм рабадтис æмæ фосы тæф агургæ-агургæ смудгæ рацыдис. Фысымты зæронд лæг йæ фæдыл хъуызгæ уайы. Резойæн йæ былтæ хъуджы фæздоныл андзæвыдысты. Афтæ уал фыццаг зыгъар хъуджы бададта, стæй та гæрæмы.

Нæ фаг дæр ма дзы баззайдзæн, фæйнæрдæм дæр арæмудзæд, зæгъгæ, зæронд лæг Резойы нæ бахъыгдардта. Æцæг бæласы ауоны бирæ фæлæууыд, стæй бацыд æмæ йæ лыстæныл бафæлдæхт.

Резо скъæтæй куы баздæхт, уæд сылгоймаджы уæлæдарæсыл кæцæй фæхæст, Хуыцау йæ зонæг. Йæ уæлæ сæ дæлæты-уæлæты атъыста, уисойы хæррæгъ райста æмæ уынг мæрзы, иуырдæм-иннæрдæм йæ хыррытт цæуы. Хæдзары хицау дæр кæм фынæй кæны! Йе 'намонды къæхтæ йæ уынгмæ рахастой æмæ ног чындзы «уæздандзинадмæ» кæсы. Фыдуынд, гуырымыхъ уæнгты кондмæ зæронд лæджы зæрдæ бауазал. «Дæ фæнык фесафай, мæ лæппу, уый хæйрæг куы æрбахастай», – зæгъгæ, йæ сусæг ныхас фæхъæр.

Цалынмæ æцæгдзинад не сбæрæг, уæдмæ зæронд лæгæн, æвæццæгæн, йæ игæрыл айк афыхтаид.

Скифирон: 75 азы

СКИФИРОН

РУХСЫ УИДÆГТÆ

* * *

У тынг диссаг... Бонгай, къуыригай, мæйгай
Æдзæлгъæды цардæй цæрын, –
Стæй Ирмæ цæуынхъусæй фестынц мæ хай
Зæрдæхсайды сон æмæ рын...

Нырмæ цыма кодтон æвирхъау фынæй,
Нæ уыдтæн нырмæ цыма хъал, –
Æз уыйау æцæгæлон царды фынгæй
Фæиртæсын... Æмæ адзал

Фæстæ-фæстæ ацæуы – фервæзын æз
Мæ катайтæй – ам æмæ уым...
Нæ ирон дзул фесты мæ царды фæрæз, –
Нæ хох та – мæ бæллицы къуым...

Бæргæ мын æнцон у, бæдæйнаг у дард,
Кæм не сты нæ маст æмæ цæхх, –
Фæлæ мæм фæкæсы фыдæлгъыстау цард,
Кæм не сты нæ хæхтæ, нæ зæхх...

Ирыстонмæ хатгай куы сфæнд кæнын балц,
Куы райсын фæндаггон лæдзæг,
Мæ алварс куы атайы, сау фынкау, бардз, –
Куы фестын, куы та свæййын лæг,

Куы та фенын зæрдæйы мидæг мæ хай –
Зæрдæхсайды сон æмæ рын, –
Уæдæй фæстæмæ та – къуыригай, мæйгай –
Лæгау-лæджы цардæй цæрын...

08.07.1967 аз
Мæскуы

* * *

Дæ цæстыты бацыдтæн...
Тымыгъ бон.
Тыгъд быдыр.
Дзуарæвæрд, хуылфæппæрст дымгæтæ.
Мит мын мæ цæстытæ, рухсы уидæгтау, къахы.
Мит-уылæнтæ мæ кæнынц цъыччытæ,
цыма уагъылыйы къалиутæ хъæды.
Мæрддзæст хæстæджытау мæ
мигътæ кæнынц мыхъхъытæ.
Мæ риуы фæйнæг афæлдæхтис æмбондау –
æмæ ауон ран кæм балæууа,
уый нал ары, афтæмæй
рафт-бафт кæны мæ зæрдæ...
Тыхкаст ма бæргæ кæнын размæ,
фæлæ мæ развæндаг дæр нал уынын.
Фæндыры хæрæгау,
фæндыры хæргæфсау ныкъкъæдз дæн.
Мæхинымæр адæргæй тъизын.
Фæлæ мæ цыдæр –
мæхицæй, стæй ацы тымыгъæй,
стæй ацы æдзæрæг быдырæй тыхджындæр –
нæ уадзы.
***Æ*мæ уымæ гæсгæ уæддæр не ‘рлæууын,**
уымæ гæсгæ уæддæр цæуын,
уымæ гæсгæ уæддæр
астæумæ миты лæгæрдын –
дæ цæстыты мидæг...
тымыгъ бон...

26.11.1967 аз
Мæскуы

* * *

Райсом,
изæрæй,
авд сахатыл,
Пушкины цырты раз...
...Арв уырдыгмæ куы ‘рхауа,
цæмæй ныддæлгом уа зæххыл,

цыма Нартмæ Хуыцау фæлæбурдта
йæ дауджытимæ, йæ зæдтимæ...
Зæхх куы риза, куы ‘нкъуыса,
цæмæй фæда æмæ скъуыйа,
цыма бомбæ йæ зæрдæсæр фехæлдис
æмæ ныр цæгъды йæ гæндзæхтæ...
Дуне куы бавнала тохмæ,
цæмæй адæмтæ æддæг-мидæг ауайой,
цыма иу æхсæры аппыл
дыууиссæдз æфсымæры схыл ысты
æмæ кæрæдзи сафдзысты...
Нæ фæндæгтыл хæхтæ куы ‘рхуыссой,
цæмæй сыл быræм æмæ хитæм,
цыма сæ уæлæты ахизын
уыдзæнис афтæ æнцон хъуыддаг...
Нæ уæнгтæ бынмæ куы ‘ркæлой,
цæмæй сæ талынджы уидзæм,
цыма нæ зæрдæтæ, нæ цæстытæ
ма ‘рцуйы фæндæгтыл азгъордтой...

Уæддæр та, уæддæр нæ кæрæдзи
æнæмæнг, æнæмæнг ыссардзыстæм
Пушкины цырты раз,
авд сахатыл,
изæрæй,
райсом!

05.12.1967 аз
Мæскуы

* * *

Цы фестут?..
Мæ къухмæ мын раттут
судзгæ-уыраугæ æхсидав, –
Хуыцауы фыдæхау,
цъæх арт уадзгæ дзуарау,
пиллон куыд кала.
Цы фестут?
Æндæр мæ сымахæй
нæ хъæуы ницы.

Æхсидав
æрзилон дунейы мæйдары, –
талынджы цæстытæ скъахон,
йæ сау бæстыхайыл ын
бафтауон рухс зынг.
Дунейы аргъуаны,
цырæгътау, стъалытæ ссудзон...

Æхсидавæй
срухс кæнон
ХХ æнусы мылазон, куырмæлхынцъ хъуыдытæ.
Æхсидавæй
нæ заманы сау фæлм хъуыдытæ фæсурон.
Уазал зæрдæтæ хъарммæ ыстæфсой, –
тугхæццæ хид сæ куыд ысхъара, дуртау...

Цы фестут?..
Æхсидав мын,
судзгæ-уыраугæ æхсидав
мæ къухы фæсадзут!
Фыццаджы-фыццаг æй, сæйраджы-сæйраг æй
мæхи зæрдæйы фæцæвон...

08.12.1967 аз
Мæскуы

* * *

Фæныгуылы хур.
Цыма мын мæ зæрдæ
сызгъæрин табæты фæхæссынц
мæрдтæм.
Фæныгуылы хур.
Изæрмилтæ нæм
гæппæввонгæй нал лæууынц, –
бацахстой æрдз.
Космикон талынг,
куыдзы уазал,
æнахъинон мигътæ,
абырджыты балау, æнхъæлмæ кæсынц.
Фæныгуылы хур.

Рагацау хæдзæртты, уынгты
рухсытæ ссыгътам,
цыма хуры зынгхуыст зæрдæтæн
«рухсаг» зæгъæм.
Фæныгуылы хур.
Абондæргъы
фæкодта удуæлдай тох,
гладиаторау самадта иунæгæй хæст
мигътимæ – се ‘хсæн лæгæрста,
талынгæн йе ‘ртхутæг калдта.
Фæныгуылы хур.
Худаистæй йæ фæдыл згъорын
æмæ тыхсын:
«Мæ цард ма æнæ дæу цы у?»
Фæныгуылы хур.
Уæдæ мæ куыд фæнды?!
Марды фæстæ ничи мары йæхи.
Фæндонæй мæлæт дæр нæ вæйиы.
Фæныгуылы – аныгуылди хур.
Цы кæнон?
Ныфсытæ скæсынц æмæ ныккæсынц,
гуырынц æмæ мæлынц...
Дæ уарзтмæ,
дзуары хорзæхау, бæллыдтæн,
Хуыцаумæ кувæгау дæм куывтон.
Æмæ нæ зонын,
дæхæдæг дæр æй нæ зоныс:
цы æмæ куыд, цæмæн æмæ кæд?..
Æрмæст æй зонын,
йæ амæддаг уарзондзинадæн
кæй никуыуал суыдзынæн, уый.
Уымæн æмæ йæ федтон:
мæ зæрдæ дыл бафтыдта йе ‘ууæнк,
ды та йæ нывæрдтай
сызгъæрин табæты æваст...
Æмæ къарандас, лæгмарæн кардау,
æввахсæй-æввахсдæр, уæндонæй-уæндондæр
мæ цардмæ хæссын.
О Хуыцау, бахиз
фыдбылызæй, æвирхъау бæллæхæй:
ма ныххах кæнон Гамлеты фарст...

...Æндæр ма цы уыд?
Æхсæвыгон дымгæ уынæргъы –
нал мæм æххæссы сахары уынæр.
Миты стъæлфæнтæ,
уазал рухс калгæ, хауынц,
цыма сæфт хуры салд тынтæ сты.
Миты стъæлфæнтæ,
урс эфемертау, кафынц
æмæ сыл, ныфсы удисæнау,
уæлдæфы схъызыди вальс.

09.12.1967 аз
Мæскуы

*** * ***

Чидæр
схъомыл и, слæг и, –
æнæ мад, æнæ фыдæй,
æнæ ‘рвад, æнæ хицонæй...
Æмæ йæ зæрдæ риссы, –
кæд, мыййаг, уынджы
æви фæндагыл искуы
сæ кæрæдзи фæрсты ахизынц;
кæд, мыййаг,
быныскъуыд систы раджы
æмæ сыл нырмæ
ничи фæкуыдта...
Чидæр
йæ цины, йæ хъыджы
зæхмæ æвналы йæ къалиутæй,
фæлæ нæ ары йæ уидæгтæ...

...Скифтæ, дам.
Стæй та, дам, алантæ.
Уыдонæй та, дам, нæхæдæг...
Æнæуый дæр историйы низтæ
æрæмбырд ысты мæ риумæ, –
æмæ ма мын ноджы мæ зæрдæсæр
гипотезæтæй рæхойынц...

27.11. 1967 аз
Мæскуы

* * *

Хъысмæтæн дæр фæивддзаг вæйиы лæг...
Æмæ дунейы амонд æмæ номæн,
Æппæт дзыллæты абон æмæ сомæн
Кæй райгуырд вæйиы арфæйаг, бæрæг,
Кæй ныйиары, кæй ратты æрдз ыстæм хатт,
Цæмæй кæна йæ пиллон дæр цырын,
Гъе уымæн хатгай бантысы цæрын,
Цæмæй йæ кар, йæ царды ‘мдых ыстæха!

19.05.1969 аз
Мæскуы

ГОЛЛАГ

Уый кæмыты не ‘рзылди, кæмыты!..
Нæ, нæ куымдта ихсийын, ыскъуыйын...
Уый æрзылди хæхты æмæ кæмтты,
Уыд Бакуйы,
Калачы,
Мæскуыйы...

Уый цынæтæ ласта-иу, цынæтæ!..
Нал сын ис нымайгæйæ нымæц дæр!..
Ласта хор æмæ сæкæры цæндтæ,
Чингуытæ,
æхца,
дыргътæ,
хъуымæцтæ...
Уый куыд фенаг разынди, куыд фенаг!..
Уый койæ ма ме ‘взаг сси хырыз дæр...
Фæлæ мын æппынфæстагмæ фенад:
Голлагæй –
фæцыд –
æмæ æрыздæхт...

04.08.1959 аз
Цхинвал

СФЕЛДЫСТАДОН БЫНТЕ

ДЗЕСТЫ Куыдзæг

ФЫЦЦАГ ХÆРЗÆГГУРÆГГАГ ФÆУÆГ

Ænахъом, къаннæг сывæллонмæ цы бирæ хорз миниуджытæ ис, уыдонæй иу у уарзондзинад. Стыртæ, ас адæм æй куыд æмбарынц, афтæ нæ, фæлæ сабитæ сæхæдæг куыд уарзынц, афтæ: тадзгæ-баргæ уарзт нæ, фæлæ сыгъдæг, æнæкъæм, æнувыд уарзондзинад.

Чиныг хъæуы сывæллоны дæр æмæ ас адæймаджы дæр. Фæлæ уæддæр сывæллон æндæр уарзт кæны чиныг. Мæ цæстытыл ма уайынц ахæм нывтæ: хæххон хъæутæ нынныгъуылдысты кæмдæр къæдзæхты рæбын æмæ кæмтты хъæбысты. Æхсæйнаг хъæуы чысыл, æртæазон скъола. Сæумæрайсом фæрссаг хъæуæй рараст сты къуылдымыл фондз–æхсæз сабийы. Фæсаластæрд æрчъиаг дзабырты, фæсмын зæнгæйтты, цыбырдым хæлын кæрцыты мидæг фæцæуынц скъоладзаутæ. Сæ иуы къухы фендзынæ даргъ лæдзæг, иннæйы – къахдзоныгътæ. Алкæмæн дæр йæ фарсыл тæнæггомау хæцъилæй хызын. Дыууæ чиныджы – хызыны мидæг. Иу ранæй ракъуыпп ис хызын – бæрæг дары хъæбæрхоры кæрдзын. Цæуынц хъæлдзæгæй, кæд се ‘рчъиаг дзабыртæй зæнгæйтты ‘хсæн сæ иуæй-иутæн сæ фадгуытæ сырх дарынц, уæддæр. Ауырдыг сты къуылдымыл. Фæлæ æз зонын: се ‘ппæт хъæлдзæгæй нæ ныххæццæ уыдзысты скъоламæ. Чи йæ зоны, кæцы фæбырдзæн салд уырдыг фæндагыл, кæцыйæн асæтдзæн йæ хъæбæрцъар чиныг. Æмæ уæд та – куыд, æрдиаг. Æвæццæгæн сæ гал рахаудыл афтæ нæ фæхъыг кæнид уыцы саби, йæ чиныджы саст ын куыд хъыг уыдис.

Къаннæг сывæллон хъуамæ йæ афоныл бауарза чиныг дæр æмæ йæ мадæлон æвзаг дæр. Рагæй фæстæмæ дæр нæм ацы хъуыддагæн фадат куы уыдаид, уæд ныртæккæ афтæ арæх нæ уаиккой, се ‘дылыдзинадæн барæн кæмæн нæй, ахæм «зæхбарджытæ» – ирон æвзаг «ардыгæй Елхотмæ» чи бары, уыдон.

1905 азы революци фæзындис ирон скъолайыл дæр. Уæдæй фæстæмæ фенкъуыстис ирон скъоладзауты иронау ахуыр кæныны

хъуыддаг дæр. Уæдæй ардæм фæзындысты райдиан скъолайы ахуыргæнæн чингуытæ: Мамытты Стефаны, Хъоцыты Бидзинайы æмæ Хъаныхъуаты Алмахситты чингуытæ.

Фæлæ саби канд дамгъæтæ базонынæй нæ бауарздзæн чиныг. Йæхи бауарзын кæны æрмæст аив фыст, æцæг аив уацмыс.

Хъуыды ма кæнын æз, Мамытты Стефаны «Сывæллæтты чиныджы» куыд ахуыр кодтон, уый.

16-æм фарсыл чиныгаразæг «хæрзбон» загъта дамгъæтæн æмæ ног сæр æрæвæрдта: «Сывæллæтты чиныг, фыццаг хай. Æнцон кæсынæн».

Æмæ цы радта æнцон кæсынæн? Хетæггаты Къостайы æмдзæвгæ «Фыдуаг». Æмдзæвгæ куыд æнцон ахуыр кæнæн уыди сывæллæттæн æнæкæсгæйæ, уый ныртæккæ дæр læууы мæ зæрдыл. Уый уыди, фыццаг аив литературон уацмысæй цы бакастæн, уый. Ссардта ма чиныгаразæг Хетæггаты Къостамæ æндæр æнцонкæсæн æмæ ахуыргæнæн æмдзæвгæтæ. «Фыдуаджы» фæстæ цыдысты: «Уасæг», «Кæмæн цы», «Лæгау», «Халон æмæ рувас», «Бирæгъ æмæ хърихъупп» æмæ æндæртæ – æдæппæт иуæндæс æмдзæвгæйы.

Чиныгаразæг райдыдта Къостайы æмдзæвгæйæ æмæ фæугæ дæр фæкодта чиныг Къостайы æмдзæвгæйæ.

Рæдау разынд Стефан Мамытты Къостайы æмдзæвгæтыл. Йæ чиныджы дыккаг хайы дæр дзæвгар радта Къостайæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, скъоладзаутæ не ссардтой чиныджы нæдæр «Додой», нæдæр «Салдат», нæ дзы уыди «Сидзæргæс» дæр.

Хъоцыты Бидзинайы 1907 азы рауагъд ирон дамгъæты чиныг «Ирон ныхас» дæр райдыдта Къостайы æмдзæвгæ «Скъолайы лæппу»-йæ.

Цæмæ гæсгæ æвзæрстой райдиан ахуыры чингуытæн Къостайы æмдзæвгæтæ? Кæд мыйаг уыцы рæстæджы ирон литературæйы æндæр ницы уыд æмæ бар-æнæбары? Нæ, уый тыххæй, нæ! Бæлвырд у, чиныгаразджытæн æндæр фысджыты уацмыстæй бирæ æрмæг равзарыны фадат нæ уыди, фæлæ Къостайы æмдзæвгæтæ уымæн не ‘взæрстой. Зыдта Къоста йæхæдæг дæр, кæмæн фыссы, уый. Раджы сфæнд кодта уый ирон сабиты барæвдауын сæрмагонд хуынæй, стыртимæ сын иумæ цы нæ уыдаид, ахæмæй. Йæ цæргæйæ нæ бантыст Къостайæн уыцы лæвар сцæттæ кæнын. Ныр ын йæ архивы ссардтам хуымилиаджы райдайæн. У хицæн чысыл тетрад. Тетрады райдайæн цъарыл

Къостайы къухæй фыст: «Мæ хæрзæггурæггаг Иры сывæллæттæн». Дарддæр тетрады ис æмдзæвгæтæй иу къорд: «Скъолайы лæппу», «Гино», «Фыдуаг», Къухфыст фæци ууыл, æмæ хæрзæггурæггаг, Къоста йæ цы хуызы раттинаг уыд, афтæ лæвæрд нал æрцыд. Рауадзынмæ хъавыд Къоста Иры сывæллæттæн хицæн чиныг. Чи йæ зоны, цы ‘мдзæвгæтæ зонæм Къостайæн, уыдонæй уæлдай ма цы радтаид скъоладзаутæн! Фæлæ уыцы тетрады цы цыппар æмдзæвгæйы ис, уыдон куыд биноныг цæттæ кодта! – ис дзы къорд ивды – уымæ гæсгæ зæгъæн ис, «Хæрзæггурæггаг» куы сцæттæ уыдаид, уæд ыл чысыл цин нæ фæкодтаиккой, кæмæн æй зæгъынмæ хъавыд, уыдон.

* * *

Æртын азы рацыди Къостайы амæлæтæй нырмæ, æртын фараст азы цæуы «Ирон фæндыр»-ыл. Уæдæй нырмæ Къостайы тыххæй газетты æмæ журналты цас фыстытæ фæзындис, уыдон Къостайæн йæхи уацмыстæй фæфылдæр сты. Хорз у уый. Фæлæ уæддæр абоны онг, поэт цы бын ныууагъта, уымæн аккаг, æххæст æмæ биноныг аргъ скæнын нæма бафæрæзтам.

Къоста – ирон аивадон литературæйы бындурæвæрæг. Уый зæгъынц, бирæ чи фыссы, уыдон дæр æмæ, чысыл чи фыссы, уыдон дæр. Фæлæ уыцы бындур аивадон цæстæнгасæй æвзæрст нæма ‘рцыд.

Бирæ вазыгджын у Къостайы сфæлдыстад. Ацы ран мах æрхæссинаг стæм æрмæст иу цалдæр æмдзæвгæйы.

Кæмæн фыста Къоста йе ‘мдзæвгæтæй иу къорд: «Гино», «Скъолайы лæппу», «Фыдуаг», «Уасæг», «Лæгау», «Кæмæн цы?» æмæ æндæртæ? – комкоммæ къаннæг сабитæн, скъолайы агъоммæ карæн æмæ фыццаг азты ахуыргæнæг скъоладзаутæн.

Ацы æмдзæвгæтæн, – æниу канд уыдонæн нæ, – сæ арæзт у, сывæллæттæн фыст хæрзхъæд аив уацмыстæн куыд вæйиы сæ арæзт, афтæ: рæсугъд æвзаг – æнцонкæсæн, æнцондзурæн, æнцонæмбарæн æмæ хæрзуынд нывтæй фæлыст æмæ нуарджын. Бæлвырд у: Къоста сывæллæттæн цы ‘мдзæвгæтæ нысан кодта, уыдоныл æнувыддæрæй кæй куыста, уый. Сæрмагондæй æркæсинаг у поэтæн йе сфæлдыстады ацы ахаст дæр. Фæлæ уæлæнгай æркастæй дæр зыны, сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæ иннæты хъауджыдæр арæзт кæй сты, уый: цыбыр хъуыдыйæдтæ, дыгай

рифмæтæ, ирддæр нывтæ. Æмдзæвгæ «Уалдзæг»-ы ис æртæ куплеты æмæ æртæйæн дæр сæ фыццаг рæнхъытæ дыгай рифмæтæй конд сты: «Мит тайы, их сайы»... «Йæ фæдыл нæ хъæдыл»... «Цырд лæппу гæлæбу»...

Къаннæг сывæллæтты литературæйы хæрзхъæд бæрæггæнæнтæй иу у – уацмыс сывæллæтты къухы куыд æнцонæй сахуыр кæнынмæ æфты, уый. Цы фау æрхæссæн ис, ахæм цæстæнгасæй кæсгæйæ, Къостайы æмдзæвгæтæ «Кæмæн цы?», «Фыдуаг», «Лæгау» æмæ æндæртæм!

Къостайæн йæ аргъæуттæ æмæ йе 'мбисæндтæм нырма бæстон ничи æркастис. Æмæ та уыцы хæс дæр нæхимæ нæ исæм, фæлæ уæддæр дзырдæн æрхæссæм иу аргъау æмæ иу æмдзæвгæ. Чи нæ фехъуыста сывæллонæй уæйгуыты аргъæуттæ? Фæлæ, Къоста уæйыджы бакаст-хуыз æрмæст дыууæ рæнхъæй куыд равдыста, афтæ никæцы аргъауæн бантыст:

Хоры къутуйау – йæ тæнтæ,
Бинаг был – кæфой...

Ас адæймаг нæ, фæлæ хуртуан хъахъхъæнынхъом цы сывæллон фæцис, ахæмæй дæр йæ цæсты раз кæмæн не 'рбалæудзæн ацы ныв? Чи нæ зоны хохы цæрджытæй бæрзуисæй быд нарæгхъуыр æмæ тæнджын къуту кæнæ дымгæмæдарæн даргъбыл кæфой?

«Гæды фиумæ куы нæ феххæссы, уæд æй мархо хоны». Уыцы æмбисонд рагæй ис ирон адæммæ.Фæлæ куыд арæхстджын амад скодта уый уæлæ Къоста йæ «Марходарæг»! Диссаджы ирд ныв райтыгъта фыссæг уым гæды æмæ куыдзы хуызы. Бирæ дыкъахыг гæдытæй зæгъæн ис æцæг:

Амар æй фæлтау фырнадæй,
Акъах ын йæ цæст,
Фесаф æй бынтон, æгадæй, –
Бафсад æй æрмæст!..

Æмæ сын иу æй исчи сæ цæстмæ куы бадары, уæд та æвиппайды «ком дарæгæй» агæпп ласынц.

Кæддæр райдайæн скъолайы ахуыр кодтон «Марходарæг» æмæ мæм афтæ кæсы, Крыловы «Рувас æмæ сæнæфсир» чи ахуыр кодта, уыдонмæ нæ бахæлæг кодтаин.

* * *

Дæс æмæ ссæдз азы рацыд Къостайы амардæй. Дæс æмæ ссæдз азы дæргъы азæй-аз ирддæр æрттивы, йæ дзыллæйы зæрдæйы уидæгтæй арф «Ирон фæндыр» чи ныййазæлын кодта, уый стъалы.

Мæйдар æхсæв ыскасти уый. Сау мигътæ фесты йæ размæ, адæмæн æй æххæст фенын нæ бауагътой.

Æппæт аивадон литературæйы мидæг сывæллæтты литературæ у ахсджиагдæр хæйттæй иуыл нымад.

Æмæ Къоста уыдис ирон сывæллæттæн сæрмагонд хуынæй фыццаг хæрзæггурæггаг фæуæг – Къоста уыдис сывæллæтты ирон литературæйы бындурæвæрæг дæр.

1936

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Æрдз нын алы бон дæр æвдисы ног æмæ ног диссæгтæ. Нæ равдысты фендзыстут, дунейы алы бæстæты цы æрдзон хидтæ æмæ æрдынæгтæ (аркæтæ) ис, уыдонæй иу къорд.

ÆРДЫНÆГТÆ

АИШ-ы.

Санта-Крус.

Австралийы.

«Æрдын».

«АИШ»-ы.

«АИШ»-ы.

«АИШ»-ы.

Дывæр æрдынæг АИШ-ы.

Сакъадах Гозо.

ÆРДЗОН ХИДТÆ

АИШ.

Китай.

Швейцарийы кулдуар.

Перу.

Æнæмæлгæ хид. Китай.

АИШ.

НÆ РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

КУЫДЗОЙТЫ Барис

ЦОПАНТЫ САУДЖЫН

Адæймаг куы райгуыры, боны рухс куы фены, уæд ын, æвæдза, Стыр Хуыцау йæ дарддæры цард, йæ хъысмæт æмæ йæ хъуыддæгтæ бакæны кадджын зæдтæ æмæ дауджыты бар. Чи райгуыры адæмæн æрвылбон амонд æмæ рухс хæссынæн. Чи та... Цæй, уыдон кой нæ кæндзыстæм.

Цопанты Микъалайы (Сауджын æй хуыдтой хъæубæстæ) рæстæг Уæллагкомы чи цард, стæй сæ фæстæ цы бирæ фæлтæртæ ныууагътой, уыдон хорз зонынц, чи дзы цы сарæзта хорзæй, чи та – фыдбылызæй.

Кæд искуы Уæллагкомы цыппар хъæуы райгуырд куырыхон, уæздан æмæ Æрфæны фæдау ныууагъта амонд æмæ фарн, уæд уый уыди Цопанты Едзайы фырт Микъала.

Микъала райгуырди 1881 азы уалдзæджы. Йæ къахыл ауадис раджы. Йæ цæрдæгдзинадæй, коммæгæсæй, æнæзивæг æмæ зæрдæргъæвдæй хъæуы сывæллæтты астæу бæрæг дардта. Бирæ уарзта йæ мад æмæ йæ фыды, æфсымæры, хоты.

Кæд Едзайы исбон ракæл-ракæл кодта, уæддæр фыд йæ сывæллæтты ахуыр кодта фæллой уарзыныл, лæппуты – нæлгоймаджы куыстытыл. Æрвылбон рæвдзæй дардтой сæ уæрдæттæ, дзывыртæ, адæгтæ, куыфтæ. Сæ фæрæттæ, дзæбугтæ, дзæккортæ, хъæдхафæнтæ æмæ цæрмттæм зилæнтæ, уисæйттæ, белтæ, миткалæн фыййæгтæ уыдысты алкæддæр хæрзæфснайд æмæ рæвдз. Сæ хъомдæттæ, бæхдæттæ æмæ скъæттæ – сыгъдæг æмæ хъарм, сæ фос хæрзхаст. Нæгъуыда та йæ бирæ чызджыты ахуыр кодта сылгоймаджы куыстытыл. Сæ хуыд уæлфаддзабыртæ – хæлæггаг, сæ тынуæфт – бæрæг, сæ алдымбыд – рæсугъд æмæ æнгом, уæлæдарæсы бахуыд – хæрзвидауц. Сæ уæливыхтæ, цæхæраджынтæ, къæлуа, куыпсы, фыдызгъæлæй конд хæринæгтæ – хæрзад. Сæ хæдзар æрвылбон – хæрзæфснайд æмæ райдзаст.

Нæгъуыда æмæ йæ чызджытæ хуым кæныны æмæ хос кæрдыны рæстæджы сæ нæлоймæгтæн афоныл хастой хæрзад æмæ сойджын сихор сысджыйæ конд сæрсæргæнгæ къуымæлимæ.

Рæстæджы цалх тагъд тулы: бонтæ ивтой бонты, мæйтæ – мæйты, азтæ – азты.

Цопанты хистæртæ никуы бафæлмæцыдысты сæ кæстæртæн зонд амонынæй. Алкæмæн дæр дзы ардтой рæсугъд, зондджын æмæ сабыр рæвдауæн ныхас. Гъемæ бауынаффæ кодтой Микъала, Микъолоз æмæ Осеппы ахуыры фæндæгтыл арвитын. Уыдон уыдысты сæ фæсивæды зæрдæргъæвддæртæ. Микъолоз æмæ Осепп систы стыр ахуыргæндтæ. Кад скодтой айдагъ Цопанты мыггаг æмæ Уæллагкомæн нæ, фæлæ Ирыстонæн дæр.

Микъала та рацыди дины рæсугъд фæндæгтыл. Гæлиаты дины дыууæазон скъола каст фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ æмæ æрвыст æрцыд дарддæры ахуырмæ – Мæхческы цыппаразон скъоламæ. Уый дæр та каст фæци хорз бæрæггæнæнтимæ. Кæд уыцы рæстæджы уæлдæр ахуырмæ ацæуынæн хъуыди бирæ æхца, уæддæр Едза йæ фыртæн ницы бахæлæг кодта, æмæ Микъала ацыдис Æрыдоны семинармæ æмæ йæ, сыгъзæрин майдан райсгæйæ, каст фæци 1910 азы.

Едзайæн Æрыдоны семинары ахуыргæнджытæ бамбарын кодтой, цæмæй йæ фырты арвита дины академимæ. Зыдтой, уым дæр та хорз кæй ахуыр кæндзæнис. Æмæ Микъала ацыди Хъазаны дины академийы чырыстон хайадмæ. Ам ахуыр кæнгæйæ. æрвылаз, йæ зонындзинæдтæ фылдæр кæныны сæрапонд, æрвыст цыдис Уæрæсейы стырдæр аргъуантæм Санкт-Петербург æмæ Мæскуымæ. 1915 азы, сыгъзæрин майдан та райсгæйæ, каст фæцис академии дæр. Радтой йын «Черный священник»-ы ном. Хъуамæ йæ арвыстаиккой Уæрæсейы стырдæр горæттæй иуы аргъуанмæ кусынмæ. Не сразы ис Микъала уыцы хъуыддагыл. Фыццаджыдæр «Черный священник» кæд кадджын ном уыдис, уæддæр ын ус курыны бар нæ уыд. Азтæ та сæ куыст кодтой, зыдта йæ, йæ уарзон æм æнустæм кæй нæ баддзæнис. Иннæмæй та æрвылбон йæ райгуырæн Ирыстон йæ зæрдыл лæууыдис – йæ ныййарджытæ, йе ‘фсымæртæ, йæ хотæ, хъæубæстæ...

Æмæ Цопанты Сауджыны сæрвыстой Ходы хъæумæ. Бакуыста дзы иу аз. Уый фæстæ йæхи аивын кодта йæ райгуырæн хъæу Къæмынтæм. Фæстæдæр ма тынг зæрдæбынæй мысыди

Ходы цæрæг мыггæгты. Бирæ тудждзжынтæ бафидауын кодта йæ куырыхон зонды фæрцы.

Зджыды хъæуæй Томæты чызг моймæ куы цыди Дымты хъæумæ Байсонгъуырты Дæккамæ, уæд чындзæхсæвы æнæбары æрцыди стыр фыдбылыз. Чызджы йæ фыды хæдзарæй кæртмæ куы рахуыдтой, уæд къухылхæцæг Дзусты Михел ливорæй фехста уæлæмæ, куыд вæййы, афтæ. Нæмыг, хæдзары тъæпæнсæрæй дæлæмæ чи каст, уыцы сывæллæттæй иуыл сæмбæлди. Фæмард Томæты лæппу. Михелы æмæ ма дыууæ чындзхæссæджы æрцахстой. Сауджын æмæ Уæлладжыры куырыхон лæгтæ Цæгæраты Михел, Хъайтыхъты Сæрæби, Манкæты Æвдаким, Икъаты Михел бафидауын кодтой дыууæ мыггаджы, æмæ ног туг нæ ныккалд.

Микъала сауджынæй кусын куы райдыдта, уæд ын йæ фыд загъта: «Зианыл саргъауæггаг æхца макуы райс».

Æмæ æцæгдæр никуы райста. Уыцы хъуыддаг иннæ сауджынты зæрдæмæ нæ цыдис æмæ-иу æм загъд кодтой.

* * *

Октябры революцийы агъоммæ Уæллагкомы уыди бирæ адæм, зæхх сын нæ фаг кодта. Йæхи къухæй Сауджын къорд хатты курдиæттæ ныффыста Терчы облæсты хицауадмæ зæххъуаг адæмæн баххуысы сæраппонд. Алы хатт дæр-иу йæ курдиат æххæстгонд æрцыди. Радтой-иу сын зæххытæ Урсдоны, Къорайы, Сындзыхъæуы, Хъарманы, Текъатыхъæуы, Мустыздæхы, Змейкæйы.

Сауджын бирæтæн æххуыс кодта уæлæдарæс æмæ хойрæгтæй йæхи хæдзарæй. Хъæздыгдæр чи цард, уыдонæн дæр дзырдта, феххуыс кæнын кæй у Сыгъдæг Мадымайрæмы фæдзæхст. Сауджын фæцардис 81 азы. Йæ бирæ царды бонты уый никуы никæй бафхæрдта. Уæллагкомы куыд фæзæгъынц: никуы никæй дон слакъон кодта. Йæ раныхас-иу уыди цыбыр, хъуыдыджын. Ныхасы-иу куы рабадтысты тæрхоны лæгтæ, уæд Сауджыны уынаффæтæ æппæты хуыздæрыл нымадтой.

Микъалайæн уыди бирæ ахуыргонд æрдхæрдтæ. Арæх сæм уазæгуаты цыди Всеволод Миллер. Уæллагкомыл æрмæг куы æмбырд кодта, уæд ын Сауджыны фыдæлтæ тынг стыр æххуыстæ фесты. Кæрæдзийы нымадтой æфсымæртау. Фæстаг хатт ма В. Миллер Уæллагкомы уыди 1886 азы. Кæд Микъала гыццыл

лæппу уыд, уæддæр æй хорз бахъуыды кодта. В. Миллер уыцы бонты ныффыста «Гæлиаты Авд дзуары», «Атайты Къодахы зæды», «Дымты æмæ Хуссары Ичъынайы», «Куыдзойты æмæ Хъыбызты «Цæуы дзуары», «Хуыдæджер æмæ Дзынгайы» таурæгътæ. Микъалайы фыдæлтæм уазæгуаты уыдис цалдæр хатты зынгæ филолог æмæ этнограф П. Пфафф дæр.

* * *

1916 азы æппæт Терчы облæсты Архимандрит Гедеон аргъуантæн æмæ сæ куыстмæ æркæсыны охыл æрбацыди Гæлиатмæ дæр. Сауджын адæмы йæ куырыхон зонд æмæ дины фæрцы раст фæндагыл кæй арæзта, йæ аргъуан хорз фæлгонцгонд кæй уыд, хуымæтæг адæмæй аргъуаны зарджыты къорд кæй сарæзта, Уæллагкомы къæрныхтæ æмæ фыдгæнджытæ кæй нæ уыдис, адæм бахъуаджы сахат кæрæдзийæн æфсымæртау кæй æххуыс кодтой, æппæт уыцы хъуыддæгты фæрцы æппæт Терчы облæсты йæ приход бацахста фыццаг бынат. Радтой йын 500 сомы æхца (уæд гал уыдис 25 сомы аргъ). Сауджын сæ схардз кодта йæ аргъуан сфæлгонц кæныныл. Чи ма дзы баззад, уыдон та мæгуыртæн байуæрста.

Уый фæстæ Гедеоны курдиатмæ гæсгæ Сауджынæн æппæт Уæрæсейы патриарх саккаг кодта Сыгъдæг Владимиры сыгъзæрин майдан. Уæрæсейы император та йын радта сыгъзæрин сахат сыгъзæрин рæхысимæ. Сахатыл фыст уыдис: «От Его Императорского Величества».

* * *

Сауджыны зæрдæмæ тынг фæцыдысты большевикты сидтытæ: «Зæхх – зæхкусджытæн!», «Фабриктæ – кусджытæн!» Октябры революцийы размæ, стæй йæ фæстæ тынг æххуыс кодта революцион къордтæн. Хорз æмбæрстой кæрæдзийы зынгæ революционертæ Арсæгты Горгаимæ, Тауаситы Сослæнбегимæ, Гетъойы-фыртимæ, Цæрæкты Дзасанимæ.

Большевиктæй дæр æмæ меньшевиктæй дæр домдта, цæмæй сæ кæрæдзийы туг ма калой. Фæлæ кæрæдзийы æнæхатырæй цæгъдын куы байдыдтой, уæд иудадзыг Хуыцаумæ куывта, цæмæй æрсабыр уой.

1919 азы фæззæджы Уæлладжыры комæй Зджыд æмæ Хъивоны ‘фцæгыл Уæллагкоммæ æрбахызтысты 200 урсгвардион

æфсæддоны. Сæ командиртæ – булкъонтæ Хабæйы-фырт æмæ Александров цыдысты сæ разæй урс бæхтыл. Уыди сæм иу сармадзан, бирæ пулеметтæ. Сауджын сæ размæ рацыди. Дыууæ булкъонæй ракуырдта, цæмæй се штаб уый хæдзары саккаг кæной. Булкъонтæ сразы сты. Æрвылбон Сауджыны хæдзары уазджыты фынгыл уыди бирæ бæркад сæр-сæргæнгæ бæгæныимæ. Æфсæддонтæ гыццыл къордтæй апырх сты Уæллагкомы æмæ Дыгургомы хъæутыл. Сауджын мæт кодта, тарсти, туг та куы ныккæла.

Большевиктæн сæ фылдæр алыгъдысты Къæрæугомы æфцæджы сæрты Гуырдзымæ. Урсгвардионтæ Къæмынты хъæуы сæр, Кæрæджджыны фæзы æрæвæрдтой сæ сармадзан. Дыууæ æхсты фæкодтой Дыгургомы, Тъæпæн Дыгурырдæм. Нæмгуытæ сæмбæлдысты Уæхъæцы хъæумæ хæстæг. Табу Хуыцауæн, фыдбылыз не ‘рхастой.

Дыууæ булкъоны цæсткæсæнтæй кастысты Тъæпæн Дыгурырдæм. Сауджын дæр уыди сæ разы. Уыцы рæстæг Арсæгты Горга Дæлызы хохырдыгæй фехста дыууæ булкъоны. Нæмыг сæмбæлд Хабæйы-фырты къæхты бын.

– Чи мæ фехста? – афарста булкъон Сауджыны.

Кæд Сауджын зыдта, уый Горга уыд, уый, уæддæр дзуапп радта:

– Чифæнды уæд, уæддæр æй нæ фæндыди туг ныккалын... Æмæ нæмыг зæххыл уый тыххæй сæмбæлди. Ныууадзут уæ сармадзанæй æхсын. Бирæ фыдбылызтæ сараздзыстут, стæй сымах дæр æвыдæй нæ баззайдзыстут.

Хабæйы-фырт байхъуыста Сауджынмæ.

Урсгвардионтæ хъæуы дзæнгæрæджы раз сарæзтой фондз ауындзæны.

Æрцахстой æрмæст Арсæгты Горгайы фыд Бæбу æмæ йæ кæстæр фырты. Бакодтой сæ Тахохты Асæхы фидар скъæты. Хъахъхъæдтой сæ хъазахъхъæгтæ. Рахастой сын ауындзыны тæрхон.

Изæрæй фынгыл бадгæйæ Сауджын дыууæ булкъонæн загъта:

– Туджы фæд уæ фæстæ ма ныууадзут. Фæстæмæ куы цæуат, уæд тудджджынтæ уæ размæ бабаддзысты æмæ бирæ туг ныккæлдзæни.

Хабæйы-фырт æнæдзургæйæ зæхмæ бирæ фæкасти. Булкъон Александров фæхъæр кодта:

– Мах стæм æфхæрæг къорд æмæ хъуамæ маргæ æмæ ауындзгæ кæнæм! Большевикты се ‘ппæты дæр цалынмæ мæрдтæм барвитæм, уæдмæ сæ – цæгъдгæ, цæгъдгæ æмæ цæгъдгæ!

Сауджын йæ мадимæ раздæр куыд баныхас кодта, афтæ сын дыууæ нуазæны рахаста. Радта сæ булкъонтæм. Мад афарста Хабæйы-фырты:

– Мæ къона, мад æмæ дын фыд ис?

– Ис, мæ мады хай, ис. Æз сын дæн иунæг фырт, – дзуапп радта булкъон.

– Æмæ дæ мæт нæ кæнынц? – афарста та Гæвдынон.

– Куыд нæ кæнынц... Империалистон хæсты бирæ тухитæ федтон. Мæнæ ныр та ам, Ирыстоны. Ардæм куы цыдтæн, уæд мын мæ мад загъта, дæхи адæмы ныхмæ, дам, ма тох кæн, ирон туг, дам, макуы ныккал... Фæлæ цы кæнон? Æз хæстон лæг дæн, большевиктæ та адæмы змæнтынц. Цæуынц паддзахы ныхмæ...

– Æмæ цы дыууæ адæймаджы æрцахстат, уыдонæн дæр мадæлтæ æмæ фыдæлтæ куы ис, дæ низтæ дын бахæрон. Бинонтæ æмæ сын сывæллæттæ куы ис... Цæмæн сæ сидзæргæстæ æмæ сидзæртæй уадзут? – сабыр хъæлæсæй бауайдзæф кодта Гæвдынон. Булкъон Александров та ногæй фæхъæр кодта:

– Æгъгъæд у сылгоймæгтæм хъусын!

Гæвдынон йæ кæлмæрзæн систа æмæ йæ дыууæ булкъоны къæхты раз æрытыдта.

Хабæйы-фырт тагъд-тагъд ауадис æддæмæ æмæ ахъæр кодта хъалагъуртæм:

– Ауадзут уыцы дыууæ уацайраджы, мæ цæст дæр сæ куыднæуал ауына, афтæ.

Александровæн та йæ хъæр ноджы райхъуыст:

– Дæуыл, булкъон Хабæйы-фырт, ирон зæронд ус фæуæлахиз!

– Мæныл ирон зæронд ус нæ, фæлæ ирон мады кад, намыс æмæ нæ ирон фыдæлты фидар æмæ кадджын æгъдау фæуæлахиз сты! Абонæй фæстæмæ ма мыл искуы куы схъæр кæнай, уæд дæ гуырæй райгæ у! – дзуапп радта Хабæйы-фырт.

Сауджын сæ æрсабыр кодта.

Дыккаг бон сæумæрайсом Гæлиаты хъæуæй иу лæг æрлæууыди Цопанты къæсæрыл. Бадомдта, цæмæй Хабæйы-фыртмæ бадзурой. Сауджын ын бамбарын кодта:

– Нырма фынæй кæны. Цы хабар у?

– Йæхи къухмæ йын хъуамæ радтон мæнæ ацы гæххæтт.

– Мæныл не ‘ууæндыс? Æри йæ мæнмæ, æмæ куы райхъал уа, уæд æм æй ратдзынæн.

Сауджын гæххæтт райста. Лæгæн иу къорд сыкъайы адардта. Къæсæрæй йæ афæндараст кодта. Бацыдис йæхи уатмæ æмæ гæххæтт бакастис. Уым уыдис большевиктæ æмæ сæ бинонты номхыгъд. Фыст дзы уыдис дыууадæс æмæ ссæдз læджы мыггæгтæ æмæ нæмттæ...

Сауджын гæххæтт пецы амæддаг бакодта. Сихорыл, фынгтыл бадгæйæ дыууæ булкъонæн загъта:

– Æз дины кусæг дæн. Мæн нæ фæнды, цæмæй нæдæр урсгвардионты, нæдæр большевикты туг ныккæла... Туг туг у, мæнæн дзы хъауджыдæр нæй. Æз мæ адæмы раз, стæй аргъуаны мæ Хуыцауы ном куыд ссардзынæн? Фæтæрсут Хуыцау æмæ аргъуаны ælгъыстæй...

Урсгвардионтæ дыккаг бон сæ фæд-фæд ацыдысты Зджыдмæ, уырдыгæй та – Салыгæрдæнмæ. Уæллагкомы адæм сулæфыдысты сæ риуты дзаг.

* * *

Къусраты бинонтæ Дымты хъæуæй быдырмæ куы алыгъдысты, уæд Сауджын Уæллагкомы хæдзар-хæдзар фæзылд, æрæмбырд кодта æхца. Балхæдта Къусраты дыууæуæладзыгон, чъыр æмæ дурæй амад, фидар æмæ рæсугъд хæдзар. Стæй йæхи хардзæй ацыди Санкт-Петербургмæ. Райста бар уыцы хæдзары скъола саразынæн. Паддзахад рауагъта фæрæзтæ скъолайæн. Цал æмæ цал фæлтæры дзы базыдтой кæсын æмæ фыссын!..

* * *

1905 азы революцийы бонты Фæснæлы Бельги æмæ Уæрæсейы концерны æрзæткъахæнтæ æмæ æрзæтыссæн фабрик куы ныппырх кодтой, уæд ма бирæ азты сæ электрон тыхдæттæг электростанцæ рæвдзæй læууыдис, кæд йæ зилынгæнæг донауæзт уыдис, уæддæр. Сауджын Уæллагкомы хъæутыл, Тъæпæн Дыгурыл, Задæлеск, Доныфарс æмæ Стыр Дыгуры комы хъæутыл фæзылд, цæмæй æхца æрæмбырд кæной æмæ балхæной уыцы электростанцæ. Адæмæй бирæты сразы кодта. Æрмæст Стыр Дыгуры комы цæрджытæ уыцы хъуыддагыл не сразы сты.

Концерн уый фæстæ иу сомихагæн ауæй кодта тынг асламыл хуызджын згъæртæй арæзт электростанцæйы хæйттæ. Адæм та ма бирæ азты пайда кодтой нæзы цырæгътæ æмæ фæтæгенæй.

Иу рæстæджы Уæллагкомы разынд иу æнаккаг лæг. Уый къахта Царциаты ингæнтæ. Сусæгæй уæй кодта сыгъзæрин, æвзист, бронзæйæ конд дзауматæ Санкт-Петербургмæ. Уым та сæ фæсарæнтæм зынаргъдæрыл уæй кодтой. Сауджын куы базыдта уыцы хъуыддаг, уæд тынг бафхæрдта къæрныхы. Уый фæстæ ма ингæнтæй цы баззад, уыцы фæстаг-гæлæмон муртæ археологтæ æрвыстой Мæскуыйы историон музеймæ.

1926 азы фехæлдтой аргъуан. Йæ исбон ын фæйнæрдæм фæхастой. Абон дæр ма йæ къултæ сидзæрау лæууынц.

Сауджын Хъазаны куы ахуыр кодта, уæд балхæдта фондз æмæ ссæдз туманæй Библи. Йæ уæз – 16 килæйы. Йæ цъар – ахуырст роддзармæй. Йæ хæдзары чиныгдоны «Уырыссаг паддзахады истори»-йы ссæдз томы дæр, Достоевскийы, Пушкины, Лермонтовы, Кольцовы, Ибн Синæйы, Бирунийы, Омар Хайямы, Фирдоусийы, Къостайы æмæ ма бирæ фысджыты томтæ. Дины ныхмæ тохгæнджытæ, «æнæхуыцæуттæ», кæй хуыдтой, уыдон сæ кæртмæ рахастой. Сарæзтой дзы стыр арт æмæ хæйрæджытау йæ алыфарс кафыдысты. Библийыл зынг нæ хæцыд æмæ йæ сагæйттæй рафæлдах-бафæлдах кодтой.

Сауджыны кулакыл банымадтой. Йæ хæдзар æмæ йын йæ исбон байстой, ноджы йæ сыгъзæрин сахат æмæ дзуар рæхысимæ. Иунæг гæбæр род ма йын ныууагътой. Æртын авд стуры æмæ бирæ фысвос йæхæдæг аскъæрдта Фæснæлы аукционмæ æмæ сын загъта:

– Ацы фос абонмæ уыдысты мæн, ныр та сымах уæнт. Мæгуыр адæмæн сæ куы уæй кæнат, уæд-иу сын сæ аслам аргъыл раттут.

Дзырдхæсджытæ цъыфкалæн кодтой Сауджыныл. Архайдтой, цæмæй йæ æд бинонтæ Сыбырмæ ахæссой. Оргæнты кусджытæ тарстысты, адæм куы сыстой æмæ куы стох кæной Сауджыны æмæ йæ бинонты сæрыл. Æххуырстытæ никуы дардта. Цардис йæхи æмæ йæ бинонты къухвæллойæ. Стæй рох никæмæй уыдис, цы хорздзинæдтæ сарæзта революци æмæ мидхæсты рæстæг, уый.

1930–31 азты Сауджыны сывæллæтты скъоламæ нал уагътой. Йæхæдæг сын хæдзары уроктæ лæвæрдта. Се ‘ппæт дæр ацыдысты ахуыры фæндагыл.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман Микъала канд йæхи исбонæй не ‘ххуыс кодта фронтæн, фæлæ ма хъæутыл дæр зылдис æмæ æмбырд кодта нымæттæ, къандзолтæ, къуымбил зæнгæйттæ æмæ цъындатæ, басылыхътæ, æрмкъухтæ æмæ хойраг. Сырх Æфсадæй бирæ батальонтæ Уæллагкоммæ куы бацыдысты немыцы æрбабырсты фæстæ, уæд госпитальмæ радта бирæ хуыссæнгæрзтæ, дыууæ стуры æмæ цалдæр фысы. Хъивоны æфцæджы сæрты Зджыдмæ машинæйы фæндаг куы арæзтой, уæд куыста бел æмæ къахæнимæ. Иунæг бон дæр нæ баулæфыд. Куыста постхæссæгæй, хъомгæсæй, фыййауæй. Йæ цыргъзонд æмæ хъæлдзæг ныхæстæ адæмы зæрдæмæ цыдысты.

Иухатт хъæуы цæрджытæй иу Сауджыны бафарста:

– Бирæ азтæ дыл рацыди. Цæмæй тынгдæр фæтарстæ дæ царды бонты?

– Мæ бон кусын куынæуал уа, мæ хæдзары къæбæр куынæуал фаг кæна æмæ уынджы мæ сывæллон кæнæ мæ сывæллоны сывæллон искæй сывæллоны къухæй къæбæр куы аскъæфа, – дзуапп радта Сауджын.

Кæд ын бирæ зынтæ фенын кодтой æнаххосæй, уæддæр йæ зæрдæ нæ ныддур. Уыди зæрдæхæлар, хъæлдзæг æмæ адæмуарзон. Цардæй ахицæн 1962 азы.

ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

СОВЕТОН ФЫСДЖЫТЫ СТЫР ХÆС

Советон фыссæг... Дзыхæй зæгъгæйæ, æрмæст дыууæ ныхасы йеддæмæ нæу. Фæлæ уæвгæ у, стыр бæрнондзинад кæмæ ис, стыр хæстæ чи æххæст кæны йæ адæмы раз, кад кæмæн ис социализмы бæстæйы, ахæм адæймаг. Уыцы кады ном хæссын алкæйы бон нæу. Уыцы кад райсыныл фыццаджыдæр бакусын хъæуы, стæй уæд уыцы кады ном кæронмæ хæссыныл фидар тох кæнын хъæуы...

Цæмæн у афтæ кадджын советон фыссæг? Уымæн, æмæ уый тох кæны йæ аив сфæлдыстадæй нæ бæстæйы коммунизм аразыныл, уый у фæллойгæнæг адæмы туг æмæ стæгæй конд æмæ аразы йæ адæмæн идейон æмæ аивадон æгъдауæй хæрзхъæд литературæ. Уыцы литературæ стыр æххуыс кæны кусæг къласстæ æмæ æппæт советон адæмæн се стыр тохы социалистон арæзтады, коммунистон зондахастыл хъомылады хъуыддаджы. Нæй дунейы мидæг идейон æгъдауæй бæрзонддæр советон литературæйæ. Уый тыххæй иттæг раст загъта нæ партийы ЦК-йы секретарь æмб. Жданов советон фысджыты æппæтцæдисон 1-аг съезды.

«Мах литературæ у æппæт адæмты æмæ бæстæты æппæт литературæтæй æрыгондæр. Афтæмæй уæддæр уый у æппæты идейондæр, æппæты раззагдæр æмæ революциондæр литературæ... Нæй æмæ никуы уыди ахæм литературæ, советон литературæйæ фæстæмæ, кæцы сæмбырд кодтаид фæллойгæнджыты æмæ ссæст адæмы æппæт æмæ алы хуызы эксплоатаци æмæ æххуырсгæ цагъайраджы къæлæт бынтон фесафыныл тохмæ. Нæй æмæ никуы уыди ахæм литературæ, кæцы йе сфæлдыстады тематикæйы бындурæн æвæры кусджыты æмæ зæхкусджыты цард, стæй уыдоны тох социализмыл. Никуы ис æгас дунейыл иу бæстæйы дæр ахæм литературæ, кæцы дзуры æппæт нациты фæллойгæнджыты æмбардзинады сæрыл, сылгоймæгты æмбардзинады сæрыл. Нæй, стæй йын уæвæн дæр нæй буржуазон бæстæйы ахæм литературæйæн, кæцы цадæггай (фæд-фæдыл)

пырх кæны алы æбуалгъдзинæдтæ, алы мистикæ, алы сауджындзинад æмæ мæнгуырнындзинад (чертовщинæ), мах советон литературæ куыд кæны, афтæ.

Ахæм раззаг, идейон, революцион литературæ суæвын æмæ суын æцæгæй йæ бон бацис æрмæст советон литературæйæн – нæ социалистон литературæйы туг æмæ стæгæй конд чи у, уымæн».

Ахæм ахсджиаг кæм у советон литературæ, уым бæрæг у советон фыссæджы бæрнондзинад, уым бæрæг у, куыд тох кæнын хъæуы уыцы литературæйы хæрзхъæддзинадыл – идейон æгъдауæй æмæ аивадон æгъдауæй дæр, бæрæг у, куыд хъахъхъæнын хъæуы, цæмæй фысы цармы мидæг ма баирвæза знаг советон фысджыты æхсæнмæ...

Иттæг хъыгаг у, æрæджыгомау кæй зæгъæм уый, фæлæ ахæм хъуыддагæй стыр рæдыдтæ æруагътой нæ советон фысджытæ. Æмæ нæ уымæй стыр уроктæ скæнын хъæуы æвæстиатæй...

Троцкистон знаггадгæнджытæ ахæм ахсджиаг участок рохуаты нæ ныууагътой æмæ иттæг бацархайдтой, цæмæй се знаггады куысты спайда кæной идеологон фронтæй, уæлдайдæр та аивадон литературæйæ.

Троцкизм рагæй дæр уыди, кусæг кълассы тыхтыл чи не ‘ууæндыди æмæ сыл кæддæриддæр гадзрахатæй чи цыди, социалистон революцийæн алы мадзæлттæй цæлхдуртæ чи арæзта, ахæм политикон ахаст. Фæлæ ныры троцкизм политикон ахаст нал у.

«Нырыккон троцкизм у кусджыты кълассы мидæг политикон ахаст нæ, фæлæ знаггадгæнджыты, диверсантты, разведчикты, шпионты, лæгмарджыты æнæпринципон æмæ æнæидейон бандæ, кусæг кълассæн тæккæ налатдæр знæгты бандæ, фæсарæйнаг паддзахæдты сгарæг оргæнты æххуырстæй чи архайы, ахæм» (Сталин).

Троцкистон знаггадгæнджытæ социализмы ныхмæ сæ куыст фæтыхджындæр кæныны тыххæй сæ алфамбылай æмбырд кодтой, цыдæриддæр хæрам адæймæгтæ уыдис советон хицауадæн, уыдон: рахизмæ цудджыты, урсгвардионты, фыццагон жандармты æмæ пъæлицæйæгты, кулакты, буржуазон националистты æмæ æндæр ахæмты.

Æмæ куыд хæцыдысты уæдæ уыдон литературæйы мидæг социализмы ныхмæ, партийы политикæйы ныхмæ, советон хицауады ныхмæ?

Уый бамбарыны тыххæй хъæуы иучысыл историон афæлгæст.

1932 азы размæ цы литературон организаци уыди – РАПП (Уæрæсейы пролетарон фысджыты ассоциаци), зæгъгæ, уымæн йæ разамонæг Авербах уыди троцкист æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы фæндагыл арæзта пролетарон фысджыты: кæрæдзийы ратон-батонгæнæг æнæпринципон къордтæ, партийы разамынды ныхмæ æвæрын пролетарон литературæйы змæлд æмæ æнд. Авербах бирæ дзæнгæда цагъта, пролетарон литературæ аразæм, зæгъгæ, афтæмæй та йæ куыст, йæ «ахуырадон фæллæйттæ» сæрæй бынмæ арæзт уыдысты социалистон культурæ саразыны ныхмæ, ома, Троцкий куыд ахуыр кодта, афтæ. Нæ уыди РАПП-ы рæстæджы се сфæлдыстадон курдиæттæ рапарахат кæнæн бирæ æмæ бирæ æнæпартион советон фысджытæн, уымæн æмæ Авербах æмæ йæ цæдисон æмбæлтты лозунг уыдис: «Махимæ чи нæй, уый у нæ ныхмæ», ома дзыхæй дзырдтой пролетарон литературæйы ныхмæ, зæгъгæ, фæлæ уæвгæ та уыди афтæ: «Авербаховон знаггадгæнæг троцкистон къорды фарс чи нæу, уый цæуы уыдоны ныхмæ. Афтæмæй йæхицæн цы мæнг кад сарæзта йæ фæсдзæуинты æххуысæй йæ «революцион» сайæн хъæртæй, уый фæрцы иу дзæвгар рæстæг йæ хъуыддаг дæр цыди...»

Партийы ЦК уыцы хъуыддаг куы федта, уæд ликвидаци скодта РАПП-ы. Йæ разамонæг Авербах тард æрцыди литературон змæлдæн разамынд дæттыны куыстæй. Фæлæ троцкисттæн сæ хæс уыди æдзухдæр дыдзæсгомдзинад, сайын æмæ афтæмæй знаггад кæнын. Афтæ бакодта Авербах дæр. Йæ фæсдзæуинтæ Киршон, Афиногенов, Бруно Ясенский æмæ æндæртæ райдыдтой сусæгæй архайын ЦК-йы уынаффæйы ныхмæ, Авербахы фæстæмæ советон литературæйæн разамынд дæттынмæ æрбахонынылъ. Уыцы хъуыддаг нæ рауади. Уый нæ, фæлæ йæ хъузæттæ – Киршонтæн æмæ Афиногеновтæн дæр ныр се ‘цæг цæсгом æргомгонд æрцыди æмæ тард æрцыдысты советон фысджыты рæнхъытæй, тард æрцыдысты коммунистон партийы рæнхъытæй дæр, куыд троцкист Авербахы хъузæттæ – адæмы знæгтæ.

Фæлæ уымæй хъуыддаг нæ хицæн кæны. Æмб. Сталины доклад æмæ йæ кæронбæттæн ныхас партийы ЦК-йы пленумы стыр рухс бауагътой не ‘ппæт куыстытæн дæр, цыдæриддæр хъæндзинæдтæ ис кæцыдæриддæр куысты мидæг, уыдон фенæн

кæмæй ис, стæй сын сраст кæныны мадзал чи амоны, ахæм рухс. Уыцы доклад у стыр программæ советон фысджытæн дæр. Троцкистон-фашистон агенттæй советон литературæмæ чи баирвæзти æмæ афтæмæй, советон фыссæджы номæй йæхи æмбæхсгæйæ, знаггады куыст чи кодта, уыдоны иууылдæр раргом кæнын æмæ æд уидæгтæ скъахын хъæуы.

Чысыл знаггаддзинад не ‘рхастой уыцы троцкистон æмæ буржуазон-националистон элементтæ ирон советон литературæйæн дæр нæ литературæйы сæргъæуджыты æмæ редакторты политикон куырмдзинады аххосæй. Цæгат Ирыстоны РАПП-ы активон кусæг, буржуазон националист Къосирати Сæрмæт, троцкисттæ Фæрнион Къоста æмæ Дзесты Куыдзæг, бадилон-урсгвардион Болайы-фырт (Хъуыбадты Агуыбечыр) алырдыгæй, алы формæтæй хæцыдысты советон литературæйы ныхмæ (ома советон адæмы ныхмæ). Къосирати Сæрмæт амыдта кълассон сабырдзинад литературæйы («Зиу»). 1934 азы дæр ма Цæгат Ирыстоны советон фысджыты оргкомитеты уæрæх пленумы уый дзырдта: «Парти æмæ советон хицауад куыд уæлахиз кодтой кълассон знагыл, афтæ мах дæр, нæ партийы сæйраг хаххыл тох кæнгæйæ, ныппырх кодтам националистон буржуазийы нæ литературæйы мидæг». Уымæй Сæрмæт, кæй зæгъын æй хъæуы, æмбæхста æцæг знаггадгæнджыты фæдтæ, лæмæгъ кодта къæрцхъусдзинад. Фæрнион Къоста йæ пьесæ «Хæрзбон»-ы равдыста зыгъуыммæ Хуссар Ирыстоны фæллойгæнджыты хъазуатон тох пролетарон революцийы сæрыл, бирæ æмдзæвгæты («Æнуд цъæхахст», «Пушкины цыртмæ», «Цины дуг» æмæ æнд.) цъыфкалæн кæны социалистон арæзтадыл æмæ социалистон культурæйыл. Дзесты Куыдзæг бынтон æргом равдыста йæ троцкистон контрреволюцион хахуыр парти æмæ советон хицауады æнтыстдзинæдтыл йæ радзырдтæ: «Рапорт» («Фидиуæг» №1, 1936 азы) æмæ «Бирæкрат» («Фидиуæг» №9–10, 1935 азы). Болайы-фырт фæфыста бирæ, æмæ дзы мыхуыры чи куыд цыди, афтæ урæд цыдысты («Хæс», «Октябры скъуыддзæгтæ», «Адæм» æмæ æндæртæ) куыд контрреволюцион хъуыдытыл арæзт фыстытæ. Уарзон æмцæдисонтæ Фæрнион Къоста æмæ Болайы-фырт бынтондæр фаджыстимæ амæрзынмæ куы хъавыдысты æвзонг советон фысджыты, уæд Дзагуырты Гуыбады та, уыцы æвзонг фысджыты сæрыл хæцыны æфсон æмæ Фæрнион æмæ Болайы-фырты ныхмæ тох кæныны æфсон,

æндæрырдыгæй куыста советон литературæйы ныхмæ. Уый фыста æппæлой статьятæ райдайгæ фысджыты сфæлдыстадæн, райдайгæ фысджытæм цы хъæндзинæдтæ уыди, уыдон сын бацамоныны бæсты сæ æппæлыди æмæ æппæлыди. Уымæй йæхицæн фарсхæцджытæ цæттæ кодта æвзонг фысджытæй, цæмæй йæ ныхмæ дзурын ма фæразой æмæ сæ араза, йæхи кæцырдæм фæнда, уыцы фæндагыл. Уыйадыл Гуыбадытæ æмæ Болайы-фырттæн уый бантысти, æмæ къорд азты дæргъы æмбæхстæй фæдардтой ирон фæллойгæнæг адæмæн сæ уарзон зарæггæнæг Хетæггаты Къостайы фыстытæ. Советон хицауад æрфидары фæстæ Болайы-фырт суанг 1930 азты онг Мæскуыйы ирон студентты æхсæн арæзта сæрмагонд æмбырдтæ Къостайы ныхмæ. Уæд ам, Ирыстоны дæр, цыди уыцы куыст Къостайы ныхмæ, æмæ цалынмæ уыцы знæгтæн се знаджы цæсгом раргом кодта парторганизаци, уæдмæ уыди æмбæхст Къостайы ном дæр. Æмæ йæ цы не схуыдтой Къостайы! Барахъты Гино дзырдта Къостайы тыххæй:

«Асасти уымæн йæ ныфс, бамбæрста йæ æнæхъарудзинад... Хъазуатмæ, мæлынмæ сидæг зонд æмæ зæрдæ Къоста баивта дины тасæй сабырады зæрдæйæ» («Рæстдзинад», № 28, 1928 аз).

Дзагуырты Гуыбады фыссы 1934 азы:

«Коста Хетагуров – религиозно-настроенный пессимист. Его можно причислить к идеологам либеральной буржуазии» (Литературная энциклопедия, том 8, стран. 331).

Фæрнион Къоста æмæ Абайты И. фыссынц: «...примыкал к леволиберальным группировкам, с определенным оттенком националистических настроений» (Литературная энциклопедия, том 5, стран. 503).

Къосирати Сæрмæт дæр фыста адонмæ гæсгæ, ноджы ма уый æрæмбырд кодта йæ хæдзары Къостайы архив æмæ йæ 1936 азы онг уым æмбæхстæй дардта.

Ис ма бирæ ахæм æвдисæнтæ æрхæссæн. Адон се ‘ппæтæй дæр уый бæрæг кæны, æмæ иууылдæр, кæд алы хуызты архайдтой, иуæй-иу хатт та-иу кæрæдзийы ныхмæ дæр слæууыдысты, уæддæр сæ арæзт уыди иу ранмæ: Ирыстоны фæллойгæнджыты культурон рæзт социалистон фæндагæй буржуазон фæндагмæ аздахын.

Цæй фæрцы сын æнтыстис уый?

Æнтыстис сын уый фæрцы, æмæ нæ советон фысджытæм æмæ редактортæм (ам зæгъæм æцæг советон фысджытæй æмæ редак-

тортæй) нæ уыди фаг политикон цырддзастдзинад, нæ уыди фаг бæрзонд æвæрд большевикон хикритикæ. Ныр, парти куы раргом кодта троцкистон лæгмарты æцæг цæсгом, уæд се ‘мбæрзæн ахауди советон литературæйы (советон адæмы) знæгтæн дæр.

Фæлæ хъуыддаг уымæй нæма фæцис. Троцкистон æмæ националистон знагдзинады зондахаст дзæвгар апырх, дзæвгар уидæгтæ ма йын ис æнæкъахт. Æмæ гъеуый у не стырдæр хæс, – уыцы уидæгтæ иу муры онг скъахын æмæ сæ бынсæфт фæкæнын. Уый тыххæй дæр нæ фысджытæн стыр программон амынддзинад у æмб. Сталины доклад æмæ йæ кæронбæттæн ныхас ЦК-йы пленумы. Уыцы доклады сæйраг амынд у большевизм ахуыр кæныны тыххæй амынддзинад. Иттæг стыр ахсджиаг у уый нæ советон фысджытæн! Бæстæйы политикон цардæн æмдзу кæнын, бæстæйы политикон фарстатæ уадзынæн æххуыс кæнын аивадон литературæйы, уый у йæ ахсджиаг хæс советон фыссæгæн, уый уыдзæни фыццаг стыр къахдзæф большевизм базоныны хъуыддаджы.

Фæстаг рæстæджы цы æмбырдтæ уыди Цæгат Ирыстоны советон фысджытæн, уым сбæрæг, тынг стыр политикон рæдыдтæ кæй æруагъта нæ фысджыты Цæдис, тынг бирæ хъуагдзинæдтæ кæй ис йæ куысты.

Троцкистон æмæ буржуазон-националистон элементтæ бацыдысты фысджыты цæдисмæ (Къосирати Сæрмæт, Фæрнион Къоста, Дзесты Куыдзæг æмæ æнд.), бацыдысты суанг разамынды куыстытæм дæр Цæдисы æмæ журнал «Мах дуджы» редакцийы æмæ дзæвгар рæстæг знаггаддзинад хастой нæ литературон змæлдæн. Уыдон пайда кодтой литфонды æхцатæй дæр иннæ фысджытæй фылдæр, сæхицæн арæзтой хуыздæр фадæттæ, кæрæдзийæн литературон изæртæ (Фæрнион æмæ Болайы-фыртæн), Фæрнион Болайы-фыртæй æппæлыд, Болайы-фырт – Фæрнионæй æппæлыд. Зæгъæм æй ноджыдæр: уый уыди уымæн,æмæ ацы знæгтæ федтой фысджыты Цæдисы лæмæгъ разамынд, политикон куырмдзинад æмæ уымæй спайда кодтой иудзæвгар заманы…

Фысджыты Цæдисы правлени аиртæсти дзыллæйæ. Цалдæр азы дæргъы йæ куысты тыххæй дзуапп никуы радта фысджыты раз. Æмæ афтæмæй цавæр хикритикæ уыдаид? Правленийы цур нæ куыста иу секци дæр. Ницыхуызон разамынддзинад лæвæрд цыди райдайгæ æвзонг фысджытæн нæдæр правленийырдыгæй,

нæдæр журнал «Мах дуджы» редакцийырдыгæй. Дыууæ азы дæргъы Цæдисмæ иунæг фыссæг дæр ист не ‘рцыди, нæдæр æххæст уæнгтæ, нæдæр кандидаттæ. Журнал «Мах дуджы» куыст афтæ æдзæллагмæ æрцыди, æмæ 1936 азы дæргъы редакци рауагъта æрмæст æртæ номыры, уымæй, чи рацыд, уыцы журналтæ дæр рауагъдады къæбицы æфснайдæй лæууынц, кæсджытæм нæ ахæццæ сты…

Ныртæккæ æвзæрст æрцыди ног правлени æмæ журналæн ног редколлеги. Фæлæ уый нырма æппындæр æгъгъæд нæу куысты фæрæвдздæрæн. Цы хикритикæ райдыдта фысджыты æхсæн (зæгъын хъæуы – нырма æрмæст фыццаг къахдзæфтæ), уый райхалын хъæуы хæрз парахат. Хæрз хæстæг хъуамæ æрбалæууой æппæт советон фысджытæ дæр – Цæдисы чи ис æмæ чи нæма ис, уыдон дæр. Æнауæрдон тох саразын хъæуы нæ советон литературæмæ æцæгæлон идеологи хæсджытимæ, бындзарæй къахын хъæуы, троцкистон æмæ буржуазон-националистон знæгтæй ма цы уидæгтæ баззад, уыдон, афтæмæй – зæрдиаг тох хæрзхъæд литературæйыл.

Троцкист Радек æмæ рахиз оппортунистты фæтæг Бухарин цы фæндагыл ардыдтой советон фысджыты, уыдонæй хъуамæ хызт уа нæ алы фыссæг дæр. Цæуыл ардыдтой уыдон советон фысджыты? Бухарин «амыдта», зæгъгæ, политикон поэзийы сæр ныр ницæмæнуал хъæуы, Маяковский æмæ Демьян Бедныйы фыстытæн, дам, ныр сæ рæстæг аивгъуыдта, æмæ афтæмæй аздахынмæ хъавыди советон поэзийы æнæапп, æнæбындур лирикæйы, эстетикон-формалистон литературæйы фæндагыл. Радек та иуварс аппарынмæ хъавыди советон литературæйы аудындзинад æгас дунейы революцион литературæйыл æмæ хъуыддаг афтæ равдыста, цыма пролетарон литературæ æмæ æмдзугæнджыты литературæйы æхсæн цæуы ерыс, кæрæдзийы хъæздыг кæныны процесс. Бæлвырд у ныр, уыцы знæгтæ – япойнаг-гермайнаг фашизмы агенттæ – кæй архайдтой се знаггады куыст иттæг лыстæгæй кæныныл литературæйы мидæг. Цæмæй уыцы тæваг кæронмæ сæфт æрцæуа, уый тыххæй хъæуы æнæмæнг рапарахат кæнын сфæлдыстадон критикæ æмæ хикритикæ, политикон хъомылдзинад нæ фысджытæн.

Фæлæ, раст зæгъын хъæуы, уыцы хъуыддаг бирæтæ кæронмæ нæма æмбарынц, кæнæ та барæй ахæм цæстæй кæсынц хъуыддагмæ. Райсæм поэт Малиты Георгийы. Уый абоны онг у советон фысджыты Цæдисы уæнг. Малиты Георгийы фыстыты ис тынг бирæ политикон рæдыдтæ. Уыцы рæдыдтытæй иу къорды тыххæй

фыст уыдис журнал «Мах дуджы» № 4. Малиты Георги, уыцы рæдыдтыл басæттыны бæсты 1-æм июны фысджыты æмбырды йæ раныхас здæхта иууылдæр уыцы статья фыссæг Бесати Т. ныхмæ, ома, дам, уый зыгъуыммæ бамбæрста мæ фыстытæ, æз афтæ зæгъынмæ нæ хъавыдтæн, зæгъгæ. Малиты Георгийы ныхасмæ гæсгæ, афтæ цæуы: мæнæн мæ фыстыты политикæ мачи агурæд, мæнмæ политикон хъуыдытæ нæй, æз зымæджы тыххæй куы фыссон, уæд мæм ис æрмæст зымæджы хъуыдытæ, уалдзæджы тыххæй куы фыссон, уæд та – уалдзæджы. Кæй зæгъын æй хъæуы, советон фыссæгæн ахæм формалистон фæндагыл æрлæууæн нæй, уæд советон фыссæг нал у. Советон фыссæгæн йæ иунæг метод у социалистон реализм, ома социализмы æцæгдзинад аивадон хъуыдытæй, аив нывтæй æвдисын. Уыцы метод сæрæй бынмæ базоныныл æмæ уыцы методыл æнæ фæцудгæ кусын – уый у сæ практикон хæс нæ советон фысджытæн.

Фæлæ ирон советон литературæйæн йæ фидар цæджындз у ног фысджыты фæлтæр. Уыцы фæлтæр фидар лæууы нæ партийы хаххыл, тох кæны социализмы хæстæ æххæст кæныныл йæ аивадон сфæлдыстадæй социалистон реализмы фæрцы. Уыцы ног фæлтæр, сæ фыссыны æмæ ахуыры куыст иумæ кæнгæйæ, хиздзысты литературæйы бæрзæндтæм, уыдон ахуыр кæндзысты аивадон дæсныйад æмæ техникæйыл уырысы æмæ иннæ адæмты классиктыл, Къостайыл, уыдон ахуыр кæндзысты советон хуыздæр фысджытыл, – афтæмæй, коммунистон партийы разамындæй, бафæраздзысты фыссæджы ном бæрзонд хæссын, советон фыссæджы кадджын æмæ бæрнон хæстæ æххæст кæнгæйæ.

Ацы аз фыццаг хатт сарæзта нæ фысджыты Цæдис аивадон фарстаты фæдыл стыр ахсджиаг балц. Авд (7) поэты æмæ фыссæджы ацыдысты Мæскуымæ, Ленинградмæ, Киевмæ, Калакмæ æмæ æндæр къорд горæттæм. Уым фендзысты æмæ базонгæ уыдзысты уыцы стыр горæтты кусджыты царды уагимæ, стыр куыстуæттимæ, музейтимæ, фендзысты хуыздæр театрты куыст, базонгæ уыдзысты фысджыты цард æмæ куыстимæ. Ацы балц у стыр ахъаззаг мадзал нæ советон фысджытæн сæ политикон æмæ культурон зонындзинад фæуæрæхдæр кæнынæн.

Уыцы куысты уал уый у фыццаг къахдзæф. Фæлæ хъуамæ тынгдæр рапарахат уа.

«Мах дуг», 1937, № 3.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

БАРАХЪТЫ ГИНО

(1890–1937)

Барахъты Теккойы (аргъуыды номæй Фаддей) фырт Гино райгуырдис 1890 азы 19 февралы Салыгæрдæны (ныр горæт Алагир). Хæрз æвзонг ма куы уыдис, уæд фæзиан йæ фыд, æмæ райдыдта бинонты зынвадат, æвæрæз цард.

Уый азарæй Гино сæ хъæуы æртæкъласон райдиан скъолайы дæр дыууæ азы йеддæмæ нæ фæцахуыр кодта. Фæлæ зæрдæргъæвд læппумæ йæ хъус фæдардта ахуыргæнæг Дзасохты Васили, стæй йæ фыдыфсымæры руаджы сси Æрыдоны семинары ахуырдзау.

Кæд иттæг хорз бæрæггæнæнтæ иста, уæддæр та йæ ахуырæй фæцух, æцæг ныр уымæн йæ аххосаг æндæр хабар уыд: Гино архайдта семинаристты революцион змæстыты, æмæ йæ цæмæй ма 'рцахсой, уый охыл йæхи Даргъ-Къохы йæ хæстæджытæм бафæсвæд кодта.

Цасдæр рæстæджы фæстæ йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта æмæ 1911 азы семинар æнтыстджынæй фæцис. Иу афæдз бакуыста ахуыргæнæгæй Хъæдгæроны скъолайы, афæдз та Мæскуыйы Коммерцион институты студент уыд. Мæгуырдзинад ыл стыхджын, æмæ бар-æнæбары сыздæхт Ирыстонмæ.

Уæдмæ райдыдта Фыццаг дунеон хæст. Барахъы-фыртмæ хæстмæ фæсидтысты, фæлæ уал раздæр сси Калачы æфсæддон скъолайы курсант. Райста афицеры цин, бахауд Турчы фронты хæцæг æфсады рæнхъытæм. Йæхи хъæбатыр хæстон лæгæй равдыста.

Уалынджы Уæрæсе фæсæргой революциты мæйдар талынджы – раздæр февралы, стæй та октябры. Æмæ Гино дæр – ахуыр лæг, сахъ афицер, хæствæлтæрд – бадзæгъæл хуыздæрæнхъæлæй, хион-хæстæг чи нал æвзæрста, уыцы мидхæсты цæхæрмæ.

Æмæ Гино – Алагиры зылды комиссар, облæсты милицæйы хицау, газет «Кермен»-ы редактор, большевикты партийы райкомы секретарь, облæсты прокурор, газет «Рæстдзинад»-ы

редактор, уæлдæр скъолаты доцент-ахуыргæнæг Ирыстон æмæ Ростовы, наукон-иртасæн институты директор...

Иуахæмы диссаджы ныхæстæ ныффыста, мæнæ, дам, цы зын у æнæмбаргæ уарзинаджы къухæй дæ мæлæт ссарын. Æмæ уыцы æбуалгъы бæллæх, нæ бирæ разагъды лæгтимæ иумæ, йæхиуыл дæр æрцыд: зынгдзагъд революционер дæр та «æнæмбаргæ уарзинаг» советон хицаудзинадæн «адæмы знагæй» агæпп ласта, æмæ йæ æнæ дзæгъæл ракæ-бакæйæ 1937 азы 23 октябры агæрах ластой.

Цы бары æмæ йæм æнæбары тæригъæдтæ уыд адæм æмæ Хуыцауы раз, уыдон дывæрæй бафыста.

Гъе, афтæ дидинæг калдта советон бæстæ – тугæйдзаг дидинæг... Стæй уый дæр йæ амæддæгты аййæфта!

Гинойæн йе сфæлдисæг цæстуарзонæй радих кодта алыхуызон курдиæттæ – поэт, прозаик, критик-публицист, музыкант, тæлмацгæнæг, æхсæны лæг, зараг æмæ кафаг гуырд...

Фыссæджы уацмыстæ хицæн чингуытæй цалдæр хатты рацыдысты, æмæ дзы æппæтæй аивдæр æмæ æххæстдæр сты дыууæ 'мбырдгонды: 1975 азы уон – «Уæлладжыры кадæг» (Орджоникидзе, чиныгуадзæн «Ир») æмæ 1991 азы – «Бæстырæсугъд» (Дзæуджыхъæу, «Ир»).

НОВЕЛЛÆТÆ

ÆРТÆ РÆСУГЪДЫ

(Цæцæйнаг æмбисондмæ гæсгæ)

Æнæнцой у рагæй Æргъуындоны ком.

Изæрæй æмæ райсомæй комы нæ уадзы дзæгъæл бæрзонд хæхты уæлдæф. Чи йын цы хъом у уæд? Рагъæй рагъмæ хизгæ, тæссарæй тæссармæ ивгæ, дæлдæр, бындæр æфсæрын байдайы уый, куыддæр феуæгъд вæййы æрвон хуры æхсарæй. Калмау фæхибæрттæ кæны йæхи уынгæг цъæссыты. Æмæ уæд, æхситгæнгæ, нæмыгау згъоры йæ фæндæгтыл фæйнæрдæм.

Фæлæ бонрæфты саст у йæ хъару. Фæтых вæййы ууыл хуры хъарм, бамбырд æй кæны йæ бæрзонд бадæнты. Æмæ ма æрмæст уæд, цыма иумæ сабыр сусу-бусуйæ, æнæ кæрæдзи хъыгдаргæ, цардыл байдайынц уынаффæ.

Хъазуатдæр у Цæгаты дымгæ.

Тагъдæй-тагъддæрæй, мæстджынæй-мæстджындæрæй æрбафсæры уый иннæрдыгæй. Нал вæййы кæрон йæ хъæр, йæ ахстæн. Æвзæр зæвæтдзагъд кæнгæйæ, фыр фыдæнцойæ уый байдайы æрдиаг комы. Абырсы доны хъæры. Стæй райдайы уæлейæ дæлæмæ калын алывыд, байдайы ставд цæстысыгæй кæуын. Хойы, æхсы, сæрфы къултæ, къæдзæхтæ, фæндаг.

* * *

Æргъуынгомы иу фарс ма доны сæрмæ бæрзонд къулыл зыны ныр дæр хъазуатхуыз мæсыг. Баныхæсти къулыл. Комы иннæ фарсæй уый нæ ары топпы нæмыг дæр.

Æмæ раджы, незаманты, кæд цардис уым æртæ чызджы. Комы мæйдар æхсæвæй тардæр уыди сæ сæрыхъуын. Сынты базырæй саудæр уыди сæ цæсты гагуы. Цыкурайы фæрдгуытæ, æрвон стъалытæ æрттывтой, хъазыдысты сæ цæсгомыл. Хъазыбег-хохы цъупмæ скæс ирд бон – уымæй сыгъдæгдæр уыди сæ зæрдæ.

Хæхтæ æмæ быдыртыл алы дзæбæх къуым дæр басгæрста «бæсты æртæ рæсугъдæн» сæ кой. «Нæ разындзæн ахæм хæтæг лæг, уыдонæй иу къахæй къухмæ кæй не срæвдз кæндзæн фæсахсæвæрæй боны цъæхмæ», – дзырдтой адæмтæ уыдонæн сæ хъаруйæ.

Хæххон цæргæс-барджытæй бирæ бабæллыди бæсты рæсугъдты къухыл рахæцынмæ. Фæлæ сын нæ зыдтой сæ бæлвырд бæрæг бынат дæр. Быдыртыл паддзахиуæг чи кодта – хæрзуынд, хæрзконд дæр бауарзтой фæсауунмæ рæсугъдты, фæлæ уыдоны фадат дæр уыдис афтæ: кæнæ нæ зыдтой рæсугъдтæн сæ цæрæндон, кæнæ сæм нæ фæрæзтой баххæссын, бакæнын сæ къух.

Афонтæ сырдтой кæрæдзи. Уыцы заман Ныхасы бадтысты Нарт. Хабар хъуыстой уыдон дæр... Кодтой ныхас.

– Кæм-ма ис хъару ныры фæлтæрмæ, – дзырдта Уырызмæг. – Мах, зæрæдты, заман куы уыдис, уæд нæм бæргæ дау нæ уыди лæгдзинадæй. Нæ хъару никуы æруагътам ныллæг. Фæлæ «хорзæн хорз цот нæ цæуы», – мæнг нæ бакæнынц. Æрцыди нæ худинаджы рæстæг. Ис кæмдæр, зæгъынц, Æргъуыны комы галуан мæсыг, йæ хуылфы æртæ бæстырæсугъды. Уыдон нæй базонæг. Нæй уыдоны йæ рæхысы раз æрбалæууынгæнæг. Уæууæй, уæууæй, Нарт, быныхъæр нæ куы айхъуысид фæлтау!..

Кæстæртæ лæууынц дарддæр... Æрбайсынц Ныхасмæ хæстæгдæр

сæхи. Ныуулæфынц арфæй... Æрæхгæнынц æрфгуытæ.

– Нæ зонын, – дзуапп дæтты хиуылхæцгæ, æндонæхсар Созырыхъо, — лæгдзинадæн кæм уа бынат, уым мах хъаруйæн дæр нæй æвзæр бынат æрцахсæн. Кæд хистæртæ аккаг кæнынц, уæд мах — цæттæ, чи ратдзæнис йæ уд, уый – мах. Бæлвырд у, сылаив митæ нæм зынын кæй байдыдта. Фæлæ... Макæй фæсайа уыцы зонд!.. Ма ‘рбавнала йæ æхсар бавзарынмæ!..

Бамбæрста Хæмыц йæ æфхæрд Созырыхъойы ныхасы. Хæмыцæн уыдис «Æрхъызы» дæндаг. Сылгоймаг, æвæдза, федта уыцы дæндаг, уæд ын нæ уыдис æппын æнæ Хæмыцы бауарзæн. Уымæ гæсгæ сылтырдæм æгæр раздæхти Хæмыц, æмæ йе ‘гъдау нæ цыди Нарты зæрдæмæ.

Фæмæсты Созырыхъомæ Хæмыц:

– Созырыхъо! Ды цы бакæнай дæ лæгдзинадæй, уый æз цæстæнгасæй бакæндзынæн, кæннод та йæ мæ сæрмæ дæр не ‘рхæсдзынæн!.. Хъусыс, хæмпæлрус Созырыхъо?

Адауы йæ рихи Созырыхъо æмæ зæгъы:

– Уæ, нæ худинаггæнæг, сылаив Хæмыц! Ды цы бæхыл бадыс, уый дæ кæдæм ахæсса, уыцы ран æз хъуыддаджы дæр не ‘рлæудзынæн. Лæгдонтæ дарддæр сты.

– Хорз уæдæ, Созырыхъо, кæд Нарт аккаг кæнынц, æмæ сæ фæстагæттæй исчи басæтта бæсты æртæ рæсугъдæн сæ мæсыг, уæд дæ уындзыстæм. Дæ бон æмæ дæ хъару равдис. Æз райсомы бон дæн цæттæ.

Афтæ загъта Хæмыц, стæй йæ цыбырæлвыд боцъойыл æрсæрфта йæ къух æмæ уайтагъд араст и Ныхасæй.

Алæууыди дзæвгар Созырыхъо, стæй уый дæр айста йæхи æмæ ифтонг кодта балцмæ йæхи. Æхсæв æмæ бон кодтой кæрæдзийæ хицæн, афтæ хъæугæронæй разынди дыууæ барæджы.

Иу бадти сау тæнæг бæхыл. Хуыррытт кодта бæх. Риуыгъта размæ идон. Фыр хъайтарæй æууылдта згъæллаггом. Ивгæ æмдзæгъд кодтой цыппар къахы.

Иннæ бадти сæнт сырх, къуыдыр, тъæпкъах бæхыл. Æнкъард, цыма йæ никæдæм хъуыди тагъд кæнын, уыйау бæрæг, фæлæ цадæг æмæ уæззау æвæрдта бæх ставд зæвæтджын къах.

Уыдон уыдысты Нарты Созырыхъо æмæ Хæмыц. Куыддæр фесты цæугæдонæн йæ фаллаг фарс, афтæ Созырыхъо аразæй кодта йæхи æмæ атахти цæргæсау. Цæсты фæныкъуылдмæ æппын нал фæзынди фæлмы.

Хур акъул и дзæвгар. Æргъуыны коммæ иу бæрзонд къæмбырæй ныккасти Созырыхъо. Комæн йæ фаллаг фарсыл дард, арвæй зæххы æхсæн, къулыл нынныхæсгæ ауыдта уый æнахуыр мæсыг. Йæ сæры къуырфæй кастис æддæмæ æртæ сæры, рæсугъд сылгоймæгты сæртæ. Афтæ ма фæкæсынц бæлоны ахстонæй лæппынтæ сæ мадмæ.

Цæстытæ тар кодтой уыдоны рæсугъдæй.

Бæмбæрста Нарты Созырыхъо, бæсты æртæ рæсугъдæн кæй ссардта сæ бынат, сæ цæрæндон. Бахъæлдзæг ис йæ зæрдæ. Загъта: «Нарты Созырыхъо, æндонæхсар Созырыхъо! Гъе ныр, гъе, дæу бахъуыди сæр. Нæй мæсыгмæ слæсæн бынæй, нæй æрлæсæн уæлейæ, иу фарсæй... иннæмæй... никæцæй...»

Уæд февзиды Созырыхъо йæ сау бæхмæ, рацæуы дзæвгар фæстæдæр, стæй йæ ныггæрæхтæ кæны ехсæй. Йæхæдæг æй саразы бæрзонддæр къæмбырмæ, комы фаллаг фарс мæсыгмæ куыд багæпп кæна.

Нæ фæныкъуылдта йæ цæст бæх дæр. Раст бæрзонддæр къæмбырæй йæхи фентъыхта, мæсыджы сæрмæ къулыл асагъта йæ къæхтæ... Абоны онг дæр уыцы къулыл, уыцы хохы фарсыл йæ къахдзæфтæ зынынц бæлвырдæй.

Фæлæ нæ аныдзæвыди мæсыгыл бæх. Цæуыл фæфидар уыдаид, уый та нæ разындис айнæг хохыл, æмæ Æргъуындоны астæумæ æрхаудта бæх æд барæг.

Бамбæрстой рæсугъдтæ, фыдбылызы барæг кæй у Нарты Созырыхъо. Нал бауæндыдысты мæсыджы цæрын æмæ комы мидæмæ самадтой лидзынтæ.

Сычъийы лæппынтау, амбæхс-амбæхсгæнгæ, згъордтой уыдон. Фæкастысты-иу фæстæмæ. Фыр тæссæй кодтой зыр-зыр...

Хур нæма аныгуылди бынтон. Дыдзы хур ма рухс кодта хохы цъуппытæ, афтæ æваст ауыдтой чызджытæ сæ фæндагыл барæджы. Исдугмæ фæтарстысты тынг...

Барæг сабыр лæууыди фæндагæй дæрддзæф æмæ худæнбылæй, хъæлдзæгæй дзырдта чызджытæм:

— Ма тæрсут, мæ удыгагатæ, ма тæрсут! Сымах фæхъыгдардта йе ‘хсарæй æппæлæг Нарты Созырыхъо, фæлæ уый ныр далæ комы нарæджы, Æргъуындоны астæу ныффæлдæхти. Ма тæрсут, уый уадзут мæ бар! — афтæ дзурæг уыди Нарты Хæмыц.

Чызджытæн сæ зæрдæ фенцадис, æмæ йæм дзырдтой:

— Дзæбæх уазæг, ды нæ амондæн фæдæ нæ размæ. Бауром

уыцы знаджы. Мах цæуæм уæлæ уыцы бæрзонд хохы сæрмæ. Абонæй фæстæмæ ууыл уыдзæн мах ном æвæрд. Æхсызгон нын уыдзæн дæ фенд...

Фæллад, мæстджын уыди Нарты Созырыхъо. Уый сырдта бæстырæсугъд чызджыты фæсте, цыргъсæр хох ныллæууыди сæ астæу æмæ баауон кодта чызджыты. Фæцæйталынг кодта бон дæр. Тæхгæ барæгæй фæцæйцыди Созырыхъо, фæлæ йæм цыргъсæр хохы фæстæйæ дзырдæуыди Нарты Хæмыцы хъæлæсæй:

— Цы фæдæ, æппæлой, æндонæхсар Созырыхъо? Цæмæн фæхæтæгхуаг кодтай бæстырæсугъд æртæ чызджы?

Карды рæхуыстау фæкасти Созырыхъомæ ныхас. Кард фæхаста фыр мæстæй дард, ныррИуыгъта æмæ дыууæ дихы фæкодта хохы цыргъ сæр. Абон дæр ма лæууы уыцы ран афтæ саджилæй.

Фæфæлывта йæхи раздæр Хæмыц, сфардæг ис «Æртæ сылгоймаджы хохмæ», æрбадти бæсты æртæ рæсугъдæн се 'хсæн... Хъазыди семæ...

Нæртон Созырыхъо сфæлвæрдта къорд хатты хохмæ, фæлæиу æй дымгæ æмæ арвы гæрæхтæ рахауын кодтой фæстæмæ.

Æгас Цæцæны бæстæйæ дæр нырма ничи схызтис «Æртæ сылгоймаджы хохмæ». Куыддæр схæццæ вæййынц æмбисмæ, афтæ сæ арвы нæрын æмæ дымгæ фегомыг кæнынц, æмæ уæд рахауынц фæстæмæ.

Уыдон нæ вæййынц дымгæ æмæ арвы цæфтæ. Уый пъатæ æмæ хъæбыстæ кæны Нарты Хæмыц адæмæн номдарæн æртæ рæсугъдимæ. Ничи сæм бакæсдзæн, ничи сæ фендзæн.

Æрмæст уыцы уарзæгой митæ арвы гæрæхтæ æмæ уаддымдæй хъуысынц адæммæ.

ЦÆР!..

Уæлдай райдзастæй æвдыста йæхи уыцы уалдзæг.

Дæргъæвсы ком сивырау хъæздыг зындис халсар æмæ алы хоры мыггагæй. Æнхъæлмæгæсæг уыдысты адæм сæ бæрæгбонмæ. Æртæ къуырийы раздæр фæттæй бафарста Гуццы-фырт. Бацамыдта уæрыкк бæрæг фосæй. Уæрыкк снывонд кодтой дзуарæн. Рахибар æй кодтой... Бамбæхстой йæ. Стæй, цæмæй йæ сылгоймаг ма федтаид, уый тыххæй йæ райдыдтой хæссын мидæгхор æмæ донæй...

Æрхæццæ Тыбау-Уациллайы размæ æнцойбон. Дзыллæтæ æнкъуысын райдыдтой алырдыгæй.Алы комæй, быдыры алы

къуымтæй цыдысты сæхи фæдзæхсынмæ дзыллæтæ. Алчи цæрдæг хаста йæ кувинаг Гуццы-фырты размæ фæндагмæ.

Уæд-иу райсынц кувинæгтæ Гуццы-фырт, нывондæргæвдæг Барахъы-фырт æмæ се ‘мбæлттæ, рахæссынц семæ æвгъил* æмæ бæгæныйы кæхц. Афтæмæй-иу рацæйраст кæнынц уыдон аходæн афон хохы сæрмæ нывонд æрхæссынмæ.

– Уацилла, хор-хосæн цы хуыздæр уыдзæнис; цард, амондæн цы хуыздæр уыдзæнис; хорз фидауцæн цы хуыздæр уыдзæнис, хорз бæркадæн цы хуыздæр уыдзæнис, ахæм аз æй фæкæн, дæ рын бахæрон! – афтæ адæмы фæдзæхсы Гуццы-фырт, æмæ кæд араст вæйыынц уæлхохмæ...

Афтæ сын бацамыдта хæххон иртæст цард йæ зындзинæдтимæ. Уым нæ уыди фысымгæнæг царды рухс, цæргæ дунейы мадзæлтты кой. Хæххон мæргътæ-иу æрмæст бавдыстой уырдæм сæхи... Чи зоны, уыдон сæ зарæджы кодтой, æппæт бæстæтæй кæм цы хорзад федтой, уæлдæфты тæхгæйæ, фæлæ амы адæмимæ нæ уыдысты уыдон кæрæдзийы æвзаг æмбарæг...

Хæххон азмæлæнты æнæхайыры фадæттæ бырстой адæмы ныфс, адæмы цонджы хъару æмæ сæрызонды æхсар... Æмæ сæ бакодтой афтæмæй «дзуæртты», «зæдты», «дауджыты» æмæ æндæрты къухы.

Бирæ сæдæ азты фæкодтой æмæ кæнынц ныр дæр ма ацы адæм Тыбау-Уациллайы кусинаг. Цæхх, кæрдзын æнæвгъау лæвæрдтой кæрæдзийæн. Уымæ гæсгæ зæрдæйæ кодтой кæрæдзимæ хæстæгдæр.

Фæлæ ногт æгæр нæ барста уыдонæн дæр. Дзуары тыххæй ма баназ – уый нæ хатыр кодта «дзуар». Æмбисæндтæм гæсгæ сæ дзуæрттæ дæр уыдысты нуазаг.

Ахæм ногты заман фæбыцæу ис Пхалæгаты Къомбох уæлладжырон уазæг Тæхонты Мысырбиимæ... Æмæ йын бацавта йæ гуыбыны хъама...

Амардис уазæг, Тæхонты Мысырби. Аластой Мысырбийы йæ райгуырæн Уæлладжыры коммæ, басхуыстой йæ зæппадзы цæстæй мидæмæ æмæ йыл бахгæдтой къæйын дуар.

Дымгæ æхситгæнгæ хаста алырдæм хабар: «Пхалæгаты Къомбох ногты фæдыл лæг амардта».

---

* Æвгъил – нывондаг урс нæл фысы царм хъилыл кондæй – *(Ред.)*

Бирæ цыдæртæ æлгъыстæй баййæфта Тыбау-Уацилла дæр, йæ бæрæгбоны заманы адæмы фыдбылызæй кæй нæ бахъахъхъæдта, нуазынył та сæ домгæ кæй кодта, уый тыххæй.

Бирæ фыдæбæттæ æвзарын байдыдта Пхалæгаты Къомбох дæр тудджыны æхсарæй. Рацæуæн ын нал уыд æдасæй куыстмæ. Рацæуæн ын нал уыди тудджынæн нæдæр искуыдæм уазæджы, нæдæр балцы.

Мардæн – Тæхонты Мысырбийæн – баззадис æфсымæртæ. Уыдон æхсæн иу уыди адæмæн æмбисонд, нæдæр æй урæдтой хæххон зымæджы фæндæгтæ, нæдæр æхсæв, нæдæр фыдбон. Йæ гæрзарæхстдзинад ноджы æмбисонддæр уыд. Йæ бæгъатыр цæнгты æхсæн æппындæр змæлгæ нæ кодта хъыримаг.

Уый уыдис Тæхонты Мулдан.

Дзуары найфатæй фалдæр, Тыбау-Уациллайы хъæдæй уæлдæр систа йæхи Пхалæгаты Къомбох, самадта уым мæсыг æмæ дзы бадти цæргæсау, адæмæй иртæстæй...

Уæдæ ма йæ куыд фидардæр саразон мæ мæсыг, зæгъгæ, хъуыдытæ кодта Къомбох, фæлæ бонæй-бонмæ æнхъæлмæ кастис хæстæг мæлæтмæ. Арæх-иу æй бакодта фæндгæ дæр, уæд та тагъддæр куы фæуыдаид мард æмæ йæ зынтæй куы фæцух уыдаид...

Афтæ нал зыдта нæдæр æнцой, нæдæр хуыссæг Пхалæгаты Къомбох.

Зымæджы тъæнджы-иу комы бадымдта дымгæ, бахаста-иу йæ разæй митыфæзгъæртæ, бакодта-иу комы хъизæмаргæнæджы ниуд. Уый куыдта цардыл... Æмæ йæ байдыдта æмбарын Къомбох. Уыцы хъизæмардзинад уадындзæй уасæгау, æвдыста йæхи Къомбохы бæрзонд мæсыгæн йæ алы сисбынтæй.

«Уыцы дымгæ кæуы мæныл, – загъта иу хатт йæхицæн Къомбох, – кæуы мæ хъаруйыл, æнæхайырæй, æнæхъуаджы чи фесæфтис. Æмæ ноджыдæр кæуы уый, мæнау ма иннæтæй дæр уæларвмæ мæсгуытæ чи арæзта кæрæдзиимæ изгарддзинады фæдыл, уыдоны æнæкæрон фыдæбоныл...»

Бирæгъау сонтæй, рувасау хинæй архайдта, амалтæ арæзта Тæхонты Мулдан тудджынтæн батых кæнынæн, амал та нæ ардта æмæ нал зыдта уый дæр нæдæр æнцойад, нæдæр хуыссæг... Нал баззадис ахæм фæндаг, сæдæ хатты кæуыл нæ ахызти Тæхонты Мулдан. Нал баззад Къомбохы алфæмблайты ахæм дур, сæдæ хатты кæй нæ ныссæрфта йæ фæдджитæй. Нал баззадис

Къомбохы мæсыгæн йæ алыварс ахæм нæудзаст гæппæл, кæй нæ слæгъз кодта Тæхонты Мулдан, тудджжынмæ хъуызгæйæ.

Слæгъз ис хъыримагæн йæ сампал. Скъахыртæ ис йæ хъæд. Скъахта дамбаца йæхицæн бынат ронбастыл цæхгæрмæ, – фæрсчытæй сины æхсæн баныгъуылди дарæсы.

«Рагвæззæг сугмæ уæддæр цæудзæн», – зæгъы та ныр дæр хинымæры Мулдан, фæзыны Къомбохы мæсыгмæ æмæ æрбады дæрддзæф.

Фæхъахъхъæдта бирæ...

Иу хатт разындис бæргæ йæ тудджжын, сугмæ рацæугæйæ, фæлæ та йæ, йе уæны кæсæгау, бамбæрста Пхалæгаты Къомбох æмæ баирвæзти фæстæмæ мæсыгмæ.

Уæд ног амал æрхъуыды кодта Мулдан тудджжыны æддæмæ расайынæн. Уый æнахуыр дарæс скодта йæхиуыл, æрбахæстæг мæсыгмæ æмæ дзырдта уæлæмæ:

– Амардис дæ тудджжын Тæхонты Мулдан!

– Æндæр хорз дыл ма ‘рцæуæд, – загъта Къомбох. Йæ суджы тæскъ æрхаудта къухæй. Сæр къулыл ныххоста. – Хæрзбын куы бадæн, уæдæ, хæрзбын!..

– Куыд у уый та?! Цæмæн зæгъыс афтæ? – дзырдта йæм дисгæнгæйæ Тæхонты Мулдан.

– Афтæ уымæн зæгъын, æмæ мæ тудджжынтæм иу уыдис Тæхонты Мулдан, кæцы бæззыдис знагæн дæр æмæ хæларæн дæр. Уый мæ кæнæ акодтаид маргæ, кæнæ бакодтаид мемæ фидаугæ. Ныр амардис уый, баззадысты иннæтæ. Марын уыдонæн æз нæ бакомдзынæн, фидауцы тыххæй та мын уыдон нæ ратдзысты дзуапп. Æмæ бынты-бын куы бадæн!..

Æнкъардæй, уæнгуагъдæй раздæхтис Мулдан. Нал фæкасти иу хатт дæр фæстæмæ, афтæмæй рахызтис Куырттаты æфцæгыл... Исдугмæ йæ хъыримаг хаста йæ къухы, уый дæр мæнæ æнæбары, куыдзæй тæрсгæйæ цъыфæйдзаг лæдзæг дæ къухы куы хæссай, стæй йæ бавæрдта йе ‘фцæджы...

Дыккаг райсом аходæн афон Куырттаты æфцæгыл хурварс лæууыдысты кæрæдзийы раз дыууæ адæймаджы. Иу уыдис ифтонг гæрзтæй, кастис сырддзастæй. Иннæ уыдис уæгъдрон. Æрмæст йæ фарсмæ чысыл æддæдæр зæххыл æнаив æппæрстæй зындис гæрзтæ.

Уым сæмбæлдысты иумæ Тæхонты Мулдан æмæ Пхалæгаты Къомбох. Уырдæм расидтис Мулдан йæ тудджжын Къомбохмæ,

радта йын æууæнк, радта йæм, ронбæгъд уæвгæйæ, йæ къух æмæ дзырдта:

– Мæнæн дзырдтой... Æз æнхъæлдтон, ды фырхъалæй амардтай ме ‘фсымæры, никæй ницæмæ дардтай. Ныр федтон мæхи цæстытæй... Дæумæ хæрзæггурæггаг фæуынмæ чи бацыдис, уый уыдтæн мæхæдæг. Æз федтон дæ зындзинад æмæ дын дæттын ме ‘ууæнк. Цæр, мæ хур, Къомбох, æмæ мын у æфсымæр!

Уæдæй фæстæмæ хъæлдзæгæй æмбæлын райдыдтой Тæхонты Мулдан æмæ Пхалæгаты Къомбох. Цыдысты иумæ стæрмæ æмæ-иу Хъобангомы Фыдуарæн лæгæты кодтой кæрæдзийæн уæздандзинады уæлдай хæйттæ.

Цæгат Ламардоны чъылдыммæ, дзуары найфатæй рæбындæр, Тыбау-Уациллайы хъæд кæй хонынц, уымæй уæлдæр зыны Пхалæгаты Къомбохæн йæ мæсыг. Раст мæскъæн йæ гакъон тигъыл уæйыгау лæууы абон дæр ма уыцы мæсыг æмæ æппæт адæмæн незаманæй нырмæ æвдисæн у, уыцы дыууæ лæджы сæ фæстагæттæн цы фидауц ныууагътой, уымæн.

1923 аз

БÆСТЫРÆСУГЪД

Новеллæ

Салыгæрдæнæй Æрыдоны æхсæн рацæйцыдис дыууæ барæджы, хъал барджытæ.

Иу ныццæфтæ кодта йæ бæхы, æрхъазыд иннæйы рæзты æмæ загъта:

– Ам лæппу ис, ам!

Дыккаг йæ мидбылты бахудт æмæ адзырдта йæ фæдыл:

– Æллæх, æллæх, диссаджы лæппу дзы ис уым! Цæвиттон мын Бæстырæсугъды раз æрхъазынмæ бæззыс. Хъусын дæ хабар, дæумæ, дам, æнхъæлмæ кæсы. Никæмæн комы æнæ дæу. Ха-ха-ха!..

Бæх фæурæдта фыццаг, æмбалы фарсмæ æрлæууыд æмæ къæбут аныхта, ома, дæ бонæй уай.

Фæлæ йæм бынтон æгады бынаты баззайын зын кастис. Ныуулæфыдис æмæ дзуры:

– Æмæ дæм цы диссаг кæсы? Æниу мын куы комид, уæд дзы цы кæнын? Иу хуыскъастæу!.. Мæн нæ хъæуы ахæм ус.

– Мархо дын у, зæгъынц. Ха-ха-ха! – худы та дыккаг.

Афтæ уыдис æцæг. Бæстырæсугъд равзæрдис. Уымæй хъуыстис ахæм хабар:

– Æз нæ хъуыды кæнын, – загъта, дам, уыцы чызг, – уæздан, кæвдæсард,фæрсаг. Æз зонын адæймагæн йæ уды хъару, æмæ мæ фæнды цардæмбалæн æрмæст ахæм æххæст лæппу бацагурын.

Бирæ æвзæрст лæппутæ цыдис Бæстырæсугъдæн йæ къухыл рахæцынмæ. Афтæ йын хуыдтой йæ ном дæр: «Бæстырæсугъд». Чи цыдис чызджы зæрдæмæ, чи– мыггаджы зæрдæмæ йæ уæздандзинадмæ гæсгæ, фæлæ нæ уыдис ахæм адæймаг, йæ фæнд тынг кæй тыххæй атардтаид Рæсугъд, кæнæ мыггаджы æмæ чызджы æвзæрст кæуыл баиу уыдаиккой.

Уыдис ма койы мидæг кæсгон æлдары фырт, кæцымæ тынг бæллаг уыдысты æгас мыггаг дæр, куы нын ракурид нæ Рæсугъды, раттиккам ын æй, зæгъгæ.

Фæлæ уый нæма зындис курæг...

Дардыл айхъуысти чызгæн йæхи сусæг зонд дæр. Æмæ бирæты зæрдыл лæууыдис йæ коймæ гæсгæ Уæлладжыры комы æвзæрст лæппутæй....

Уыдис уалдзæджы тынг. Ног цъæх дарæсæй сфæлыстой сæхи Иры быдыртæ. Хур алы хъулон æрдардта кæрдæджыты, бæлæсты, хохы уæлвæзты, хъæды.

Æхситт æмæ къуыззитт кодтой кæрæдзимæ алы маргъ æмæ бындзыты мыггаг. Ленк кодтой алыхуызон гæлæбутæ хъарм уæлдæфы.

Æмæ уыдис ахæм хабар Бæстырæсугъдмæ.

Кæрты æрхызтис йæ хъал бæхæй уæлладжырон уазæг, усгур уазæг, Канаты Афæхъо.

Ракастысты фысымтæ. Бамбæрстой уазæджы хабар: кæмæй у, кæцæй æрцыдис, цæмæн æрцыдис... Æмæ йыл нæ уыдысты тыхст. Рарвыстой йæм кæстæр кусæджы. Æрфистæг æй кодта æмæ йæ бакодта уазæгдонмæ. Уый фæстæ йæм фысымтæ æрбауадысты «æгас цæуай» зæгъынмæ тагъд-тагъд, мæнæ куыддæр зынæй хæс фидæгау, æмæ уайтагъд фæстæмæ айстой сæхи. Йæ разы лæууыдис æдзух æрмæст кæстæр æххуырст лæппу.

Бады уазæгдоны уæлладжырон усгур лæппу, фыдконд фыдцъылыс Канаты Афæхъо æнкъардæй... Даргъ, хиаирхæфсæн ныхасы цæмæй бацыдаид æнахъом лæппуимæ, ахæмæй йæм ницы

уыдис. Бæстырæсугъдæй йæ истæмæйты бафарстаид, æмæ уанцон нæу – сывæллонимæ ахæм ныхас нæу аив.

Ноджы зындæр байдыдта хонын йæ бынат, æндæр уазæг дзы куы сæмбæлдис, æд фондз фæсдзæуин барæджы, уæд.

Дыккаг уазæг уыди кæсгон æлдары фырт, адæмæн æмбисонды бæллиццаг усгур – Исламаты Рашид.

– Гъе ныр, гъе, – загътой фысымтæ, – мæнæ æрбалæууыдис нæ кæрты адæймаг, кæй хъуыддаг хъæуы кæнын æнæ уæлдай сныхасæй.

Кæрт иууылдæр сси æмызмæлд. Цæрдæг рауай-бауай кодтой дыууæрдæм кæстæриуæггæнджытæ. Уазджытæн хъуыди стыр салам, ахæм уæздан æмсæр уазæгæн ноджы... Бахъыг кодтой фысымтæ, уазæгдоны кæй бадтис Канаты Афæхъо. Аккаг нæ уыдис æлдары фырты уый размæ бакæнын, уый раз æрбадын кæнын. Хъыг дæр ын уыдаид. Æмæ уæд рафснайдтой ног уазæгдонæн æндæр уат æмæ йæ бакодтой уырдæм. Алкæй дæр фæндыдис уазæджы фенын. Хуынчъытæй йæм кастысты сыхæгты устытæ дæр æмæ уыдысты хæлæггæнæг Бæстырæсугъдæн йæ амондмæ. Уынд æмæ конд куыд æмбæлы, афтæ – æлдары фырт... Стæй куыд нæ!

Уæд бадтис иунæгæй йæ уазæгдоны Канаты Афæхъо дæр. Нæ йæм уыдис уымæ ничердыгæй кæсæг. Йæ иунæг æмбал кæстæр лæггадгæнæг дæр рацыдис уымæй æмæ ног уазджытæн кодта лæггад.

Ахæм кадимæ зын кастис фысымтæм бадын Афæхъомæ, рацæуын дæр æй бафæндыд, фæлæ куыд? Цы хуызы? Рацу кæртмæ тæргайы хуызы?.. Бæх, дзаума кæм сты?.. Дзургæ бачындæуа, цæй-ма, мæ бæх, мæ гæрзтæ?.. Нæй афтæ гæнæн. Æнæуи та байрох ис адæмæй Канаты Афæхъо. Нал схъæр кодтаид, чи зоны, нæ усгур йæ хабар дæр, фынг куы федтаид, йæ фæстæ ацæуæн кæмæн фæуыдаид– æфсон, кæннод тæргайы хуызæн цыдис хъуыддаг. Ардыгæй райсоммæ та уый ам кæм бадтаид...

Æмæ æрымысыдис Канаты Афæхъо йæ фæндыр. Ахæм æнцад, æнæхъыгдаргæ рæстæг фæндыр уымæн уыдаид удфæлæууæн хос. Фæндыræй та афтæ арæхсгæ цагъта Афæхъо, æмæ-иу цæгъдгæ-цæгъдын фынæйау бацис...

Уæд сыстадис йæ бадæнæй Афæхъо. Уæнгтæ айвæзта, уатæн иннæ къулы размæ бацыдис, фæстæмæ тезгъогæнæгау фездæхтис...

Æмæ уæлæ къулыл, чъылдымырдыгæй, ауыгъд фæндыр. Цырдгомау бауадис Афæхъо фæндырмæ, райста йæ, абадтис, æмæ алы æвзагæй уасын райдыдта фæндыр. Цагъдæн æнгом ифтонг æмбал æрбалæууыдис Афæхъойæн йæхи хъæлæс.

Æмæ æмбисæндтæ æвдыста зард. Цыма-иу сæдæ алыхуызон хъæлæсы баиу сты, адард сты, æрзылдысты-иу дæрдтыл, къуымты, быдырты, хæхтыл. Куы-иу адард сты хъæлæстæ, уæд-иу фæсындæгдæр ис сæ тых.Куы-иу разылдысты, уæд та-иу тыхджынæй-тыхджындæр райдыдтой хъуысын. Бæрæг уыди, дымгæ дæр сæ радав-бадав куыд кодта, куыд сæ-иу фæмынæг кодта рæстæггай.

Нал баззадис æгас сыхы ахæм адæймаг, – стырæй, чысылæй, нæлгоймагæй, сылгоймагæй, – зард æмæ цагъд фехъусгæйæ уырдæм чи не ‘руади хæстæг. Кæм сусæгæй, кæм æргомæй се ‘ппæт дæр хъуыстой уазæгмæ.

Уæд баззадис иунæгæй, уаты бадгæйæ, æлдары фырт Исламаты Рашид. Йæ лæггадгæнджытæ дæр айстой сæхи кæрты æндæр къуымтæм æфсонмæ-’фсонты, бахъуызыдысты хæстæг уазæгдоны размæ. Æмæ хъуыстой уыдон дæр...

Æппынфæстаг нал фæрæзта æмбæхстæй фæндырдзæгъдæгмæ хъусын Бæстырæсугъд, æмæ уый дæр æргом рацыдис йæ размæ.

Ничиуал æрхъуыды кодта, куыд рацыдис кæсгон æлдары фырт æд лæггадгæнджытæ æмæ куыд араст йæ хæдзармæ. Рох аззадис фысымтæй куыддæр, æмæ никæйуал зæрдыл æрлæууыдис.

Федта, цæсты зулæй ракæсгæйæ, Рæсугъды Афæхъо, Канаты Афæхъо. Æдде бакæсгæйæ нæ равдыста ницы уæлдай хуыз, кæнæ уæлдай æгъдау.

Фæлæ æндæр фæивта ныр фæндыры æвзаг. Сындæгдæр, уынгæгдæр хъæлæсæй фæмынæгдæр сты ныр æваст. Хъырнын фæлæмæгъдæр ис.

Лыстæгæй, зæрдиагдæрæй ныхъхъусын кодта фæндыр Бæстырæсугъды. Цæстытæ фæтар сты. Сæры фæрстæ, уадултæ ссыгъдысты куыддæр. Буарыл цыма хуынчъытæгæнгæ дымгæ абалц кодта, уыйау уыдис. Фынæйау ацис Рæсугъд куыддæр.

Æмæ мæнæ диссаг! Удæгас адæймагау дзурын байдыдта фæндыр Бæстырæсугъдмæ. Бæлвырд-бæрæгæй дзы хъуыста чызг ахæм ныхæстæ:

«Цæй-ма, цæй-ма, Бæстырæсугъд. Нæ цæрын мæхæдæг, нæ

цардысты мæ фыдæлтæ искæй фæллойæ. Сæрмагондæй æз дæн алцæмæй сыгъдæг. Цæй-ма, цæй-ма, æз дæумæ дзыназын. Райста дæ мæ зæрдæ. Хъару æмæ уарзынæй куы дæн æз бæгъатыр. Мæ разы дæ куы уынон, дуне æгасæй куы ныйих уа, гъе уæддæр уым махæн нæ уыдзæнис зын. Цыргъ дасы мæ цæвæг. Фæлдахы мæ фæрæт. Нæ риссы къæйдуртыл мæ къах. Акæс-ма быдыртæм: куыд цин кæнынц мæргътæ. Рæвдауы уæгъд уæлдæф зæрдæйы. Уым хъазы нæ хур дæр, æрттивы нæ хæхтыл. Уый байдзаг нын кæны хъаруйæ нæ уæнг. Цæй-ма, цæй-ма... цардæмбалæн дæ куы агурын. Фæтасæд дæ зæрдæ. Айс æмæ мын бахъахъхъæн ме ‘ууæнк, мæ цард æмæ зæрдæйы æнцойад».

Æррайау уыдис уæд Бæстырæсугъд.

Æмæ барвыста уазæгмæ – уæлладжырон Канаты Афæхъомæ – фæндондзинады ныхас.

1928 аз

АРВИСТОН

ЦИТАТÆТÆ

* * *

Æз хуымæтæджы ирон мæгуыр лæг дæн, мæ дин у, фыдæлтæ мын кæй ныффæдзæхстой, уыцы табуйаг æгъдау, мæ Хуыцау та – мæ сыгъдæг цæсгом.

* * *

Ирон лæг галуæрдонæй фæцæуы хъæды астæу. Абырджытæ йæм топпæргъæвдæй рагæппытæ кодтой. Йæ бон у галтæ ныууадзын æмæ йæ сæр бафснайын. Куыннæ стæй! Йæ сæр бафснайыны бæсты семæ схæцыд. Ома, хъæбатыр у кæнæ йæм йæ галтæ æвгъау кæсынц, уый тыххæй нæ, фæлæ тæрсы: йæ галтæ йын куы байсой, уæд йæ худинаг айхъуысдзæн. Фæлтау абырджытимæ хæсты мæлæт ссары.

Ирон лæг æцæгæлон адæймаджы йæ хæдзармæ æрбахоны æмæ йæ хорз фены. Æнхъæлут, æххормаджы бафсадыны тыххæй? Нæ, йæ хъуыды бынтон æндæрыл у – кæддæр æмæ кæмдæр йæ уазæг раппæлдзæни: Тотырадз кæнæ Сослæнбеджы хæдзары мын цæй уынд фæкодтой! Кадылмард фысым.

Хæсты быдыры ирон лæгæн йе ‘мбæлттæ размæ куы бырсой, уæд æй нæ бафæнддзæн кæмдæр фæсчъылдымы бæхтæрæгæй баззайын. Цыфæнды тæппудæй дæр хæсты быдырмæ тындзы: «Æз иннæтæй æгуыдзæгдæр дæн? «Фæсте бамбæхсти» хъуамæ зæгъа мæнæй исчи? » Худинаг.

Ирон лæг йæ фæстаг стуры аргæвды хистæн æмæ гæвзыккæй баззайы. Уæдæ! Адæм афтæ куы зæгъой: «Йæ мæрдтæ цы бахæрой, уый сын нæй». Худинаг.

(...) Иу хохаг хъæуы уыди хъазтизæр. Кафгæ-кафын Пецойы комдæлбос аскъуыд æмæ йæ хæлаф æрхауди. Худинаг! Уыцы бонæй фæстæмæ Пецойы цард цард нал у. Адæмы æхсæн кæм фæзына, уым исчи æнæмæнг зæгъдзæн:

– Æллæх, æллæх, Пецо, дæ хæлаф...

Пецойы хæлафы хабар æгас комбæстыл айхъуысти. Пецойæн æндæр хъæумæ ацæуæн нал ис, уымæн æмæ фехъусдзæн:

– Æллæх, Пецо...

Дæс æмæ ссæдз азы рацыд уæдæй ардæм, фæлæ Пецойæн адæмы æхсæнмæ рацæуæн нæй: «Æллæх, Пецо...»

Иу джимиаг кæддæр заман суадоны фæмызта. Уæдæй нырмæ джимиаджы куы бафæрсай: «Кæцон дæ?», уæд дын «Джимийæ» никуы зæгъдзæн, уымæн æмæ йын бафидис кæндзысты: «А, мæнæ суадоны чи фæмызта, уыдонæй дæ?»

Худинаг адæмы царды мидæг домбай хотых у, æрмæст, хотых кæцырдæм саразгæ у, уый зонын хъæуы. Æмæ уыцы хæс интеллигенцимæ хауы æмæ сын уымæй ахсджиагдæр куыст нæй. Худинаг куыдфæстæмæ сæфын райдыдта ирон адæмы æхсæн. Уырыссаг революци худинаг æмæ æфсарм не ‘мбары, фыдызнæгтыл сæ нымайы, афтæмæй та уыдон хъуамæ йæ ахсджиагдæр цæджындзтæ уаиккой.

(...) Мах йæ заманы историон материализм ахуыр кодтам æмæ зонæм: æууæлтæ куы нæма сæвзæрой, афтæмæй куы райса пролетариат хицаудзинад, уæд додойаг – йæ сæр. Додойаг разындысты уырыссаг адæм. Уæрæсе дыууæ дихы фæцис – сырхытыл æмæ урсытыл. Ныртæккæ урсытæ хойынц сырхыты, чи зоны, суанг сæ Мæскуыйы онг фæтæрой. Стæй та уæвæн уыдзæн, æмæ сырхытæ сæ хъæлæсы рахæссой урсыты. Уыцы тох кæдмæ цæудзæн, уымæн чи цы зоны? Уырыс фондзыссæдз милуаны сты. Дæс милуаны сæ куы фæхъæуа, уæддæр ма дæс æмæ цыппарыссæдз милуанæй баззайдзысты. Махæй та мин куы фæхъæуа, уæддæр ныл тынг фæзындзæн. Нæдæр урсытæ, нæдæр сырхытæ хорзæй ницы æрхæсдзысты махæн. Урсытимæ нæ хъуыддаг нæ ацæудзæн – хохаг адæмтæн цагъар йеддæмæ ницы æрхæсдзысты. Уæдæ нæ хъысмæт большевиктимæ бабæттын та бынтон æнæсæр хъуыддаг разындзæн. Цы нын æрхастой большевиктæ? Æддæг-мидæг ауадыстæм, æмæ нæм керменисттæ фæзынди. Чи сты керменисттæ? Пролетартæ дæр ма куы уаиккой, фæлæ люмпен-пролетартæ: æнæхæдзæрттæ, хуыснæджытæ, стигъджытæ, разамынд та сын дæттынц алыхуызон фæлитойтæ, стæй дыууæ-æртæ æвзонг студенты: сæхицæй политикон архайджытæ ацаразынмæ бацыбæл сты. Адæмы туг дызæгъ-мызæгъы парахатæй кæлы. Дыгуры керменистты куы бафарстой, бадилаты ныхмæ карз тох цæй охыл самадтат, зæгъгæ, уæд сæ

бон бацис æрмæст иунæг дзуапп раттын – цæуылнæ, дам, ныл æрвæссынц æмæ нын сæ чызджыты моймæ цæуылнæ дæттынц...

Хохæгтæ æмæ коммунистон идеологи кард æмæ фыдæй уæлдай не сты, сæ баиу кæныны хъуыды æрмæст æдылыйы сæры сæвзæрдаид. Æмæ уыцы сæрхъæн хъуыды цас рæвдздæр аппарæм, уыйас хуыздæр уыдзæни.

Цæлыккаты Ахмæт
Скъуыддзæгтæ роман
«Æфсымæр æфсымæрæн сызнаг»-æй.

* * *

Арæх фæзæгъынц: Уæрæсейæн йæхи фæндаг ис. Уыцы нымхас æз не ‘мбарын. Афон у, цавæр культурæмæ хауæм, уый сбæрæг кæнынæн. Уырысы историйы 800 азы дæргъы, Александр Невскийæ райдайгæйæ, нымадтой, Ныгуылæн не знаг у, зæгъгæ. 300 азы дæргъы уырыссаг кънйæзтæ æппынæдзух Ордамæ згъордтой, сæ бæстæйы знæгты – манголты-тæтæры – пайдайæн куыстой. 800 азы дæргъы Уырыс цæдисæмбалæн æвзæрста Ныгуылæн нæ, фæлæ Скæсæн. Ныр дæр, дипломатон худтытæ кæнгæйæ, сусæгæй нымайæм: Ныгуылæн не знаг у. Æмæ уыциу рæстæг лæгдыхæй архайæм, цыма европæйæгтæ стæм, нæхи афтæ æвдисыныл. Петр Фыццæгæм, карз мадзæлттæ аразгæйæ, Уæрæсейы раздæхта, уырыс кæцæй рацыдысты, уыцырдæм, ома Европæйырдæм. Æмæ нын равзарын афон у. Кæд скæсæнырдæм цæуæм, уæд хъуамæ нæ диныл нæ къух ауигъæм æмæ суæм пысылмæттæ... Кæд чырыстæттæ стæм, уæд та хъуамæ суæм европæйæгтæ. Нæхи фæндаг нын нæй, нæхи фæндаг нæ сæфтмæ кæны.

(...)

Дæвдтыты æмæ стыр экономикон фыдракæндты, стæй, паддзахадон бынаты кусгæйæ, хирдæм ссивыны тыххæй Китайы марыны тæрхон рахæссынц. Фæлæ Китайы тыхми кæмæн бакæнынц кæнæ кæй амарынц, уыцы сывæллæтты процент, Уæрæсеимæ абаргæйæ, у 100 хатты къаддæр. Мах та сабиты марын æмæ сын тыхми кæнынæй дыккаг бынат ахсæм – Хуссар Африкæйы фæстæ. Афæдзы дæргъы 1500 адæймаджы! Æвирхъаудæр хабар ма цы уа? Ахъаззаг хæлд фæкодтам, ахъаззаг! Æз афтæ хъуыды кæнын: сывæллонæн тыхми чи бакæна кæнæ йæ

чи амара, уымæн æвæстиатæй рахæссын хъæуы марыны тæрхон. Стыр дæвдтыты тыххæй, чи зоны, марын нæ хъæуы, фæлæ ахæм къæрных хъуамæ ахæстоны иу 20 азы абада. Стæй йын йæ исбон дæр æнæмæнг байсын хъæуы. Ныртæккæ, æвæдза, махмæ цас адæм ис, йæ бынатæй пайда кæнгæйæ, паддзахадæй миллиардтæ чи адавта, ахæмтæ! Уыдоны æрмæст сæ куыстæй арвитынц, æндæр сæ хъыгдарæг нæй. Уый куыд у, уый? Адæймаг Мидхъуыддæгты министрады кæнæ хъалонтæ бæрæггæнæг инспекцийы кусы, афтæмæй адавта 50 милуаны... Кæм куыста, уым фæзæгъынц: «Ам нал кусы». Афардæг Эмираттæм. Хорз тæрхон ын рахастой, нæ?!

Андрей Кончаловский
АиФ, 2013, № 15

* * *

Ног буржуазон хицауад цыма коммунизмыл йæ къух ауыгъта, хъоды йыл бакодта, афтæ нæм кæсы. Фæлæ иттæг зæрдиагæй пайда кæны Коммунистон партийы мадзæлттæ æмæ лозунгтæй, зæгъæм, «адæм æмæ парти иу сты», зæгъгæ, уымæй. Кæнæ «партийы коллективон зонд» кусы Уæрæсейы фæрныг цард саразыныл. Гъемæ рагæй-фæстæмæ æууæндаг адæмы уырны, Паддзахадон Думæйы æхсæвыгæтты депутатты рудзгуытæй рухс кæй фæкæлы, уый (Кремлы Сталины рæстæг куыд уыд, афтæ), стъолы уæлхъус та бадынц «адæмы хæлæрттæ», æмæ сæ хид кæлы, бастадысты, ног закъонтыл кусгæйæ. Фæлæ уыцы закъонæвæрджытæн фæсарæнты æмбæхст галуантæ æмæ банкты дуне æхца кæй ис, уый та сын æнæнхъæлæджы рауади, сæ мæцъæлтæ – сæхи! «Рæстæг рацæудзæн, æмæ алцыдæр йæ гаччы сбаддзæни...»

Вячеслав Костиков
Аиф, 2013, №15

Редакцийæ: Цæвиттон, уæрæсейæгтæ, разæй та уæм рухс фидæн æнхъæлмæ кæсы æмæ уал фæразут! Къостайы æмдзæвгæ «Сидзæргæс»-ы мад йæ хъæбултæн зæрдæтæ куыд æвæры, раст афтæ: «Абадут!.. Фæуыдзæн алкæй дæр йæ фаг...»

ЗОНИНÆГТÆ

✦ Гæды искæцæй куы рахауы, уæд æдзухдæр йæ дзæмбытыл абады, зæгъгæ, уыцы хъуыды раст нæу. Цас ныллæгдæрæй рахауа, уыйас ын тæссагдæр у йæхи ныццæвынæй кæнæ фæмард уæвынæй. Цас бæрзонддæрæй рахауа, уыйас та йын фылдæр фадат вæйиы йæ дзæмбытыл абадынæн æмæ удæгасæй баззайынæн.

✦ Кæрчытæн сæ галиу хъусты цы хæлын ис, уый тæнæгдæр у рахиз хъусты хæлынæй. Уымæ гæсгæ галиу хъустæй арæхдæр хъусынц.

✦ Фæткъуыйы мыггæгтæ маргхъæстæ сты, иуцасдæр дзы синилон туагад кæй ис, уымæ гæсгæ.

✦ Филиппинты бæстæйы тырыса у æртæтигъон урс хъуымац, ис ыл хур æмæ стъалыты нывтæ, стæй дыууæ уаццаджы – æрвхуыз æмæ сырх. Уаццæгтæн ивд æрцæуынц сæ бынæттæ: хæсты рæстæг сырх уæле вæйиы, цъæх та – бынæй.

✦ Адæймаджы буары стджытæн сæ тæккæ къаддæр ис йæ хъусы.

✦ Иуæй-иу гæккуыритæ сæ къæдзилтæ куы аппарынц, уæд сæ бахæрынц.

✦ Сыкъаджын гæккуыри кæй хонынц, уый тугдзых знагыл куы амбæлы, уæд йæ цæстытæй рауадзы туджы цыхцырæг, аххæссы йын 120 сантиметры. Уый йын куыд бантысы? Йæ уæлтъыфалты алыварс цы лыстæг тугдадзинтæ ис, уыдон нылхъивы, æмæ куы аскъуыйынц, уæд туг цæстытæй ракæлы.

✦ Дзырд «рубль» равзæрди дзырд «рубить»-æй. Новгороды-иу æвзисты къæртт цыппар дихы фæкодтой æмæ-иу дзы рауади рубль.

✦ Тигрæнгæс акулæйæн йæ бон у, доны цыдæриддæр ис, уыдон хæрын. Иу ахæм акулæйы ахсæны ссардтой автомобилы резинæ цалх, зæгæлтæй дзаг голджытæ, сæрак пæлæзтæ, консервгонд кæсæгты зестын къоппытæ, къухылдаргæ сахæттæ æмæ машинæйы номыртæ.

✦ Хæлуарæджы цыллæ æндах натуралон æмæ кæнгæ фæскъæуттæй, стæй суанг æндонæй дæр фидардæр у.

✦ Гомцæстæй æрæхснырсæн ницы хуызы ис.

✦ Æппæтæй цыбырдæр хæст уыди 1896 азы Занзибар æмæ Стырбританийы æхсæн. Занзибайрæгтæ знаджы къухмæ сæхи радтой 38 минутмæ.

✦ Зынггур гæлæбутæй иуæй-иутæ цæрынц айдагъ цæссыгтæй – адæймаджы, мæргъты æмæ æхсырдæйты цæссыгтæй.

✦ Къæцæлты æххуысæй хæрын пайда у! Къæцæлты æххуысæй цы адæймаг хæры, уый скусын кæны, йæ къухы нуæрттæ æмæ бынæттæй цæрынæн иттæг ахсджиаг чи у, уыдонæй дыууиссæдзы бæрц.

✦ Варшавæйы ис, Винни-Пухы ном чи хæссы, ахæм уынг.

✦ Креветкæйæн йæ зæрдæ ис йæ сæры.

✦ Цæстытæ ныкъулынæн адæймаг минуты дæргъы хардз кæны 6 секунды.

✦ 1949 азы америкаг боксер Гус Вальдорф хæцыд арсимæ. Фæуæлахиз арс – спортсменæн нокаут скодта.

✦ Дунейы æппæты тæссагдæр цадыл нымад у, Сицилийы сакъадахыл чи ис, уый. Йæ ном дæр Мæлæты цад хуыйны. Ис дзы тынг концентрацигонд сондоны туагад.

✦ Каркæй айкæй раздæр чи фæзынд? Айк. Мæргътæ репти-

литæй равзæрдысты. Уæдæ рептили цы айк æрæфтыдта, маргъ уымæй рахызти.

✦ «Худынгæнæг дидинæг» – афтæ хуыйны Аравийы сакъадахыл иу зайæгой. Йæ мыггагмæ ахæм тых ис, æмæ адæймаджы æнæ исты æфсонæй фæхудын кæны 30–35 минуты, стæй йæ бафынæй кæны. Бынæттон адæм «худынгæнæг мыггæгтæй» пайда кæнынц, дæндаг куы фæриссы, уæд.

ÆМБИСÆНДТÆ, ЦАУТÆ

Цард æрцыд æмæ – усымадæн

Иуахæмы усымад къуырийы æмгъуыдмæ йæ сиахсы хæдзармæ æрцыди, фæлæ сæм æнæхъæн мæй баззад. Арæх-иу загъта:

– Ам мæм тынг хорз кæсы.

Æрыгон бинонтæ тыхсын байдыдтой, æмæ дзы куыд фервæзой, ууыл тæрхæттæ кодтой. Æмæ фæстагмæ æрцыдысты иу хъуыдымæ.

– Абон дын æз хъæрмхуыпп æрбахæсдзынæн, – загъта сылгоймаг йæ лæгæн, – æмæ-иу ды загъд самай, дæ хæринаг æгæр цæхджын у, зæгъгæ. Æз та ныффæрск уыдзынæн: æгæр цæхджын нæ, фæлæ цæххъуаг у. Мад демæ куы сразы уа, уæд æз мæстæй цæхæртæ акалдзынæн æмæ йын зæгъдзынæн, ацу нæ хæдзарæй, зæгъгæ. Кæд мæ ныхасыл сразы уа, уæд та-иу ды самай загъд æмæ йын-иу зæгъ, дæхи айс ардыгæй, зæгъгæ.

Хъæрмхуыпп æрбахастой. Загъд-замана йæ тæмæны бацыди, фæлæ усымадмæ уый ничердыгæй хъары. Фæстагмæ йæм йæ чызг нал фæлæууыдис æмæ йæ афарста:

– Мамæ, раст-ма зæгъ, хъæрмхуыпп æгæр цæхджын у æви æдзæхх?

Зæронд ус йæ уидыг тæбæгъы атъыста, хъæрмхуыппæй сахуыста, иуцасдæр æнæдзургæйæ аззади, стæй афтæ:

– Хæрзад хъæрмхуыпп у!

Æвзаг æмæ цæст

Иу лæг йæхинымæры ард бахордта, ныræй фæстæмæ дыууæ хъуыддаджы фидарæй æххæст кæндзынæн, зæгъгæ. Фыццаг: иунæг цардæгас удæн дæр зиан не ‘рхæсдзынæн, дыккаг: гæды ныхас никуы зæгъдзынæн.

Хъæдмæ ацыди, бæласы бын йæ зонгуытыл æрлæууыд æмæ Хуыцауæй куры, баххуыс мын кæн, цæмæй мæ ардбахæрд ма фехалон, уый тыххæй, зæгъгæ. Уалынджы дын йæ рæзты иу рæсугъд саг куы ‘рбазгъорид – цуанæттæ йæ сырдтой. Цалдæр секунды фæстæ цуанæттæ дæр фæзындысты. Лæджы фæрсынц, саг чердæм алыгъди, зæгъгæ.

Лæг æваст сагъæсты аныгъуылд. Афтæ куы зæгъа, «саджы федтон», уæд йæ фыццаг ардбахæрд фехалдзæн, уымæн æмæ цуанæттæ саджы амардзысты. «Ницы федтон» куы зæгъа, уæд та йæ дыккаг ардбахæрд фехалдзæни. Чысыл ахъуыды кодта, стæй гæрзифтонг цуанæттæм дзуры:

– Уынгæ цы цæст кæны, уый дзурын нæ зоны. Дзургæ цы ‘взаг кæны, уый уынынхъом нæу.

«Ай æдылы цыдæр у», – ахъуыды кодтой цуанæттæ æмæ дарддæр азгъордтой.

Рæсугъдтæ æнамонд цæмæн сты?

Успаддзах Шримала дын, йæ галуаны цы Куырыхон лæг цардис, уый куы бафæрсид:

– Рæсугъд сылгоймæгтæ фылдæр хатт æнамонд вæййынц. Цæмæн афтæ у?

Лæг ын дзуапп радта:

– Æддаг бакастæй рæсугъд вæййынц æмæ фылдæр сæ фидауцыл фæхъуыды кæнынц. Ахæм сылгоймагæн йæ зæрдæ зыд æмæ кæрæф у. Æмæ цыма йæ фидауц базайраг у, уыйау æй стырдæр аргъыл ауæй кæнынмæ фæтырны. Гъемæ йæ уды бынат нал баззайы искæмæн хорзы бацæуыны миниуæгæн. Амонд та дидинæгæй уæлдай нæу – гæвзыкк мæры нæ зайы.

– Хъæздгуытæ удæй афтæ цæнкуыл цæмæн вæййынц? – бафарста та успаддзах.

– Цæнкуыл, сахъат адæймаг фæразондæр у, стæй тырныны, цæрыны монцæй ифтонгдæр у æмæ йын, ай-гъай, фылдæр æнтысы – хъæздыг дæр уый руаджы свæййы. Фæлæ бонджынтæй алкæмæн нæ бантысы йæ бирæ мулкæй раст пайда кæнын. О, фæлæ, паддзах, ды уыдæттæй цæмæн фæрсыс? – загъта Куырыхон лæг. – Хъуыды кæн Хуыцауыл, искæмæн хорзы цæуыныл, хæларзæрдæ уæвыныл. Уæд амондæй дæр хайджын уыдзынæ æмæ мулкæй дæр.

Зындон æмæ дзæнæты дуæрттæ

Иухатт Куырыхон лæгмæ иу хæстон бацыд æмæ йæ фæрсы, зындон æмæ, дам, дзæнæт цы сты.

– Æмæ дæхæдæг чи дæ? – бафарста йæ Куырыхон.

– Самурай, – дзуапп радта хæстон.

– Самурай, зæгъыс?! – фæхъæр ласта Куырыхон. – Æмæ дæ цавæр паддзах райста хъахъхъæнæгæй йæхимæ? Дæ мукъу мæгуыргуры мукъуйы хуызæн куы у!

Самурайæн йæ маст рафыхт æмæ йæ кардмæ фæлæбурдта.

– Акса-ма! Кард дæр дæм куы ис, – дзырдта дарддæр Куырыхон. – Æвæццæгæн, дæ кард дæр дæхи хуызæн къуымых у! Ахæм кардæй сæнчы къоппа дæр нæ ахауын кæндзынæ!

Самурайæн фырмæстæй йæ цæстытæ цæхæр акалдтой æмæ кардæлвæстæй зæронд лæджырдæм бакъахдзæф кодта. Куырыхон æм æнцад-æнцойæ каст æмæ йæ мидбылты худти. Стæй загъта:

– Мæ къона, афтæ байгом вæййынц зындоны дуæрттæ.

Самурай фæуыргъуыйау, йæ бынаты сагъдауæй баззад. Йæ кард йæ кæрддзæмы нытътъыста æмæ, мидбылты бахудгæйæ, Куырыхонæн сæрæй ныллæг акуывта.

– Мæ къона, афтæ та дзæнæты дуæрттæ байгом вæййынц, – загъта Куырыхон лæг.

Ахъазгæнæг Хуыцау

Зондджын зæронд лæджы иу æфсæддон бафарста:

– Адæймаг исты æззæр куы ракæна, уæд ын Хуыцау йæ тæригъæд ныббардзæни?

– Зæгъ-ма, мæ хур, дæ пæлæз куы аскъуыйа, уæд æй аппардзынæ? – фæрсы зæронд лæг.

– Цæмæн? Бампъуздзынæн æй æмæ та йæ дардзынæн.

– Уæдæ Хуыцау Йæхи æнгæс цы адæймаджы скодта, ууыл хъуамæ Йæ къух куыд ауигъа? Хуыцау адæймагæн фадат ратты йæ рæдыд сраст кæнынæн.

ТÆФÆРФÆС

БАСИТЫ МИХАЛ

4-æм июны йæ цардæй ахицæн ирон фысджыты хистæртæй иу – Баситы Афанасийы фырт Михал.

Михал райгуырди 1920 азы Алагиры. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ фæсауюнмæ ахуыр кæнынмæ бацыди Ростовы университеты филологион факультетмæ. Куыста районы газет «Раздзоджы». Уыцы иу рæстæг ахуыр кодта аэроклубы дæр. 1939 азы йæм фæсидтысты Сырх Æфсады рæнхъытæм. Каст фæци Иркутскы авиацион-техникон училищæ æмæ кусын райдыдта Омскы хæстон тæхджыты авиацион училищæйы. 1941 азы декабрæй фæстæмæ хæстон-уæлдæфон æфсæдты рæнхъыты хæцыди Фыдыбæстæйы Стыр хæсты бирæ фронтты. 1945 азы мартъийы кæрон Берлинмæ æввахс карз хæсты уæззау цæф фæцис æмæ йæ Сырх Æфсадæй рауагътой. Йæ хæстон сгуыхтыты тыххæй йын læвæрд æрцыди Фыдыбыстæйы хæсты 1-аг къæпхæны орден æмæ майдантæ.

1974 азæй фæстæмæ Михал уыди Советон Цæдисы фысджыты уæнг.

45 азы бæрц Басийы-фырт фæллой кодта мыхуыры оргæнты. Куыста бæрнон секретарæй газеттæ «Молодой коммунист» æмæ «Рæстдзинад»-ы, уыди журнал «Мах дуджы» поэзи, прозæ æмæ драматургийы хайады хицау, стæй альманах «Литературная Осетия»-йы бæрнон секретарь.

1964 азы мыхуыры рацыди фыссæджы фыццаг чиныг «Лæгæй лæгмæ».

Михал ноджы у уацаутæ «Хæдзарвæндаг», «Æрфæны фæд», «Хъанæмæт æмæ Азæмæт», «Тохы зарæг», «Зæрдæты дугъ», «Зноны рухс», «Рын» æмæ æндæр уацмысты автор.

Баситы Афанасийы фырт Михалы рухс ном махæй рох никуы уыдзæни.

«Мах дуджы» кусджытæ

Цъары фæрстыл:

2. Æрдынæг «Ташук Таш» Китай.

3. Æрдынæг Китайы.

4. Æрдынæг. АИШ.

* * *

Корректор	*Заира КАРАЦЕВА*
Дизайн	*Залина ГУРИЕВА*
Компьютерная верстка	*Ирида КОДЗАТИ*
Компьютерный набор	*Марина КИРГУЕВА*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 25.06.13. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1100 экз. Заказ № 346. Цена свободная. Выход из печати 3 июля 2013г.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.

E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.

Тел.: гл. редактор – 25-09-64; отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.



Индекс 73247